Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

## *Салам, школа!*



**5/2019**

**сентябрь - октябрь**

# "ХъахIал къункъраби"- 2019







# ГЪУДУЛЛЪИ



**КӀиго моцӀида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературияб- гун художествияб ва жамгӀияб- гун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХӀамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**5**

**2019**

**сентябрь - октябрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетӀерав редактор**
Мурад МухӀамадович АхӀмадов

**Жавабияв редактор**
МухӀамад ПатахӀов

**Жавабияй секретарь**
ТубхӀат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухӀамад АхӀмадов,
МухӀамад ГӀабдулхӀалимов,
МухӀамад МухӀамадов,
КъурбанмухӀамад МухӀамадов,
ПатӀимат ГӀабдурахӀманова,
Залму Батирова,
МухӀамад ХӀамзаев,
МахӀмуд-Апанди МухӀамадов,
ГӀайшат Малачиева,
ГӀайшат ГӀалиева,
ХӀамзат ГӀизудинов,
МухӀамадрасул ГӀумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ РАГIИ**

**М.ПатахIов.** КIиго жо лъаларел чагIи гIемерлъун руго.......3

**ЦIИЯЛ КУЧIДУЛ**

**ХI.ГIизудинил**. МагIарул халкъ, дур ругънал.......5

**ПРОЗА**

**ХI.Сайпуев**. КантIи *(къисаялъул кесек)*.......19
**ГI.МухIамадов.** Дада *(хабар)*.......28
**Ш.Хъазанбиева.** ГьитIинав гIачивехьасул швантIихалъул саринал *(хабар)*.......35

**ГЬАЛБАДЕРИЛ ПИКРАБИ**

**А.Проханов.** Дир Дагъистан.......43

**МУХIАМАД ТАНКАЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 100 СОН**

**ГI.ХIажиев.** Жиндирго бажариялъ борхалъуде вахана.......51

**АДАБИЯТГИ ГIУМРУГИ**

**М.Набигулаева.** Расул ХIамзатовги МухIамад Сулимановги.......56

**ПЬЕСАБИ**

**ГI.Керимов.** Божизе захIматаб лъугьа-бахьин.......61

**ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Зодове воржинаан.......74

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**Мирза Давыдов.** КучIдул.......80

**ГIАДАМАЛ, ГIУМРУ, КЪИСМАТ**

**ГI.Аварский.** ГIабдурахIим дибир.......84

**КУЧIДУЛГИ БАКЪНАЛГИ**

**М.АхIмадов, И.Ибрагьимов**.......87

**ЦIАЛДОЛЕЗУЛ ЖУГЬАБИ**

**ГI.ГIусманов.** РакIалде щола.......90

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

**Т.СагIидов.** Хъаз-рагъухъан.......93


---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №5 2019 г.**
*сентябрь - октябрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 3.10. 2019 г.
Тираж 1088 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 440 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул рагIи

## КIИГО ЖО ЛЪАЛАРЕЛ ЧАГIИ ГIЕМЕРЛЪУН РУГО

Дие цIакъ бокьун буго Олимпиялъул хIаязул чемпионасул цIар щвезе. Гьас бицунеб щибин, бетIер сверун бугин гьасулин абулеблъиги лъала дида. Лъала дида гьединго, гьеб цIар щвезе ккани, Олимпиялъул къецазда бергьенлъи босизе кколеблъиги, гьелде щвезегIанги споpталда лъикIа-лъикIал церетIеял рукIине кколеблъиги. БукIаниги, рада-радал гIиси-бикъинаб зарядка гьаби тун батIияб спорталъулгун кинабгIаги гьоркьоблъи гьечIониги, бокьун буго дие гьеб тIадегIанаб цIар. Бокьиялъе гIиллаги буго, нижер Хунзахъ районалда жеги Олимпиялъул хIаязул чемпион гьечIелъул, гьевлъун дун вукIине кколин, цIакъ кIудияб анищ ахирал соназда дилъ бижи.

Доб дица рада-радал гьабулеб гIиси-бикъинаб зарядкаялъулгIанасеб гурони литератураялда цебетIей гьечIел, гьединаб гурони жидер хъвай-хъвагIай гьечIелщинал руго гьанже Дагъистаналъул халкъиял шагIирзабазул цIаралги, цIар бугел премиялги, гьелда релълъанщинабги балагьулел, босулел. Жал гьеб даражаялде рахун ругодаян пикру гьединаз гьабулебцин батиларо. Гьабизе регIунищха гьел рукIунелги, цебе лъураб мурадалде, щиб рес батунги, унел рукIин гурони. Жидее халкъиял шагIиразабазул цIарал кьезе ккеялъе аслияб гIиллалъунги гьединаз рикIкIунеб буго, жидер гьунар-махщел букIин-букIунгутIи гуреб, жидер районалда жеги халкъияв, яги халкъияй шагIирал гьечIолъи. Гьелъ буго дица абулебги, пуланаб районалда чара гьечIого халкъиял шагIирзаби рукIине кколел ратани, Олимпиялъул хIаязул чемпионалги рукIине щай бегьуларебин гьел гьечIел районазда.

КигIанасеб къадаралъ дун Олимпиялъул чемпионлъиялдаса рикIкIад ватаниги, гьедигIанго рикIкIад руго гьел хIакъикъаталда борцун балагьани, халкъиял шагIирзабаздсаги. Жалго мурадалде щвеялъеги гьединаз тIубараб район хIалае бахъинабун, республикаялъул бутIрузе бизарлъизабун, чIалгIинабун гьабулеб буго хIалтIи. Ва аммаха цIараз гьунар бачIинабуларо. Халкъиялилан ругел гIадамазул халкъалда лъалеб, халкъалъ къабул гьабураб, кIудияб асарни абизего абиларин, цо кечIгIаги букIине ккеларищ? Нилъеда гIезегIан лъикI лъалаан батIиял миллатазул халкъиял хъвадарухъабазулги шагIирзабазулги АхIмадхан Абу-Бакарил, Анвар Аджиевасул, Юсуп Хаппалаевасул, Шагь-Эмир Мурадовасул ва цогидазулги асаралцин. МагIарулазда гьоркьобцин цо машгьураб кечI гьечIел чагIи Дагъистаналъулго халкъиял кин рукIунел?!

Гьел цIаралги премиялги щведал, Аллагьасе реццги гьабун, жидерго махщел цIубазабиялда тIадги хIалтIулеланиха. Гьелъул гIаксалда, дорасан раккун, гьанисан кIанцIун, жидерго гьунар гьечIолъи халкъалда тIадеги лъазабизе лъугьуна гьединал.

Мунагьал чураяв ХIамзатил ХIажияс бицунаан, инсуца (ЦIадаса ХIамзатица М.П.) цо поэтасде абулаанила гьев вугин кIиго жо лъаларев чийилан – кечI хъвазеги лъаларев, хъвазе лъалареблъиги лъаларев. Гьанжесел поэтаздеги поэталлъун хIалездеги ХIамзатица щибиландай

абилаан. КӀиго жо лъаларезул гӀемерлъиги, гьезул гьорочахъдиги бихьидал, кинаб къиматдай гьезие кӀудияв шагӀирас кьелаан.

Гьунар гьечӀолъи чиясда гӀайиб чӀвазе ккараб жо гуро, амма бугодай дир гьунар, гьечӀодаян цо-цониги хӀисаб гьабунгутӀи – гьеб буго бичӀчӀизе захӀматаб жо. Жугьабазулъ гьижаби гӀезарунилан кечӀ лъугьунаро. Бокьараб цоги махщелазулго гӀадин поэзиялъулги рукӀуна жиндирго балъголъабиги, кечӀ, кечӀлъун лъугьиналъе чара гьечӀого цӀунизе кколел шартӀалги. ЧӀванкъотӀараб пикру, поэзиялъул мацӀ, хъваялъул жиндиего хасаб къагӀида гьечӀони, гьеб кечӀ гуро – далай-дулай буго. Далай-дулайчагӀи гӀемерлъун руго, къалам кодоб кквезе лъанщинасда поэт лъугьанин жиндирин кколеб буго. Гьанир-дора жидерго гӀарцухъ рахъулелщинал тӀахьазда жанибги социалиял гьиназда гьарулел хъвай-хъвагӀаязулъги 95 процент поэзия гьечӀо.

РакӀалде ккезе бегьула, халкъияллъи балагьулел гӀадамазулъги цогидал гьанир-дора гӀемерал тӀахьалги рахъун гьезул цӀар гьабулезулъги дир жахӀда ккун бугеб гӀадин. Гуро ва нахъеги гуро. Дун гьеб цӀаралъе гӀагарде къанцин мустахӀикъав гьечӀевлъи лъала дида. Лъала, щайгурелъул, гьеб цӀар щвезе ккани адабияталда жаниб кигӀанасеб нух нахъа тезе кколебалиги, халкъалда гьоркьоб кигӀанасеб хӀакъикъияб машгьурлъи букӀине кколебаниги. Гьелъул бицараб «СиратӀалъул кьо бахине кумек гьабиладай?» абураб макъала 2014 соналъ «Гьудуллъи» журналалъул тӀоцебесеб номералда бахъунги букӀана дица.

Гьелда тӀасан Дагъистаналъул цеве вукӀарав бетӀер Рамазан ГӀабдулатӀиповас загьир гьабураб пикруги бахъун букӀана гьебго журналалда. («Гьудуллъи») №6.2014с.).

Диеги, дунго гӀадал гӀумруялъ литератураялда жанирги ругел, хӀакъикъаталдаги литература щибалиги бичӀчӀулел, гьелъул лъикӀалги загӀипалги рахъазе дагьа-макъабниги хӀакъикъияб къиматги кьун бажарулел гӀадамазул ракӀазе къабуллъулареб жо буго гьунаралъ мугъ реханщинал хъулби рахъизеян лъугьунел рукӀин. Гьезул гьечӀеб гьунаралъулъ жахӀда кин ккелеб, жидерго бакӀ гьезда бичӀчӀунгутӀи буго пашманлъизе ккараб иш. Гьелъ жибго хӀакъикъияб литератураялъе гьабулеб заралги кӀудияб буго. Лъица щиб гьабуниги, гьабурасул гьабураб билълъанхъулеб, пачалихъалъги адабият кверхьвагӀун тараб нилъер заманалда гьеб хӀапу-чапуралда данде чӀезеги захӀмалъулеб буго, ахӀвал-хӀал роцӀинабиялъе гьабизе кӀолеб хӀалтӀиги цӀакъго дагьаб гурони гьечӀо.

Гьебго хӀал буго музыкалияб искусствоялдаги. Дида лъалеб заманалда магӀарулазул кочӀохъабазда гьоркьор Россиялъул мустахӀикъай артистка Муи ХӀасановаги Дагъистаналъул халкъияй артистка Манарша Дибироваги гурони рукӀинчӀо. Дакулцин букӀинчӀо халкъияв артист абураб цӀар. Гьанжейин абуни, халкъиял гурони кочӀохъабиго ругищали лъаларо. Фонограмма гьечӀого кӀал рагьун бижаруларелги руго гьезда гьоркьор. Бажараниги, кечӀ рагӀалде щвелалде хӀухьел-махӀ къотӀулелги руго. ГӀелму гьабичӀел, «гӀалимзабилъун рахъарал» кандидатазулги докторазулги бицинего бицинарин.

Аллагьас кантӀизаареги киналго лъикӀаб-квешалда гьоркьоб гӀорхъи чӀвазе.

*МухӀамад ПАТАХӀОВ.*

**ГIИЗУДИНИЛ ХIамзат**



## МАГIАРУЛ ХАЛКЪ, ДУР РУГЪНАЛ РУГО РЕКIЕЛЪ ССУДУЛЕЛ.

### КИНИДУЛ БАКЪАН

**Кини кIикIулеб буго,
Кини кIикIулеб буго,
КIетIолеб сагIат гIадин,
Сверулеб дунял гIадин.**

**Басрияб кини буго,
ЦIиял лъимал кьущараб,
Къирщи буго кинидул
Къарнаби рараб цIулал.**

**Бакъул дуниял буго
Даимаб кини гIадин.
ГIодулеб буго лъимер,
Белъулеб буго лъимер.**

*** * ***

**ТIаде къулун бугеб Кьили-мегIералъ
Кьвараравв Аминил бицуна къиса.**

**Гьонода цIад бана… Асияласул
Ссияб гIумруялъул лъалкI буго гьаниб.
Гьеб лъалкI чуруларо цIадазгун иххаз,
Холареб ирс буго тун наслабазе.**

**КIинусго сон бана, МухIамад-Амин,
Умматалъ дур рахъалъ щурула амин.
Мун гIадав ритIухъав цевехъан щвечIо
БакътIерхьул мухъалъул кавказиязе.**

**Цо кверлъун цолъана гIемерал халкъал,
Къуръаналъ ракI цIурав хIапиз вачIиндал.**

ХIалай чи витIеян черкесал щведал,
Шамил имамас мун вищана тIаса.

…ТIаде къулун бугеб КьилимегIералъ
Кьварарав Аминил бицуна къиса.
Росдал къотIноб хIетIе чIолеб мехалда,
Машгьурав Аминил гьабула хIисаб.

## КЪУРКЪБУЗУЛ КЕЧI БУГО РАЛЪДАЛ РАГIАЛДА

Каспи ралъадалъул карачалаби
Гьелчола, кIалъала, квачIид рахъуна.
Хъубухъараб бецIлъукь кватIараб сардилъ
КенчIолел рихьула рикIкIада гуми.

Гуро гьел Жюль Вернил тIахьазда хъварал,
Ратиларо дора Немогун чагIи.
ЧчугIицацин толеб Каспиялда тIад
Канлъи, маргьу гIадин, буго паркъолеб.

Къуркъбузул кечI буго ралъдал рагIалда,
ГIун буго халкъалъе жакъа гьеб бакъан.
Булбулгин милъирщо хутIана росулъ,
ТIохмугIрул рагIалда, зодил каранда.

Каспиялда къаси канлъи бихьула,
Хьул гьабула бецIлъи гьелъ нахъе чIвалин.
ХьуцIилъан ахIулеб къуркъбузул кечIалъ
Кире нилъ рачинел? Щоларо жаваб.

## КАВКАЗАЛЪУЛ ЦЕВЕХЪАН,
## ИСЛАМАЛЪУЛ БАХIАРЧИ

Кавказалъул цевехъан,
Исламалъул бахIарчи,
ЯхI-намусалъул ралъад –
Генуса Шамил имам.

Аллагьасул дин цIунун,
Дагъистан, Кавказ цIунун,
ГъалбацI гIадин, вагъарав
Дунял мукIурав имам.

Дуда бугьтанал лъолеб
Пакъираб къокъа буго,
Халикъас дур даража
ТIадегIан гьабун буго.

Аллагьасул Расулцин
Какана цо-цо къавмалъ,
КъватIул гьаби хIапдонин,
Бакъ зодоса унаро.

## ГIАБАСИЛАСУЛ ДАРСАЛ

ГIабасиласул дарсал –
Бищун лъикIал, дурусал,
Гьесул кучIдул, къисаби –
Халкъалъул бидул кьаби.

ГIабасиласул нухал –
Бищун тIокIал, ритIухъал,
Гьесул сонетаз, харбаз
Лъахъвала рекIелъа заз.

ТIоцебесеб тIехь – «Дерец»,
Дур шигIру – магIарул ицц.
Ахъбердиласул къисмат,
Саба-Меседол хIикмат.

Дур рухIияб ирс буго
Авар миллат чIухIараб,
Гьунаралъул нур буго
Дагъистанго гвангъараб.

Гъваридал дур асарал –
Авар мацIалъул сиял.
Дур рокьул таватурал –
МугIрузда рарал цIаял.

ГIабасиласул дарсал –
Бищун лъикIал, дурусал,
Гьесул кучIдул, къисаби –
Халкъалъул бидул кьаби.

## КIУДИЯВ ИНСУЛ ЗАНИ

КIудияв инсул зани
Гьарадирил хабалалъ
Харилъан дихъ балагьун
Буго къасиги къадги.

Гьикъулеб буго дида:
– Дир васасул вас ХIамзат,
Дунялалъ дун гIорцIичIо,
Мун гIорцIулев вугевищ?

ЦIехолеб буго дида
КIудаинсул заниялъ:
– КIудияб дунялалда
Дур рекIей хIалхьи щванищ?

– Дица дунял тирана,
Росаби, шагьарал тун,
Аллагьасул дин-ислам
Наслабазда малъана.

СогIаб гIасру букIана,
ГIелму гьукъун букIана,
ГIадамазе хIакъикъат
ХутIичIо балъго бахчун.

Чанги къварилъи лъана,
Чанги къо тIаде ккана,
Къуръаналъул аятаз
Нухда тариѕе течIо.

Гьарадирил хабалалъ
КIудияв инсул зани –
Заманаялъул сипат,
ГIасруялъул къиса, нугI.

## ИНСУЛ ЯЦ…

Нусилъе сонал щолей дир инсул яц ПатIимат,
ГьитIинаб лъимер гIадин, яцIцIалъун йигей куц мун.
Унтабаца кIвекIулей, ракI, бакъ гIадин, гвангъарай,
Рагъидул гордухъ чIун мун йигоан, дихъ ялагьун.

Гьаб гIумрудул сапараз ахIун хех унев дида
Дуца рагIи абичIо, гIицIго зикру бачана.
Нахъ валагьарав дида, добго рагьидул гордухъ
Дида хадуй ялагьун йихьана мун, инсул яц…

## БУКIАНИГИ, БОЖИ КIЕТIОЛА РЕКIЕЛЪ

*... Ле, цIияв шагIир,*
*Дун, ЦIадаса Расул, ворчIизе гьаве!*
***ХIамзатил Расул***

– Расул, цIидасанги авар мацIалда
ЦIукIаял лотабаз лъазабуна рагъ.
РухIияб хазина, цIа гъун, бухIилин,
ЯхIалъ рехун тарал хапдолел руго.

Хирияб авар мацI, миллияб чIухIи,
ЧIахI бижун, чIунтизе теян ахIдола.
МахIмудил хIухьелги ХIамзатил жулги
Жакъасел гIелазе рикIкIалъун руго.

БукIаниги, божи кIетIола рекIелъ:
– КIудияб миллаталъ кIодолъи кквелин!
Кавказалъул каву даим цIунараб
ЦIар араб авар халкъ къун тIагIинарин.

* * *

МугIрул руго гIемер макьилъ рихьулел,
ГIурччинаб ихдалил ретIел ретIарал;
ТIалда тIегь тIегьалел кьурул парсахьан
ТIохмагIарде вуго даим ххарулев.

## НАКIКIИЛ ГЪУТIБУЗУЛ РУКIКIБИ…

Махил гъутIбуздаса тIамах гъенараб
КватIараб хаслихълъи – Болдино росулъ.
Меседил ретIелги, тIутIун, бортун ун,
ТолохIочал гъутIби руго соролел.

Хисуларел рукIкIби къватIирги хучун,
НакIкIил гъутIби руго гIурччинаб кьергун,
ГIужрукъил тIом гIадал гIаркьалабаца
ГIумру къеркьей бугин хьвагIулеб буго.

## ГАМАЧIГИ ЦIУЛГИ

**МугIрузул ракьалъул ганчIил кьурабалъ**
**ЦIудул бусабилъун руго росаби.**
**Ахир бихьуларел авлахъал кьолон,**
**Гьанир севералда – цIулал минаби.**

**Ссун мугIрул щобалгун, ганчIил гьарурал**
**Ригьзал – Кавказалда киса-кирего.**
**Рохьор тIаса рищун, лъутIа-къотIарал**
**ГъутIбузул минаби – гьаб севералда.**

**КIиябго рукъалъуб – цого гIадатлъи,**
**ГIодобе биччараб, намусаб гIумру.**
**РакI пана гьабула, гьитIинал ригьзаз**
**Зобазул гIатIилъи жаниб бачиндал.**

## ЦIУЛАДА НАКЪИЩАЛ

**Гьунар, гьаб дуниял дуца цIунула!**
**АнцI-анцI кьер буго дур, анцI-анцI нур буго.**
**Новгород ракьалъул росабалъ дида**
**НекIсиял минаби рихьулел руго.**

**Рохьал тирун, тIаса рищарал гъутIби**
**Берцинал рукъзазул къадаллъун руго.**
**Рекъарал накъищаз къачIарал гордал**
**Къадруяв херасул бералин ккола.**

**Кавказиясдаги кIалъала гъутIби**
**ТIармилги гIансилги сагьвилаб сасалъ.**
**Инсаниятalъе кинидахъ кечIлъун –**
**ГIиссинккун кIутIулеб магIарул пандур.**

## КЪАЛМИЛ КЪИРЩИ БАХЪАНА…

**… Тедал, тун рахъуларел**
**Авлахъал руго цере,**
**Хъил тIурал нухаздасан**
**Хехго тирула гьакал.**

**Киндай Пушкин свакана,**
**Россия къотIун вачIун,**
**ЧIухIараб тахшагьар тун,**
**Болдиноялде нухда.**

**Дора, кваридаги ран,**
**Гъанкъарал декабристал,**
**Балтиралъдал гьороца**
**Бугьараб Петрал хъала.**

**Нахъа тун хIабургъараб,**
**Хиянатаб шагьаргун,**
**Щвана Пушкин росулъе,**
**Сасараб бакI – Болдино.**

Дунялалъул гIорхъаби
ГIатIилъана гьесие,
Гьелегьарал асарал
СокIкIана кагъаталда.

Тулакал айгъиразул
Пунхъи къотIун хадуса,
Къалмил къирщи бахъана
Хасалихъе Болдиноб.

Гьеб гьаракьалъ ракьалъе
Гьайбатал мухъал кьуна,
Рокьул гъатал рагьана,
ГIумру къалъизабуна.

Гьеб къирщиялъ квешалда
Кьаби щвезе гьабуна,
ШагIирас наслабазе
КочIол васигат тана.

## БИГЬАРОДУЛ ГЪУТIБУЗ, ТIАМХАЛГИ ХЬВАГIУН

Бигьародул гъутIбуз, тIамхалги хьвагIун,
Рохалилаб дандчIвай гьабуна нилъей.
Дур гьайбалъи бихьун, хIайранлъараб зоб,
ХIеренаб магIу тIун, гIодана къоялъ.

ЦIакъго гьитIинаб бакI букIун буго парк
Каранда тIирщараб дир асаралъе –
Дургун каламалда тирулеб мехалъ
Тун батараб хехго гьелъул халалъи.

Тохлъукье пирхараб панаяб талихI,
ХIалимго гьимараб захIматаб къисмат.
Яс, мунгун тIамурал дагьал лахIзатаз
ЛахIбецIал дир къоял къалъизаруна.

РекIел кьаби хехлъун, щибго кIочон тун,
Ватула даимго дур хиялазда.
Хазиналъун буго дир гIумруялъулъ,
ГIолилай, мун лъараб гIажаибаб их.

## ГЬУРМАЛЪ БАКЪ РЕЩТIАРАЙ ДАГЪИСТАНИЯЙ

Гьурмалъ бакъ рещтIарай дагъистанияй,
Дуде гуреб шигIру щущалеб гьечIо.
Гьими пири гIадай дир кавказияй,
КочIоца мун гурей йиццулей гьечIо.

Гьорохъе соролеб тIамах гIадинаб,
ГIакълу унеб дур черх толаро кIочон.
ТIокIкIарал иццазул чили гIадинаб,
ГIажизлъулеб гьаркьихъ ракI буго къечон.

**ГІищкъудул нур барал чІегІерал берал,**
**ТІелхазул чІоразул тІохакь гвангъарал,**
**БагІарлъи хурхарал хъахІал гІанаби,**
**ГІинтІидул тІегь гІадал гьайбатал кІутІби.**

**ТІоларо дудехун пархараб урхъи,**
**Анищал, пикраби роржуна духъе.**
**Гъурмалъ бакъ рещтІарай дагъистанияй,**
**Гьими пири гІадай дир кавказияй.**

*** * ***

**РикІкІалъулей йиго гІагарлъанагІан,**
**ГІагарлъулей йиго рикІкІалъанагІан.**
**Хиралъулей йиго чиярлъанагІан,**
**Чиярлъулей йиго хиралъанагІан.**

*** * ***

**Дида пашманлъидулъ рохел батана,**
**Рохалида жаниб пашманлъи лъана.**
**Гьаб дуниялалъул гьитІинлъи лъана,**
**Гьелда жаниб бугеб кІодолъи лъана.**

*** * ***

**Дий гІола дур гьаркьихъ гІенеккун вукІин,**
**ГІаздалал тІогьазул хІанчІазул гІадаб.**
**Думалъего рекІелъ хъван хутІана гьеб,**
**Инагьдула керен, гьелъ пана гьабун.**

**ГьечІо дие хІажат батІиял кучІдул,**
**Кинан къабуллъилел цогидал бакънал.**
**Даим дур гьаркьихъ дун гІенеккун вуго,**
**ГІекколеб рекІее гІодоцин гьечІо.**

## ЧАЙКАБИ РОРЖУНЕБ РАЛЪДАЛ РАГІАЛДА

**Чайкаби роржунеб ралъдал рагІалда**
**Дир бераз йокьулин абуна дуда.**
**Угьдулеб букІана гьалагаб Каспий,**
**Дур кверда баизе изнуян жиндий.**

**Дур гьайбатаб тІабгІалъ хІайранлъарав дир**
**РакІ дуца бигьаго гьабуна асир.**
**АскІор полпихана карачелаби,**
**Нечадго хурхана гьезда тІалаби.**

БагIарлъараб хехго августалъул бакъ,
ГIищкъул къо чIвазе гьеб гIедегIараб цIакъ.
Ралъад хъахIилзобгун цолъулеб гIорхъи
РикIкIада гьимула, гьелъухъ дир урхъи.

Чайкаби роржунеб ралъдал рагIалда
Дир ракIалъ йокьулин абуна дуда.
Угьдулеб букIана гьалагаб Каспий,
Дур кверда баизе изнуян жиндий.

## ХIИКМАТАЙ, РАХIМАТАЙ,
## РУХI ЧАРМИЛ ГIАДАН

РахIманас дий кьуна талихIаб сордо,
Дида нолъ хурхана хирияй кIодо.
РекIекълъун вукIана, мех гIемер анин,
ГIазизай гIаданалъ дун рехун танин.

Хиялалъ чIагояй, хун сонал рарай,
Ссудулеб чIоларо даим духъ керен.
Сверухъ инсан гьечIеб сагьвилаб гIужалъ,
МагIу рекIелъ бухIун, угьула хIухьел.

Бихьинал камидал, дозул бакIги ккун,
БакIаб гIумрудул гьир баччана дуца.
Аллагьасе тIагIат тIубан гурони,
БетIербахъиялъул хIалтIуда хъвачIо.

Хъудула каранда ракIалдещвеял,
Дур зикрудукь араб дирго лъимерлъи.
Мавлидалъул аххалъ ахIулеб макьу,
«ХIамзат, как байилан», – хIалимаб калам.

ХIикматай, рахIматай, рухI чармил гIадан,
Дуца лъураб кьучIда гIуна дир гIумру.
БетIерай мугIалим мун йиго дие,
Дудаса вокьулев инсан гьечIо дир.

Росдал хабалазулъ мун тIупани щиб,
КIетIола, хирияй, дур ракI дир каранлъ.
Баркатаб харица хоб баце абе,
«Как бай!» – ин кIалъала щибаб гIужда мун.

Гьардарас дий кьураб гьайбатаб сордо,
Дида, лъимер гIадин, хурхана кIодо.
РекIекълъун вукIана, мех гIемер анин,
ГIазизай гIаданалъ дун рехун танин.

## РОХЬОВ

**ЧIегIерлъун, чIарбида тIибитIун гIинтIи.**
**ГIицIлъун унел гъутIби. Хабал сихIкъотIи.**
**ТIалу кьвагьи гIадин, гIинда багъула**
**Боржунеб тIанхил сас, сихIтей гьелъ чIвала.**

**Угьи-зигарагун, къвар-къвариялда**
**Рортула ракъварал, тIадагьал тIанхал.**
**ГъутIбуз тIаса бахъун, кьер араб партал**
**РетIула кIвахIалго, хIинцго ракьалда.**

**Рорхатал гъутIбузул ризаб руккалилъ**
**ГIенеккун, эхетун чIун вукIана дун.**
**БукIана цIикIкIунеб рахIатхвей рекIелъ:**
**ЛъикI лъалеб рохьов кин ккарав нух къосун?**

**Гьелдаса хадубги, къулун ва ворхун,**
**Рохьил ризаб тала мерхьана дица.**
**Мех-мехалъ чIолаан, херал гъутIбуца,**
**БетIерго бугищан, тIагъур бахъун ун.**

**...Буго дир цо мурад: доб рохьоб гIадин,**
**ГIумруялда дида нух къосунгеги.**
**Херав магIарулас, дол гъутIбуз гIадин,**
**БотIродаса тIагъур дир бахъугеги.**

## ШАЙТIАБАЗУЛ БЕРТИН

**Дида дунго макьилъ вихьулев вуго,**
**Бертадул рохалилъ эхетун чIарав.**
**ЧIчIичIчIидулеб гьаракь, релъи, двар–двари,**
**Дандтункулел цIурдул, цIуял, бихьинал.**

**Бухула чIечIого гьаз хIамил цIоко,**
**ЦIан тIасаги бахъун, къалиян абун.**
**БахIаразда цере – хIуларал маккал,**
**ХIалакун кваналеб чIвараб бисил гьан.**

**Гьанир – къокъабиккун мацIал гьарулел,**
**Гьанир – руккелалккун цоцаз какулел.**
**Коньяк гIемерлъидал, рорлъулел чурхдул,**
**Чогъроца цIа гъедал, цIоролел лугбал.**

**Дир керен кваналеб буго пашманлъи,**
**Щущахъ балеб буго гьаб сураталъ ракI.**
**Сверуда кьурдулел руго гIадамал,**
**Илбисалъул гохIда шайтIаби гIадин.**

**Вуго вуцIцIухIун чIун гьанив эхетун,**
**АхIичIеб сухIматалъ хIикмалъизавун.**
**Дидаго лъачIого ккун ватана дун**
**ГIумрудул берталъе дуниялалде.**

**Дир рокьукъаб макьу гIумрулъун буго,**
**ГIадамал ракьалда цIакъ дагьлъун руго.**
**ГьечIо миллиардал дунялалда тIад,**
**ШайтIабазде сверун – цIакъ гIемераб халкъ.**

### ЧIЕГIЕРАБ ГIАЗУ

**Рокьул их букIана… Хасел рещтIана.**
**Соролеб цIороялъ цIуна тIогьол май.**
**Гьаб гIумрудул ахикь гIицIлъана гьутIби,**
**Гьезул тIанхил лугбал тIу-тIуна чIаго.**

**ЧIобогояб дунял. ХъванкIдулеб нухъа.**
**Хъван балеб, чIчIей гьечIеб, чIегIераб гIазу.**
**ЧIегIераб хвелгIанги тIохалъ кколареб,**
**ТIомоцаги кквечIеб, чIола гьеб рекIелъ.**

**Гьеб рещтIуна рекIелъ чIегIераб цилъун,**
**Ццидалал квачIаца керен хачазе.**
**РещтIуна чIегIераб хвалил загьрулъун,**
**Дагь-дагьккун гIумрудул кIутIи гьанкъизе.**

**РакI гьанцIулеб буго. ЧIегIераб гьури.**
**Гьелъ сверухълъи буго минатахъ балеб.**
**Хъудулеб рагIула гIинчIварабго ракь,**
**ГIинкъаб угьи буго гьелъул каранлъи къан.**

**Дур гIищкъудал бика, къанщуге берал,**
**Ялагье, ракьалда бугеб къварилъи!**
**Рокьи лъукъарабго, лъаларищ дуда,**
**Дуца ракI лъукъула дуниялалъул.**

## ДУЦА НУЦIА КЪАНА , ЦIАКЪГО ГIЕДЕГIУН

**Дуца нуцIа къана цIакъго гIедегIун –**
**Дун рокъов хутIана, туснахъчи гIадин.**
**Дуца нуцIа къана цIакъго гIедегIун –**
**Къаналги чIван, тана дун лахIтуялъув.**

**Дуца нуцIа къана цIакъго гIедегIун –**
**Дир дунял бихъулеб бахъана хъуди.**
**Дуца нуцIа къана цIакъго гIедегIун –**
**Дилъ речIчIулеб яргъил гъугъана гьаракь.**

## ТIОКIАБ БАККИЛАРО ДУР БАДИСАН БАКЪ…

**ТIокIаб рагIиларо дур хIатIил гьаракь,**
**ТIокIай гьимиларо гогьго дие мун,**
**ТIокIаб зваргъеларо дур цIурмил кIалъай,**
**ТIокIаб чвахиларо кIарчамаб релъи.**

**ТIокIаб бихьиларо бахьинаб гьумер,**
**Рорхиларо диде чIораллъун тIелхал.**
**ТIокIаб баккиларо дур бадисан бакъ –**
**Дунял хвасарлъизе бижун бугеб шавкъ.**

## ЯС, БИЛЕТ ХИСИЗЕ ГIЕДЕГIУГЕ МУН…

**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**ГIемерго захIматаб бахъизе гурин.**
**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**ЩIияб бахъаралъухъ къимат дагь бугин.**

**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**Гьеб нухалъ рачунеб ахир лъаларин.**
**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**Гьеб хисулей мун тун, поезд унебин.**

**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**КвегIенлъиго гьечIеб бакI щвезе гурин.**
**Яс, билет хисизе гIедегIуге мун,**
**Гьеб хисулей мун тун, концерт лъугIулин.**

**Яс, гьудул хисизе гIедегIуге мун,**
**ГIумруго гьалатIлъун лъугьине гурин.**

## ЦО МУН ГЬИМУЛЕЙ КУЦ!

**Цо мун гьимулей куц! Цо гьимулей куц! –**
**Гьаб тIолго дуниял палгъан хутIула,**
**ГъутIбуз тамашаян бутIрул хьвагIула,**
**МугIруз иццул берал къапезарула…**

**Цо мун гьимулей куц! Цо гьимулей куц! –**
**Керен, духъ валагьун, дир гIекколеб куц!**
**Ракьалда кинабго кIочон толеб куц,**
**Канаб цIва гIадин, мун дий кунчIулей куц.**

## УНКЪЖУГЬАБИ

*** * ***

**ГIищкъу беццаб буго, гIинкъабги буго –**
**Бокьараб гурони, гьелда лъаларо.**
**Гьеб лъимадул ракIгIан тIокIкIараб буго,**
**РекIкIалъул мацIалда гьеб кIалъаларо.**

*** * ***

**Нобелил шапагIат дие щваниги,**
**Дур гьимигIан тIокIаб гьечIо шапакъат.**
**Дур гIищкъуялъулги гьимиялъулги**
**Премиязулин дун лауреат.**

*** * ***

**Дида дур гIадинаб гьими бихьичIо,**
**Дие дур гIадинаб гьумер къалъичIо,**
**Дида дур гIадинаб гьаракь рагIичIо,**
**Дида дур гIадинаб гьайбалъи лъачIо.**

*** * ***

**«ЛъикI вуссарав», – илан абуна дуца,**
**Берцинлъиялъ инсан чIвалеб хIанчIица.**
**ХIикматал дур берал дихъ ралагьана,**
**Гьезул бацIцIалъиялъ мацI кIочон тана.**

*** * ***

**Рокьи – дунялалда цо бугеб талихI,**
**Гьеб гьечIони, буго гIумруго тамихI.**
**ХIасратго йокьулей дунгун дандчIвани,**
**ЧIваниги кIваричIо къаданиб зани.**

* * *

Нахъеги гьимана кIиго чанил бер –
Чапун, биун ана дир рекIелъа цIер.
ЦIидасан къалъана дие дур гьумер –
РекIелъа лъутана хабал бецIаб кьер.

## БАСРИЯБ РИГЬ

I

ГIурччинлъидуй – гIумру,
Ригьалъе – загьру
Гьале чвахулеб цIад
Радал, къаси, къад.
КъотIулебго гьечIо,
ЧIолебго гьечIо.
ЧIунтулеб ригь буго,
Гьелгьедулаго,

Дагь–дагьккун шапулеб
Машрикъалдехун.
Къадалъ буго бихьун
КьватIи рехулеб,
Буго ганчIидаса
ГамачI хъущтIулеб,
ЩинкIи соналдаса
Жакъа цIикIкIунеб.

II

Гьелъулъ цIадал буго
КIудияб бутIа –
Щулияб кидаго
Гьабула батIа.
Бащдаб бихьараб гьор –
Гьелъул цо къурбан,
Гьоралъул къадал лъор
Даимго лъалъан,

Гьелъ, жанисан чвахун,
Чура-ххулула.
Хваразул бацIцIуна
ЦIадалъ къадаллъун,
ЛъикI тIадеги ччухIун,
Чехьгун кванирукъ –
Къадар тIаде гIунтIун,
Хунцин гурищ рукъ?

III

ЦIунцIрабаз гьабула
ЦIадае кумек.
КартIал гьез рахъула,
Лъалхъуларо гIекк.
ХIеккула гьебмехалъ
ТIохил рахи-цIул,
Рукъзабахъги цIадалъ
ЦIалула кучIдул.

ЦIалтун биччараб цIул
Хехго турула,
Гьеб хисизе ккола
Цо соналъ кIицIул.
ЦIакъ жагъаллъун буго
Гьаб некIсияб ригь.
Гьалъул гIумрудул ригь
Ахираб буго.

IV

Кидаго, цIад байдал,
Къедаги лълъурун,
Росдал мегъ чурарал
Лъаралги цолъун

Лъугьараб гучаб ихх
Чвахула гIорлъун,
Лъалъала тIокъо хех,
Къедги борлъ-борлъун.

Лъим кквезеян рахънир
Лъурал ганчIазул
Лъун букIуна читIир
Росун унелъул.

Басрияб къед лъаралъ
Гъабула жагъал.
Росдал магъил лъималъ
Гъабулеб зарал.

V

Гъаб басрияб ригьин
Тола дуниял,
Сверухъ гьеб бухIилин
Гъун ругин цIаял.
ЦIакъго дагьал ругин
Гьеб цIигьабулел.
Гьелде тIаде ругин
ТIупанал тIолел.

Зодил тIох ккун ругел
НекIсиял хIубал
ХIупруз гIадин кунел
Ругин гIадамал.
Дунялалъул кьучIал
ГIуцIарал ганчIал
Ругин гьал гIадамаз
Рахъулел хIосаз.

## ГЬАБ РОСУЛЪ КЕНЧIАНА ШИГIРУДУЛ ЦIВАБИ

*Хахун дун ватана бандаз вас чIварай,*
*Мискинай, пакъирай гьарадирихъелъ.*
***Расул ХIамзатов***

МагIарул шагIирал, гIадада гуро
МахIмуд Гьарадирихъ гIемер рещтIарав.
ГIищкъудул къайисас чIалгIаде гуро
РакI гIекколеб сарин гьаниб ахIараб.
ХIасратав кочIохъан Шигьабудингун
ГIемерав свердана авар Петрарка.
Ана кулакилан кочIохъан вачун,
Бахъана гьесухъа мугIрузул улка.

МагIарул шагIирал, гIадада гуро
Гьарадирихъ ХIамзат сонал ран чIарав.
Хаслихълъидул гIужалъ гIадада гуро
Гьарадирихъ Расул кинида лъурав.
ГIададаго гуро гьарадирихъелъ
ГьитIинав ХIамзатов хахизаврав.
Дир росуцоязул щивасул рекIелъ
КIудияб рокьигун даим вуго гьев.

МагIарул шагIирал, дир гьудулзаби,
Гьаб росулъ кенчIана шигIрудул цIваби –
ГIащикъ МахIмуд, ХIамзат, маргьуяв Расул
Мехтана, лъим гьекъон ТIохмегIералъул.
ШагIир гьанив вуго шагьасдаса тIокI,
ГьечIо гьунар гIадаб къимат бугеб хIокI,
КъачIан гьелъий даим гьайбатаб тахбакI.
ГьечIо дантесазе Гьарадирихъ бакI.

## Проза

**ХIажи САЙПУЕВ**



# К А Н ТI И

*(къисаялъул кесек)*

Гьавги гьасул эменги «рехун тун арайин» абураб рагIул магIна Русланида кинго бичIчIулеб букIинчIо. ТIоцее гурелъулха жиндирго эбел-инсухъе росулъе арай эбел 10-15 къоги бан ячIуней йикIарай. Амма эбел ячIине кватIараб мехалъ, гьанже гIадинаб ахIвал-хIал рокъоб букIунароан. Инсуца эбелалдаса лъикI гьабулаан тIалаб, конфетал-печенаби, цогидаб гIемераб гьуинлъиги босулаан тукадаса. Эбелъулалдасаги лъикIаб, батIи-батIияб, тIагIамаб квенги гьабун кьолаан. Гьанжейин абуни, эмен сордойилго мехтун вачIунев вуго, нагагьлъун цеве ватани, хIатIица цояб рахъалде рехунги, хъат щвезабунги, гьасда тункичIого унаро. Цо-цо мехалъ радал гьасие квен кьечIого нахъе ун ватула, яги гьав школалде уна эменги кьижун тун. Кидаго кватIун гурони, жиндир заманалда школалде инеги щоларoан.

Цо нухалъ гуреб, чанцIулго бекана гьесдаса тIоцебесеб тIалаялда йигей ГIузу-кIодол рукъалъул горду. Инсуца гьасде вагьичIого, тIасалъугьайин гьелдаги гьарун, цIияб цIерги лъолаан. Амма киданиги абун рукIинчIо гьелъ сон гIадинал рагIаби:

– Чияр рукъалъул гордал гьурулев вукIинчIого, нужги рехун тун цоги росасе арай эбелалъул ургъалида вукIа, къватIулъа жо! – ян ахIдана гьей. ДовегIан цо чигун кIалъалев вукIарав инсуда кIвечIо гьелъул рагIабазе жаваб кьезе. Рахъ-рахъалдеги валагьун, цояб рахъалдехун гIедегIун ана гьев.

Цояб рахъалда рахъунги чIун гаргадулел рукIарал руччабазул кIиго-лъабгоял релъана.

– Щай нуж релъанхъулел? – ан кIалъана руччабаздехунги юссун, аскIосан унеей йикIарай, тIоцебесеб тIалаялдаса, Русланил гьудул Андрейил кIудияй эбел Светлана Мироновна, – нужерго гIакълу гьечIолъиялда тIадищ яги ГIузу-кIодол инжитаб кIалалада тIадищ? ХIасбула нахъаса камурабго эркенлъи щвана гьелъул кIал-мацIалъе. Гьелъул кIалги букъун хвезе кколев вукIана дов мунагьал чурад. ГьитIинаб лъимералде рогьоги бан, гьесул

ракI лъукъулей йикIинчIого, бусурбанчиясеги гурей, Индиялдаса хъанчие лагълъи гьабулев мажусиясе арай дурго ясалъул рогьаби дудего ралей щай мун йикIунарей!

Жакъа ХIусеницаги абуна гьасда жиндир дадаца чIужу ячун йигин, гьасул баба росасе ун йигин…

ТIубараб лъагIел буго гьасда эбел йихьичIого. Гьел пикрабазда вукIаго, Руслан кьижун ккана…

Гьеб сордоялъ ХIайбула цIакъго кватIун вачIана рокъове, гьекъонги вукIинчIо. Биччан телевизоргун, диваналда цебе тIамун бугеб цидул цIокоялда вегаралъувго кьижун ватана Руслан. Гьесда цеве накабазда гIодовги чIун, кьер тIураб, хIалакълъун кIаркьаби жанире рортараб васасул гьумералда квер бахъана ХIайбулагьица. Хадув, кодовеги восун, каранде къана. Циндаго макьидаса ворчIарав васас: «Дада, дун вухуге, дун чIваге, вакъун вуго, дие квен кье», – ян ахIдолаго, гIодун биччана. Щибниги рагIи абичIого, васги диваналда лъун, богорокъове арав ХIайбулада гьениб кванaзе горогIанасеб жоги батичIого, рукъ бакьулъ вахъунги чIун: «Лъалеб букIарабани мун кий йигеяли, гьабсагIат чIван рехилаан, капурго хвараб хъахIба!» – янги абун, кинго чIезе кIвечIого, гIодун биччан тана гьес. «Дида, чIваге, щивниги чIваге! Мун туснахъалъув тIамуни щивгун дун вукIинев?» – ан тIад хурхун вачIана богорукъалъул нуцIил кIалтIа вахъун чIун вукIарав Руслан. Вихха-хочарав инсуца берал рацIцIана, хекко кодовеги вачун, вас столалда нахъа гIодов чIезавуна. ГьабсагIат вачIинин, воре кьижугейин васасдаги абун, къватIиве кIанцIун ана ХIайбула. ГIемерал нигIматалги росун рокъове щварав гьес вас лъикI кваназавуна.

– Руслан, дир вас, нилъ гьадин хутIиялъе, дур эбелалъул гуреб, дир гIайиб буго, – ян байбихьана кваналев васасда цеве гIодовги чIун ХIайбулаца. – Берцинай, гьайбатай долдаса вохиялъе, чIухIиялъе дир гIорхъи букIинчIо. Жеги берцин гьей гьайизейин гIемераб гIарацги кьун, хири-хирияб ретIел-хьит босана, ресторaназде, санаториязде, гьудулзабазулгун рукIарал дандчIваязде ячун, дунял бихьизабуна. Щиб бугониги жо къваригIун бугин гьелъул мацIалдаса борчIарабго, ракьулъа бахъунги, гьеб щвезабулаан. ИчIго класс гурони лъугIичIей гIадан, аттестатги босун, институталда цIализе лъуна. Къаси сардал рорчIун, гьеб лъугIизабизе кумек гьабуна. ЛъикIаб, харж цIикIкIараб хIалтIуда лъуна. Цо заманаялъ гьебги рехун тун, дидаги цIехечIого, командировкабазде унеб ревизорасул хIалтIуде лъугьун ятана. Гьелдаги разилъана. Гьейгун цадахъ хIалтIулей Ираца бицана чIужу цо чигун хьвадулей йигилан. Гьелда божичIо. Гьединабго кагъат бачIана, гъоркь цIарги гьечIеб. Гьебги бихъана.

Гьеб киналъулго хIасил ккола жакъасеб, нилъеца баччизе кколеб рогьоничги ракIбакъвайги, гьелдаго цадахъ ГIузу-кIодо гIадал гIадамаз базесеб рогьоги, рогьо бачIониги чияцв чIужу ячун арав бихьинчийилан килщаз къойилго вихьизавизесев дунги. Мун, дида гурев, долда релълъарав вуго, гьелъин йигеб бакI лъаларей долда бахьараб щцин дуда бецIулев вукIарав. ТIокIаб гьединаб жо гьабиларо, лъилниги харбалги ботIролъе росичIого, дур тIалабги гьабун вукIина.

– Дада, баба тIокIай рокъое ячIине гьечIейищха?

Гьеб мехалъ кантIана ХIайбула, микьго сон гурони гIумруялъул гьечIев

жиндир вас чIахIиязул ургъел гьабизеги, къварилъигун гIатIилъи бикьизеги гIун гьечIевлъи. КIиабизе гIодовги чIун ХIайбулаца Руслан накабазда лъуна.

– Гьей ана, хвана, эбел гьечIин, гьей кIочон тезе ккола дуца, дир вас, – ан тIадеги жубана инсуца. – Дуда лъалаха кIиабилеб тIалаялда ругел ГIабдулалги Заремалги эбел хварайлъи, гьей юкъана ва кидагоялъе ана гъоздаса. Гьединго нилъер эбелги кидагоялъе ана нилъедаса. Жакъа къоялдаса дун вуго дур бабаги дадаги. Рази вугищ мун, Руслан?

– Вуго, дада, вуго, – ян, инсудаса разилъи тIалаб гьабулеб гIадин, каранда вегун чIана вас.

– Нагагь дун гьечIеб заманалда эбелги ячIун, дидаса балъго мун цадахъ вачани…

– Кивениги инаро, лъихъениги инаро, дир тун батIияв чияр дада дие къваригIун гьечIо, – ян эмен кIалъан лъугIизегIан течIого, инсул гарбида хурхана Руслан.

Инсуца гьеб сордоялъ вас кьижизе жиндаго аскIове вачана. Эбел нахъе аралдаса гьеб сордоялъ кьижана эменги васги рогьинегIан рорчIичIого, гIодоре риччан, парахатго. Жинцаго абухъе, эменлъиги эбеллъиги гьабун, кIиго соналъ хьихьана ХIайбулаца вас. Августалъул лъеберабилеб къоялъ ракIгъураб данделъи букIана ХIайбулал рокъоб. Жиндирго гьудул-гьалмагъзабиги, васасул классцоялги ахIун, гьес кIодо гьабулеб букIана Русланил анцIго сон тIубай. Эбел тIагIаралдаса рокъоб тIоцебе букIараб гьеб чIаголъиялдаса вохиялъ Русланида жив макьилъ ватилин кколеб букIана. Амма киналго гьалбалги нахъе ун, гъоб сордоялъ эменгун егизе гьесул рокъое арай гIаданалъ гьесулъ лъугьун букIараб чIаголъиги рохалилаб асарги чIвана. Инсуца Руслание гьей щий гIадан йигеяли бицинчIо, яги гьелъулгун лъай-хъвай гьабичIо.

Амма васасул гьитIинаб ракIалъ бицунеб букIана ахир лъикIаб букIине гьечIеблъи…

ТIубараб бащдаб лъагIелалъ вихьулев ва рагIулев вукIинчIо гьазда Руслан. Радал рахъун цадахъ хIалтIуде ун, бакъанида цадахъ рокъореги рачIун, квана-гьекъон регулеб рокъореги лъугьун, нахъаса нуцIаги рахан чIолаан.

Сордо гьоркьоб тун рахъун сардилъ къватIире унаан. Цо сордоялъ гьедин гьелги къватIире ун кьижун вукIарав Руслан нуцIил цIумуралъ ворчIизавуна. НуцIа рагьарабго, тункун гьавги цояб рахъалдехун рехун, лъабго бихьинчияс цо халатаб жо рехун бачIана жанахIалъубе. Бидулъ восун чIарбида вегун вугев чиясда аскIове ине Руслан хIинкъана, циндаго гуро гьесда лъараб гьев жиндир эмен вукIин. Лъан хадуса тIаде ворхизавизе лъугьарав гьасда гьев вагъаризавизе кIвечIо. Биччараб чIартица гьумерги бацIцIун, дова-гьаниса ворхун, гьоркь юргъанги тIамун, къаданиб къандалъоги лъун, тIаде цогидаб юргъанги рехун, Руслан кьижизе ана.

Радал тIадеги вахъун богорокъове жаниве Руслан лъугьунаго, инсуца абуна: «Лейлал рос вукIун вуго. ЦIарги, Лейла гуреб, Малика букIун буго», – ян. ТIокIаб инсуца рагIи тIаде жубачIо. Васасда, бицинчIонги бичIчIана Маликал росасги гьесул гIадамазги эмен вухун вукIин. Дагь-дагьккун гьорон, хъахIиллъун лъугьун букIараб гьумер-черхгун тIубараб кIиго анкьалъ ХIайбула бусадаса тIаде вахъинчIо. Гьоркьо-гьоркьоб, рухI борчIизе гурони

гьес квенги кваналеб букIинчIо. Компрессал гьаризе босулеб гIаракъи гьоркьоса къотIичIого гьекъолаан.

Гьеб кIиго анкьида жанив эмен квешго хIалакълъана, сахлъун тIаде вахъаниги, гIаракъи течIо. ХIукуматалъул хIалтIуде букIине кколеб кIвар кьолеб букIинчIо. Гьединлъидал, кIудияб тресталъул цояб пищеблокалъул нухмалъулесул хъулухъалдасаги вахъун, гьев тIамуна администраторасул хъулухъалде. Русланида эмен тIокIав руччабазда аскIове къалев вихьичIо. БитIун бицани, нагагьабги сордо букIунароан гьев рокъове кватIичIебги, гьекъон вачIинчIебги. Амма Русланида киданиги йихьулей йикIинчIо гьесда цадахъ чIужугIадан, инсуца жиндицагоги рехсолароан гьелъул цIар.

Гьедин бугониги, вакъун яги ретIел-хьит гьечIого Руслан хутIулароан. Соназ гьитIинав вугониги, гIумруялъ кIодо гьавурав гьасда лъалаан бокьараб нигIматалъул тIагIамаб квен гьабизе. Хасго ахираб заманалда инсуца гIемер рачIунаан нигIматал рокъоре, гьасул бусаде рехун батулаан гIарац, ретIел-хьит.

Гьедин ана жеги ункъо сон. 14 сон тIубазе цо моцIгун чамго къо хутIараб мехалъ санаториялде унев вугилан рокъоса къватIиве арав эмен кIиго анкьидасан вачIана. ЛъагIелалъ гIаракъи гьекъечIо ХIайбулаца. Гьеб заманалда жанив гьев жиндирго хIалтIуде вачана, гIодов виччан, гьекъел-мехтел гьечIого парахатаб гIумру гьабулеб букIана. КигIан заманаялъ гьедин халат бахъинеб букIараб лъаларо, къисматалъ цоги «сайгъат» хIадурун батичIебани. АрбагI къоялъ радал хIалтIуде арав эмен ункъо къоялъ рокъове вачIинчIо. Щуабилеб, гIодоркъоялъ радал макьидаса Руслан ворчIизавуна нуцIил цIумуралъ. Гьоболлъухъ вачIарав вица-вихъатав чияс ХIайбула жанив тIамун вугин бицана.

– Дун вуго дур инсул адвокат. Дида цIарги ГIусман буго, – ян абуна гьес. – Одессаялде араб бакIалда дур инсул дагьа-макъаб гъалмагъир ккун буго. Дица кинабго битIа–бищун ккезабила. Дир дуде цо гьари буго: соналги кьун эмен жанив тIамуни, балугълъиялде вахинчIев дур тIалаб гьабизе буго хIукуматалъ. Мун витIила интернаталде, яги профтехучилищеялде цIализе. Судалда дуца гьаре, опекунствоги кьун, мун кивениги витIугеян. Дица гьабизе буго дур тIалаб, гьаб рукъги хутIила дуе, берцинго цIалиги гьабун, махщел щварабго, чIужуги ячина. Гьедин гьабичIони, дуе цIакъ захIмалъизе буго гIумру гьабизе. Инсуцаги гьарулеб буго дица малъухъе гьабеян.

Гьев кIалъан лъугIизегIан вуцIцIухIунги чIун, Русланица гьобол нухда лъуна. Щиб «гъалмагъир» инсуца гьабун бугебали адвокатас бицинчIо, гьасги цIехечIо. Гьесул кIалъаялдасаги Русланида бичIчIана инсуца гьабураб такъсир цIакъго захIматаб букIин. Гьеб якъинлъана суд гьабизегIанги, гьабун хадубги инсуеги васасги дандчIвазе кьечIеб ихтияралдасаги.

Адвокатас босун бачIараб кагътида инсуца хъван букIана: «Руслан, дир вас, тIасалъугьа, дур гIумруялдаги барахщичIого, букIинесебги парахат гьабичIого, бищунго эмен хIажалъулеб заманалда мун рехун таралъухъ. Микьго сонаialъ дица гIумру кин гьабурабали лъаларо. Гьеб гIумру букIинчIо – дун жужахIалъув вукIана. Цин квердаса ун, цинги хIалицаго дунго дицаго кверде восун, дида букIараб ахIвал-хIал дудаго бихьана. ЛъагIелги бащадабги ана дир гIумру жужахIалде сверизабурал гIадамазе тамихI гьабуралдаса. Законалда цебе дир гьелъие ихтияр букIинчIо, амма дидаго букIараб

хIалалдаса вацIцIалъизеги, къан букIараб хIухьел цIазе бигьалъизеги, вухь-вухьун рукIарал «квараздаса» чучлъизеги гIоло дун гьеб такъсир гьабизе гIедегIана. Диего гьабураб къотIи хвезабизе ккана. КъотIийин абуни букIана цIализе мун институталдаги лъун, гьеб лъугIун хадуб дуе чIужуги ячун, цинги рецIел босизе. Гьеб кинабго дуе кьечIолъиялъухъ дида тIасалъугьа. Дун дуда жакъа вичIчIичIониги, хадуб, гIумрудул нухда захIмалъаби дандчIварабго, вичIчIизе вуго. Дун дидаго гIадин ГIусманида божула. Гьесие ихтиярги кьола дуе эменлъи гьабизе. Гьарула, гьес абуралдаса кьуругеян. Мун вокьулев дур эмен ХIайбула».

Инсуца хъвачIониги, Русланида лъалеб букIана, Одессаялде хадувги ун, гьес эбелги эбел ячун арав лъикIав гьудул ХIажиги чIвараблъи. ЛъагIелги бащадалъги бахчун букIун буго гьеб инсуца органаздаса, бицинчIо жиндирго васасдаги. Кагъат цIалигун васасул бадиб магIу хулана. «Щай, дада, дуца гьабураб такъсиралъул лъалкIал тIуранго рахчичIел? Гьел тIатун рукIинчIелани, киданиги ратIалъилароан нилъ. Дида барахщичIониги, дудаго щай мун барахщичIев, 15 сон туснахъалъуб базе бигьаяб ишищ бугеб», – абун гIодун биччана Русланица.

…ИчIго класс лъугIарав чи, ГIусманица Руслан цIализе профтехучилищеялде кьуна. ЛъикIал къиматазда цIалун лъугIизабуна гьес гьеб. Гьеб лъугIарабго мебель гьабулеб фабрикаялда хIалтIизе лъуна ва заочно политехникияб институталде цIализе лъугьине кумек гьабуна. Инсул квартираялдаса киданиги гочинчIо гьев ГIусманил минаялъуве. Цо-цо ячIун ГIусманил чIужуялъ рокъоб рацIцIа-ракъалъи гьабулаан, ретIел чурулаан, анкьие гIураб таргьа продуктабазулги бачIунаан. ТIоцебе Русланица инкар гьабулеб букIана гьез кьолеб гIарцудасаги, росун рачIунел продуктабаздасаги. БатIи-батIиял складазде, базаразде, вокзалалде хьвадун, грузчикасул хIалтIи гьабун, гIарац жинцаго балагьулаан гьес. Цо къоялъ вачIун ГIусманица Русланида цебе лъуна гIемераб гIарацги сбербанкалда гIарац цIунизе лъураб книжкаги, цо чанго кагъатги.

– Гьаб буго дур инсуца мун хьихьизе, дур тIалаб гьабизе дихье кодобе кьураб гIарац, – ан абуна гьес, – гьал руго гьаб книжкаялда бугеб гIарац, чIужу ячарабго, дур цIаралде сверизабизе ихтияр кьурал кагътал. Законалда рекъон тIалаб гьабизе тIаде босарав чияс хвезабизе кколаан дуда тIад гIарац. Амма дур инсуца, ресги букIун, дида гьарана дуда тIад жиндир гIарац хвезабеян. Гьединлъидал, жакъа къоялдаса, вокзалалги складалги тун, гIодове виччан, цIали гьабе…

АнцIила микьго сон тIубалелде Русланил вахъана борхатаб черхалъул, берцинаб сипаталъул, къуватав, гьайбатав гIолохъанчи. Руччабазде аскIовецин къалароан, дие гьал щай, инсул гIадин гIумру хвезабизейищан пикру гьабулаан гьес. Амма гIолохъанал ясаз, хадур лъугьун, рахIат толароан. РакIалъги кIалалъги нахъе къотIаниги, черхалъ жиндирабго тIалаб гьабулеб букIана. Цо сордоялъ, кIиабилеб сменаялдаги хIалтIун, рокъове унев гьав, гьасдаса гIезегIан кIудияй гIаданалъ кванaзе квенги кьелин, чайги гьекъелин, гьарун, жиндихъего сверизавуна…

…Гьейгун цадахъ бащдаб лъагIел бана Русланица. ТIубанго хисана гьев. Къойидаса къойиде гьейги гьелъул лъималги рихун лъугьана. Гьезда хъачIго гурони кIалъалароан, лъидеялиго бахъараб цциналъ жаниса

гьалаглъун вукIана. Гьелъухъе тIокIалъ вуссинарин радал къватIиве арав гьев, къасиялде, жиндаго лъачIого, гьенивего вачунаан хIатIаз. Цо къоялъ, чIужуги гьелъул лъималги паркалдеги ун, рокъов хутIарав гьав, рокъоб бугеб гIемераб гIарац-меседги босун тIагIана. Ункъо моцIидасан гьев ккола Краснодаралда ва ункъо сонги кьун жанив тIамула. Болжалги лъугIун, къватIиве вачIарав чи, Дагъистаналде тIадвуссинчIого, Краснодаралде ана. Гьениб ункъо соанлъ цебего лъай-хъвай ккун букIарай автомобилал ричулеб салоналъул нухмалъулесул чIужугун дандчIвай гьабизе ургъана, нуцIида гъоркь тIугьдул лъунги, данде лъугьун гара-чIвари гьабунги. Ахир-къадги, гьас, росги тун, жиндего юссинаюна Анна. Бертин гьабилалде цебе Аннаца гьесда тIад хъвана «Мицубиши» машина. Гьеб къо тIаде щвезе кIиго къо хутIараб мехалъ, гьелъул рукъги талавур гьабун, машинаги бачун, Русланица гьеб шагьар тола. Гьев ккола Тихорецкиялда. Анкьго сон жанибги бан, къватIиве вачIарав гьев гIумру гьабизе Уфа шагьарлде уна. Гьениб лъай-хъвай ккола «Алмаз» тукадул заведующая Эльфиралгун. Гьейгун данделъун ункъо моцIидаса, къаси цIикIкIараб къадар клофелиналъулги гьелъие кьун, рокъосаги, тукаде ун, гьенисаги 50 азарго гъурщиде меседгун бриллианталги росун тIагIуна. Дагъистаналъул ракьалда, Кочубей станциялда ккурав Руслан цогиги анкьго сонги кьун туснахъалъув тIамула. Гьеб болжалалъул лъагIел гIанасеб заман хутIараб мехалъ, цо камераялда цадахъ вукIарав Константиницаго гIадин, батIи-батIиял шагьаразда ругел лъай-хъвай гьабулел агенствабазде ритIула лъазабиял. Цого магIнаялъул рукIана гьел: «Ворхатав, берцинав, гьекъоларев, хъалиян цIаларев, гIумруялъулъ талихI гьечIолъиялъ жакъа къоялде щвезегIан чIужу ячинчIев, 40 сонил гIумруялъул такъсирчияс ялагьулей йиго тIалаб-агъаз бугей, гIемерал гьалатIал ругев чи вичIчIулей чIужугIадан…»

ГIицIго цо лъазабиялъул ахиралда Русланица хъвана: «Жаваб бусурбанай гIаданалъ кьуни бокьилаан».

ГIемерал кагътал рачIана Русланихъе зонаялде, цоял цIалун, цогидал цIаличIого, рехун толаан. Ленинградалдаса бачIараб кагътида цо чанго рагIи хъван бугоан: «Дие бокьун буго мунгун дандчIвазе, мун вихьизе», – ян. Русланица Зульфия дандчIваялде ахIана. Гьесда ракIалда букIана лъабго къо гьейгун базе, гьелъие ихтияр кьун букIана. Амма Зульфияца гьесда аскIоб цо сагIат гуреб замана баларо. Гьелъ гьесда цIехоларо щай туснахъалъуве ккаравали, гIумрудул бицине тIамуларо. Бицуна жинцаго лъугIизабураб институталъул, хIалтIулеб бакIалъул, Дагъистаналда йижарай, гIурай гIадан Ленинградалда гIумру гьабизе ккеялъул.

Къо-мех лъикI гьабулелъул Зульфияца Русланида абула: «Дие бокьилаан, араб гIумрудул хIисабги гьабун, дуца дуего хIасил гьабуни. Ургъе мун гьелда тIад, ургъе мун нилъерго букIараб дандчIваялда, ургъе дуцаго риччарал гьалатIазда тIад», – ан.

Зульфия арайго, батIияб, бичIчIизе захIматаб хIал лъугьана гьесул рекIел. Июль моцIалъ бухIараб бакъул къоялъ, рагIад гьечIеб авлахъалда, цо кисаялиго бачIун, накIкIалъ рагIадги рехун, гьогьоми речIчIараб гIадин лъугьун, бетIер унтизе байбихьана. БетIерги ккун гIодове къуларавго,

ракIалдещвеяз хъамун, лъимерлъиялде вачана. Цере чIана рогьо балей ГIузукIодоги гьелъул рахъги ккун релъанхъулел херал руччабиги, инсул гIарцуе гIоло гьазул рокъое ячIун чIарай «Лайла»-Маликаги. Ахиралдаги, кидаго гIадин жакъаги, гьасухъе квералги ритIун, «Руслан, дир вас!» – ан ахIдолаго екерун ячIуней эбел цее тIамуна. Русланица берал къанщана, зарал рукъана «Къаге аскIое, дир гIумру дуца чIвана!» – ян ахIдана гьев. Гьасул бадиса ччвахун бачIунеб букIана магIу…

Циндаго лъавуде вачIарав гIадинги лъугьун, Руслан вихха-хочун, сверухъе валагьана. «ТIасалъугьа, диего ккараб жо лъаларо», – ян чанго нухалъ такрар гьабуна гьес.

– Щий йикIарай дой гIадан, яцищ, чIужуйищ? ЯчIун заман балелде нахъе ине гIилла щиб ккараб? АхIи-хIурги рагIичIин, гъодигIан ццидахун мун ахIдезе долъ щиб гьабураб яги абураб? – ан гьикъардизе лъугьана Ильял эбел.

– Руслание гьадингоги квеш буго, эбел, тIадеги дуцаги кIал гьикъуге гьесда, те гьев жахIавго, – ян абун гаргадана Илья.

– Руслан, дир вас, Ильяца бицухъе дур исана тIубала 38 сон. Гьеб жеги гIумру араблъун рикIкIунеб ригь гуро, – ян кIалъана Светлана. – Дуе чIужугIаданалъ, хIехьезе захIматаб, цIакъ кIудияб квешлъи гьабун буго. Дур ургьие лъугьунгейин гьарулеб бугелъул Ильяца, дица дуда гьариларо гьелъул хIакъалъулъ бицеян. Дица дуда гIицIго гьарила, киналго руччаби цо роценалъ рорцугеян. РичIчIизе захIматал жал руго руччаби. ГIемерисел бихьиназ рикIкIуна гьеб бальголъиялъулъ бугин гьезул гьайбатлъиян. Руччаби щибаб къоялъ батIи-батIиял руукIуна, гьабсагIат лъикIал, цо сагIтидаса квешал, цоги сагIтидаса ихдалил гьава гIадин хисардула. Гьезул гIамалалда живго Аллагь гурони, гIалимзабицин нахъгIунтIарал гьечIо…

Светланал беразда магIу хулана, гьеб бахчизего гIадин нахъе уней йикIарай гьелда Ильяца къвал бана.

– Дир эбел йикIараяни, дунги рехун тун нахъе ун йикIинчIеяни, гьелъ абуралдаса кьурилароан, гIодов къулун къочилаан квераздa, накабазде ккун къочилаан хIатIазда, – янги абун, хадур ралагьун гьелги тун, Руслан хехго къватIиве лъугьун ана ва кватIичIого камераялъуве тIадвуссана.

Гьеб сордоялъ кьижичIо Руслан. Вегун бусадагун мокърокье валагьун борчIана гьес сордо, амма гьев ракIалдещвеяз кIвекIулев вукIана. ХIалуцун тIад дунял рекIараб гIадин вукIана. Сордо бачIиналъул ургъел букIунаан гьасие. Толев вукIинчIо гьев кьижизе ракIалдещвеяз. Гьез цоги сундего регIизе толев вукIинчIо.

Цо къоялъ дежурналъи гьабулев вукIарав офицерасда Русланица гьарана жив туснахъчагIазул дандчIваял рукIунеб рокъов цохIо живго теян. Гьес жиндаго бугеб хIал бицараб мехалъ, офицер гьесда божана. Сордо рукIкIарабго, гордухъ вахъун чIарав гьесда роцIараб зодихъ ругел рикIкIен гIемерал цIвабзазда гьоркьоса цояб бортун унеб бихьана. Гьелда цадахъ жиндир ракIги бортун анилан ккарав Русланица каранда кваранаб квер чIвана ва рекIел кIутIи рагIидал, гьитIинаб лъимер гIадин вохун, недегьго чамго нухалъ каранда квер бахъана. БакIги босун, горда аскIов гIодовги чIун

зодихъги валагьун щаялиго цIваби рикIкIине лъугьана. «Дун гIадаллъунищ вугев зодир цIаби рикIкIун кида лъугIулел? Гьел дие щай, цIва гIадин гвангъарай Зульфия гурищ дир йигей», – ян пикру гьабуна Русланица. Чамго рагIиги жинда абун арай Зульфияда бахъун букIараб щцинги циндаго рекIелъа тIагIун батун, гьелъул бакIалда къан ругоан, гьелъ къо-мех лъикI гьабулаго абурал рагIаби. БотIролъги рекIелъги дандерижи хIисабалда рагIулел руго Светланал рагIаби: «Руччабиги рукIунелищ цIодоралги жо бичIчIулелги», – ян пикру гьабуна гьес. Жакъа къоялде щвезегIан гIакълу гьечIеллъунги, макру цIикIкIараллъунги, гIаданлъи гьечIеллъунги рикIкIунел рукIарал руччабаз гIемераб жоялда тIад ургъизе тIамуна Руслан. Жинцаго риччарал гъалатIаздаги, щибниги хIажалъи гьечIого гьарурал цIогьаздаги, жиндихъ рокьи ккун рукIарал руччабазе кьурал къварилъабаздаги тIад. Чилъиги сахлъиги чIвалеб чIобогояб гIумру нахъе тун батана гьес. КIиабилеб нухалъ жанив тIамун вугеб мехалъ бачIана кагъат, эмен, чахоткаги ккун, хванилан. Гьеб сордоялъ макьилъ вихьана эмен. «Руслан, дир вас, нахъвусса», – ян гьасде ахIудолев. БакIида гIодов чIараб бакIалда гъапуллъаравго, гьебго макьу бихьана Русланида къасиги. Цинги гьасда бичIчIана щай инсуца ахIулеб бугеб гьасде нахъвуссайилан. Эменги Зульфияги рачIана гьав хвасар гьавизе. ТIокIаб кьуричIого гьез абураб гьабилин жиндиего рагIиги кьун лъугьана гьев, радал хъахIлъи рехарабго бусалъе.

Нахъисеб къоялъ радал вачIун контролерас вахъинавизегIан, кIотарав чи гIадин, цо минуталъцин ворчIичIого, кьижун вугоан гьев. ТIолабго дунялги гьеб цIураб талихIги жиндихъ бугеб гIадин ва гьеб бикьулев чи жив вугеб гIадин, велъа-вохун, рази-ракиго вахъана Руслан.

Микьго моцIидасан эркенлъарав Руслан, кьабун Санкт-Петербургалде ана…

… Зульфиял эбел-инсухъе Хасавюрталдеги рачIун, лъугьа магьари.

Жакъа гьез гIумру гьабулеб буго Санкт-Петербургалда. Русланил буго жиндирго супер-маркет тукен, Зульфия хIалтIулей йиго гIелмиябгун цIех-рех гьабулеб институталда. Гьей ккола психологиял гIелмабазул доктор. Гьезул вуго кIиго вас – ХIайбулаги ГIусманги.

Цо къоялъ чIужуялъул эмен Идрис телефоналдаса Русланиде кIалъана, тохтурзабазухъе хал-шал гьабизе гIагарав чи витIулев вугин, дандчIван, гьесул тIалаб-агъаз гьабеян. Рокъове жаниве лъугьарабго, гьикъа-бакъи гьабун хадуб, какикьжо кьеян гьарана гьоболас. Росги чIужуги цоцахъ ралагьун риххун хутIана, гьез как балеб букIинчIо. Циндаго рекIеда вачIарав Русланица, цоги рокъовеги ун, гIодоб одеялоги рехун, гьобол как базе жаниве ахIана. Как баларев чиясда къилбаги лъалеб батиларин ракIалде ккун батилаха, дагьавги Руслан нечезавичIого, бакъ киса баккулеб, кибехун тIерхьунебилан гьикъана гьоболас.

Как бан лъугIарабго, гьобол кваназавуна. Гьесда аскIов кваназе гIодов чIезецин нечон, хIатIал рухIарав гIадин, кIанцIизе бакI тIагIун вукIарав Русланги аскIове ахIун, гьоболас абуна: «Жакъа дудаго бугеб хIаладе балагье: цо кIудияб квешлъи гьабулаго, тIадккурав такъсирчи гIадин вуго мун, бусурбанчиясукьаги нечон. Бихьинчи, инсан хIисабалда дудаги дидаги

гьоркьорб кинаб букIаниги батIалъи гьечIо. Амма бусурбанчи хIисабалда, нилъеда гьоркьоб кIудияб батIалъи буго. Бусурбанчи вукIин загьир гьабулеб какбай гIадинаб бищун аслияб гIаламат дуца тIубазабулеб гьечIо. Аллагьас тIад лъурал паризаял жал тIуразаричIолъи ккола тIасалъугьин гьечIеб, кIудияб мунагь. Мун дида тIасалъугьа хъачIго абун рорчIарал рагIабазухъ. Дур чорхолъ яхI-намус тIагIун гьечIеблъи бихьулеб буго гьеб дур рахIатхвеялдаса. Мун рикIкIалъун гьечIо Аллагьасдаса, хун гьечIо гьесде бугеб божилъи. Гьединлъидал, дида тIадаблъун ккана, дир вас, дуда малъичIебги рагIичIебги кватIун ккелалде абизе. Киналъулго, берцинго ургъун, дуцаго хIасил гьабе», – ян.

…Гьоболас тIокIаб тIаде рагIи абичIо гьеб сордоялъги, хадусел, гьезухъ рарал сардазги. Русланица кватIичIого киналго шурутIалги лъазарун, как базе байбихьана. Ккола кIалалги.

– Аллагьасул къотIиялдаги, къадаралдаги, гьесул хIалкIолъиялдаги божуларел гIадамал жеги руго, – ян бикьула ургъел Русланица жиндирго гьудул-гьалмагъзабигун. – Божаниги, жидерго квешаб гIамал рехун толарел гIадамалги руго. Дие гьеб рахъалъ битIккана. Дун тIуванго кантIизе, Аллагьас, къойилго гIадин, малъа-хъваялгун макьилъ витIун вачIуна дихъе эмен, дандчIвазавуна дун Зульфиягун, Гъизиялюрт районалдаса сах гьавизе Санкт-Петербургалде вачIарав, гIакълу-иман бугев, ригь арав, гIагарав чигун. Зульфияе дун налъулав вуго, гьелъ хвасар гьавуна дун дунялалда букIарабги метер ахираталда букIине бугебги жужахIалдаса. ТIубанго кантIана Дагъистаналдаса гьобол вачIун хадуб, накабазда гIодовги чIун тIасалъугьаян Аллагьасдаги гьарун, гьабуна тавбу.

РекIелъ Аллагь вукIиналъги диналъулъ рацIцIалъи цIуниялъулъги батана дида, инсанасда, гьес гьабулеб хIалтIуда баракат лъейги, рухIияб бечелъиги, бусурбанчиясул къимат борхиги.



## ГIалихIажи МУХIАМАДОВ



## Д А Д А

*(хабар)*

1.

– Дада! Ва-а-а дада! – ян ахIулеб рагIулаан цин-цияб тIохдаса, зирхараб лъимадулаб гьаракьалъ, къойида жаниб кIицIул-лъабцIулниги. Росдал гIадамал ругьунлъун рукIана унтарай, ботIролъа жагъалай, гьитIинай Шамсиятил гьеб ахIиялде. Лъималазги, гIисинал гIолохъабазги гьелда ракIгурхIунги, ялъаргъунги данде «Гьа-а-а!» – ян ахIани, дагьалъ гIенеккунги чIун, «Мун дир дадайищ? Мун дир дада гуро… Дир дада дова вуго», – ян абун, бакътIерхьул рахъалде, риидалги гIазу биунарел, чIегIераб салул Гьанки мугIруздехун кверги битIун, жаваб кьолаан ясалъ, цинги синкъиялда гIодулаго, рокъое унаан.

Дол рукIана ВатIанияб рагъул сонал. Гьей унтарай, гьитIинай ясалъул эмен МухIамадгIумарги вукIана росулъа киназдего гIунтIун рагъде арал гIолохъабазул кьеразулъ. Унтарай йикIаниги, эмен рагъде аравлъи гьелда лъалаан. Гьей йикIана кутакалда эмен хирияй, гьесул квер кодоса биччаларей, инсуда юхьарай яс. Рагъ байбихьаралдаса лъабабилеб сон унеб букIана. МухIамадгIумарилги (Кош), СагIидил МухIамалги, МагIли-ХIажиясул ХIабибулагьилги, МухIамадил Якъубилги, Аталасул ХIабибулагьилги, ХIажиясулги рагъда чIванин «чIегIерал» кагътал рачIун, магIу бахъун букIана. МоцIида жанив кIицIул казият-кагъталгун вачIунев мадугьалихъ росулъа чи – почалъул хIалтIухъан, бищунго рихарав чилъун лъугьун вукIана ахирал соназда росдал гIадамазе. Щиб-щибниги къваригIелалъ районалдеги мадугьалихъ росабалъеги ун рачIунел росуцояз, кинабдай рокьукъаб хабар рагъул фронталдаса бачIинебан хIинкъун рукIунаан рагъда васал, вацал, гIагарл ругелщинал.

Цудунаб их букIана. Гьанжего-гьанже хинлъизе байбихьарал гордухъа чIвалел бакъул чIораз, цIулал тахида накабазда кIусун гордухъе вуссун какикьжоялда Къуръан цIалулев ХIафиз-ГIумарил гьумерги, керенги, квералги хинлъизарулел рукIана. Чарлъараб мегеж-михъалъул, хIалакъабго лага-черхалъул, тирияб, ракIчIараб рагъа-ракариялъул чи вукIана ГIумар. Кутакалда диналда тIадчIарав, годекIабахъ хабар-кIалалда къоял тIамулел

бихьиназулъ нагагьги вихьуларев, магIишаталъул тIалабал тIуралаго дагь гурони батулареб эркенаб заман Къуръаналъул тIанчазда тIад тIамулев чи вукIана ГIумар. Дагъал цересел соназ хаслихъе гьев росулъа тIагIун вукIана. Гьесда берчIваларел гIемерисел росдал гIадамаз ЦIоралде гьирида яги цогидаб жиндирго къваригIелалъ ун ватилин гьеван, кIвар кьечIого тун букIана гьеб хIужа. КIиго моцIидаса кьертIун хъахIлъараб гьумергун, тIадеги тIеренлъун гьев вихьарал гIадамазе баянлъана гьев кивениги росу тун ун вукIинчIевлъи. Аталасул нахъарокъов халваталда чIун, Къуръан рагIалде бахъун ракIалдаса лъазабулев вукIун вуго ГIумар. Кьойида жаниб цо нухалда лъади ГIайиша йиччалей йикIун йиго гьес тIаде жиндие квенги босун. Гьелда мех-мехалда абулеб бкIун буго ГIумарица гIемераб босугейин квен, чехь гIорцIараб мехалъ пагьму къунеб бугин жиндиран. Долдаса нахъе гьесул цIаралда тIаде «хIафиз» (Къуръан ракIалдаса лъалев) абураб цIар жубана. Гьесул эмен ТIинамухIамаги вукIун вуго ракIалдаса Къуръан лъазабурав гIалимчи-хIафиз.

Бащдаб лъагIелалъги гIазу биунареб, рикIкIада мугIрузда бугеб гIи-боцIи хьихьизе квегIенаб букIаниги, хасел халат бахъунеб росулъ расги бигьаго букIинчIо магIишат гьабизе. ЛъугIун бахъунеб рагIи-хер, ихги бачIун, гIурччинлъи баккизегIан гIелародаян ургъалилъ рукIунаан щибаб соналъ гIадамал. Ахираб анкьалъниги тIатIала рачIарал хинал къояз лъалеб цIилъи лъугьинабуна тIабигIаталъул. ХIафиз-ГIумар, росдадаса гIезегIан рикIкIад бугеб РигIинуб колохъе гIачиязде ине заман щун букIаниги, гIащикъго цIалулеб Къуръаналдаса тIезе кIоларого, заназдилаго ракIгун хутIун вукIана. Ахирги, данде Къуръанги бачун, тIаде вахъинеян вукIаго, нахъойги рагIана гьитIинай Шамсиятил «Дада-а-а! Ва-а-а, дада-а-а!» – ян халат бахъун ахIулеб тIеренаб гьаракь. Гьелъул гьаркьал рагIанщинахъе батIияб пашманлъиялъулги гурхIелалъулги асар рещтIунаан гьасул рекIелъе. Гьей йикIана ХIафиз-ГIумарил яцалъул ясалъул яс. Цевехун къулун, горда бигъараб пардавги нахъе гьабун, валагьарав гьесда, мажгиталъул тIохил рагIалда чIун, гъоркьан тIаде кIичIардилаго росулъе бачIунеб нухде ялагьун ахIдолей яс йихьана.

ГIемерисел гIолохъабиги рагъде ун, аразул чангояв къанщанин кагъталги рачIун, гъоркьгоги мискинаб росулъа мех-мехалда бакIарун нахги, хIанги, гьанги, хинаб ретIел-хьитги фронталде битIизе ккеялъ, тIадеги мискинлъарал, къварилъарал гIадамал, гьитIинай Шамсиятил ракIгурхIулеб пашманлъиги ракIбакъвайги гъорлъ бессарал гьаркьал рагIигун, магIил цIурал бераз ралагьулаан гьелъухъ. Мех балелде, ячIун эбелалъ кверккун ячун ана, мекъаб квералъ бадиса магIуги бацIцIунаго, гIодизе хIадурай Шамсият.

– Йилълъа, дир яс, рокъое. Дуе дадаца канпеталги ритIун рачIана, – ян гьелъие рекъолеб хабар бицана эбелалъ. – ВачIина нилъер дадаги… ВачIина, дарман…

Хехгьабун тIад ретIелги ретIун къватIиве вахъунаго ХIафиз-ГIумарица, къеда магIалги чIван гьабураб хьорщол мокъида лъураб щагIил хъабиниса босун чакарул горо лъуна чвантиниб, гьитIинай Шамсиятие кьезе букIине.

Киндай гьелъул ракI бохизабилаян вукIунаан гьев, унтарай яс къотIной дандчIвайгун. Гьесухъе Къуръан малъизе рачIунел лъималазда гъорлъги йикIунаан гьей, цIалуда цIикIкIараб тIадчIей гьечIониги. Зикру бачунел руччабазда гъорлъги йикIунаан, эбелалда цадахъги ячIун, накабаздаги чIун, кьабун хъатгун, гIащикъго зикру бачуней Шамсият. Цо карамалъи бугей, батIияй яс гьей йикIиналда ракIчIун вукIунаан ХIафиз-ГIумар. Къаси къавулъе буссинчIеб хIайван-боцIи пуланаб бакIалда бугин, Шамсиятица абуралъуре ани, гIемериселъ, гIага-шагарго ратулаан…

**2.**

Хурзал гIурччинлъулеб, ихдалица кверщел гьабунин абизе бегьулеб заманалда хехаб унтиялъ ккуна гьитIинай Шамсият. ХIалакъаб гьурмада кIанцIарал гIетIул гаралги рацIцIунаго, къаданий кIусарай эбелалъул кверги ккун бусада егахъе, додинго «Дада-а-а!», -ян ахIдолей йикIана, мокърукьеги ялагьун, унтуца загIиплъарай Шамсият.

– Яхъунаро гьай гъарим тIокIалъ… Унтиги гIажаибаб хехаб чIвана гьалда... Сон бакъанида ячIана жий унтун йигин хех бусен тIамеян… Егарайго додинго байбихьана дадаян ахIдезе, – ян бицана гьелде щвезе рачIарал руччабазда, квербацIцIалъ магIуги бацIцIунаго, Шамсиятил эбел Асиятица.

Лъабабилеб къоялъул радакь рухI бахъана, додинго мокърукье ралагьухъе бералгун, Шамсиятил. Гьелъул къаданив кIусун «ясин» цIалулев имгIал ХIафиз-ГIумаридаса, гьаракь бахъун гIодизеги нечон, жаниса юхIулей Асият рукъ бакIа-бахарулей эбелалъул яц ПатIиматихъ ялагьун гIунун йикIана.

– Сабру гьабе, дир яс Асият… Гьалъул шафагIат, иншаллагь, нилъейги щвезе батила… Дица ГIайишаги йитIила, чурун, мусру базе гIамал гьаб гIадамал-чагIи ракIарилалде, – ян абуна вахъун кьватIиве унев ХIафиз-ГIумарица. – Дун хоб бухъизе гIамал гьабизе ина… ГIемераб магIу-цIа гьабуге… Рагъда гIолохъаби тIагIарал улбуздаса нечезе ккола…

Фронталдаса «чIегIерал» кагътал рачIингун кара-биххун гIодулел руччабазе ракI-макI батулел вагIзаби гьаризе, гIайиб ккарав чи гIадин, магIирокъове вачIунаан ХIафиз-ГIумар. Рагъда цересел сонзда МахIачхъалаялде цIализе арав къого сон барав вас ТIинамухIамад, бакъул унтиги ккун хванин ругьел бачIиндал, кIудияб сабуралда чIезе бажарана гьесда. Лъадудаги, гIемер гIодуге, Аллагьасул хIукмуялда рази рукIине кколин абуна. Гьаракь борхун кIалъалеб гIадат гьесул букIинчIо. Амма недегьаб, сасараб гьаракьалдалъун, рицунаго аварагасул хIадисалгун, гьес гьабулеб вагIзаялъухъ сихIтун гIенеккулаан гIадамал.

Росдал жамагIаталъул батIайиса ракI бахъана гьитIинай Шамсият хведал. Фронталдаса рос МухIамадгIумарил хабар-кагъат ахирал моцIазда къотIиялъ рахIатхун йикIарай Асиятиде тIаде, ракIалдаго гьечIого бачIараб гьеб къварилъиги бакIаб гьирлъун бегана. Зигара базе рачIарал рагъда васал къанщанин «чIегIерал» кагътал рачIун магIу бахъарал руччабазда цее гIодизе ва къварилъи загьир гьабизе нечон лъугьунаан гьей.

Шамсият хун моцI арабго, гIадаталда рекъон, зикру-садакъа гьабуна бугеб

ресалда рекъон. Гьанже цохIо жийго хутIарай яцалъул ясалъе къваригIараб-таралъе хIалае хIадур вукIунаан ХIафиз-ГIумар.

Росдадаса лъикIаланго рикIкIада, щобда нахъа бугеб РугIинуб колохъе рекьарал хурзабазул хал-шал гьабизе жиб-жиб къоялъниги инчIого чIезе кIолароан ХIафиз-ГIумарида. ЦIад-бакъ рекъараб сон букIиналъ, берцинго рижарал хурзалги мучIдуги рихьун, гьесул рекIелъе рохалил асар рещтIинабун букIана. Колохъе унаго, ахIунго-ахIун махражалда Къуръаналъул аятал цIалулеб гIадат букIана гьесул. Жакъа дагьалъ халатбахъун рокъор гьарулел ишазулъ хутIарав гьев колохъе щолаго, бакъ мугIрузде нахъе тIерхьине гIемераб манзил хутIун букIинчIо. ТIасагъоркье нухккун унаго, щобда, кьералда рижарал гIинтIидул хъархъазда нахъаса валагьарав гьесда жиндирго колол тIохда михиралда кIусарав чи вихьана. «Бакъанида вачIун гIадан-чи гьечIеб колохъ женжедулев чи щив вукIине кколев?» – ан пикру гьабуна гIедегIун унев гьес. АскIове гьав гIагарлъигун, тIохдаса гъоркьеги рещтIун, кваранаб хIатIида лъикIаланго рекъдулаго, данде вачIунев чи почалъул хIалтIухъан вати расги рекIее гIечIо гьесие. Цин досул гъажалда бараб къохьол гьабураб казият-кагътал лъолеб таргьаялде берал щвезаруна ХIафиз-ГIумарица. Почалъул хIалтIухъан, кIудияб гIайиб ккарав чи гIадин, гьесул бадиве валагьизеги кIоларого, хабар сундаса байбихьилебалиги лъаларого хутIун вукIана.

– Дица гьаб хIалтIи тезе буго кватIичIого… КIоларо дида кIиго росдал гIадамазе къварилъи бикьулевлъун вукIине… Кьун гIарзагун тIадвуссун ина фронталде. ХIетIе гIажизаб бугониги, камуларо дун гIадиназеги доба хIалтIи, – ян абуна гьес салам-каламалдаса хадуб.

Гьев вукIана араб соналда рагъда щварал захIматал ругъназул хIасилалда цояб хIетIе гIажизлъун инвалид хIисабалда фронталдаса рокъове витIарав мадугьалихъ росулъа чи. Хъвай-цIалиги лъалев, рагъда квешаб-лъикIабги бихьарав чи вукIиналъ, районалъул хIакимзабаз почтальонасул хIалтIиги кьун букIана гьесухъе. Фронталдаса гIолохъабаз рачIарал кагътал гьезул рокъосезе, жинцаго цIалулаан гьес, щибаб мухъалда тIаде гьадинги додинги букIунин жинцаго тIадежураялги гьарулаго. Цинги «чIегIерал» кагътал рачIине байбихьигун, рахчун батIияб чвантинир гьелги лъун, лъидаго вихьулареб къасимехалда вачIун росдал чIахIиял чагIазухъе ун лъазабулаан гьес къваридаб хабар.

– Рагъдаса рокьукъаб хабарищ? – ан гьикъана ХIафиз-ГIумарица гIебаб рачлида даларааб гьесул таргьиде бераз ишанги гьабун.

– У, – ян абуна гьес ракьулъа баккараб кьурул гьитIинаб, бегIераб гIусдаги кIусун, гьелъие гIайибияв живго вугев гIадин.

– Щив?..

– МухIамадгIумар… Нужер дурцха…

Гьес МухIамадгIумарил цIар бахъарабго щаяли тIоцее хварай Шамсият ракIалде щвана ХIафиз-ГIумарида. «КигIан лъикIха гъой гьарим гьаб кьогIаб хабар рагIилалде Аллагьасул къадаралде щварай, кутакалда захIмалъилаанха долъие эмен ками… Жиндирго талихI, фарз тIобитIун гьей арай», – ин пикру гьабуна, бадиб хулараб магIу почтальонасдаса бахчизелъун мугIрузул тIогьаздеги валагьун, гьес.

– КигIан цIакъал гIолохъабиха камулел ругел?.. ЛъикIаздаса лъикIал

тӀасарищун, – ан абуна гьес гӀодове къулун пашманал пикрабалъ вугев почтальонасда.

– Уха… Нижер росулъги гьединго буго… Араб рузманалда ичӀабилеб магӀу бахъана… Лъукъа-къотӀун госпиталазда ругин кагътал рачӀаралги руго. Гьев нужер дурц вукӀиналъ духъе вилълъана… мун вачӀинегӀан гьанив чӀун вукӀана. Цадахъ рилълъинаха лъазабизе, – ян абуна гьес пашманаб гьаракьалъ.

– Рилълъина, рилълъина… КигӀан рокьукъабги хӀакъикъат тӀатинабичӀого тӀубарарелъул…

МаркӀачӀул гӀуж щвезегӀан колохъ хабар-кӀалалда хутӀана гьел.

– КватӀулебги бугин, мун тӀадвуссун рокъове а, кагъатги дихъе кье… Дица тӀубала кинабго, – ян абуна тӀаде рахъунелъул ХӀафиз-ГӀумарица, – нужер росулъги буго гьасул гӀагарлъи, метер лъазабеха гъозда дуца…

– ЛъикӀ буго. Гьедин гьабила иншаАллагь, – анги абулаго почтальонас ХӀафиз-ГӀумарихъе кагъат бегьана.

Гъоркьан тӀаде ЧӀанил кулабазухъеги вахун, гӀебеде нухккун вачӀунев ХӀафиз-ГӀумар росдал хабзалазда бакьулъан унеб нухде щвейгун, росу тӀубанго бецӀлъукье тӀерхьун букӀана. Жиндирго рокъовеги инчӀого, ТӀумухъ гьоцӀучӀван, Аталасул МухӀамадгӀалихъе вилълъана гьев. Аталав вукӀана росдал къадру бугел, чӀахӀиял жамагӀатчагӀазул цояв. Араб соналъ цӀикӀкӀарав вас ХӀабибулагьги, жинца хьихьун вукӀарав яцгӀалалъул вас ХӀажиявги цояв чӀванин, цогидав араб бакӀ лъачӀого тӀагӀанин фронталдаса кагъталги рачӀун, кӀудияб къварилъиялда вукӀана Аталав. Росдал жамгӀияб ишалъулъ цебесеб кьерда вукӀунев чи вукӀиналъ, гьесулгун данбалин кьогӀаб хабарин хӀукму гьабуна ХӀафиз-ГӀумарица. ЦӀулал болъодухъа тӀаде гьав вахунаго, рагьун нуцӀагун, къватӀиве вахъун вачӀана, гъуждузде къокъаб къохьол хъабарчаги рехун, Аталав.

– ГӀумар, мунищ? ВачӀаха жаниве, – ян абуна гьес рахӀатхвараб гьаракьалъ. – ГӀайишаца абун батилаха дуда… Бакъанида колохъе анин мунан абунаха гьолъ.

– Щиб дида ГӀайишаца абизе кколеб? – ан гьикъана нуцӀихъа жаниве лъугьунев ГӀумарица.

Араб ихдал ХӀафиз-ГӀумарил лъади ГӀайишал вац МухӀамад рагъда тӀагӀанин кагъат бачӀун букӀана. Росдал гӀолохъабазул цевехъанлъун вукӀарав, кидаго жамагӀаталъе хӀалае чӀарав, лебалав гӀолохъанчи вукӀана МухӀамад. Ярагъ-матахӀ хирияв, гӀужилав чанахъанги вукӀана гьев. Рагъдаги берцӀодорав гӀужихъан вугин веццун кагъатги бачӀун букӀана командиразул. Гьоркьоб чанго моцӀ ингун, иргадулаб рагъулаб тӀадкъай тӀубазе арав тӀагӀанин кагъат бачӀана. ГьитӀинав вац ТӀалхӀатги фронталда вукӀиналъ, я рахӀатаб макьу гьечӀого яги парахатал къоял гьечӀого йикӀана ГӀайиша. «Цошина ТӀалхӀатиеги къварилъи кканадай?» – ян пикру хӀунсана гьасул рекӀелъ, Аталас духъе вачӀун вукӀанин абидал.

– Щибха букӀараб къваригӀел мун бакъанида дихъе вачӀине? Бугебищ цониги рокьукъаб хабар-жого? – ян гьикъана ХӀафиз-ГӀумарица шайтӀан-чирахъалъул загӀипаб канлъухъе къаданиб гьабураб Къуръан лъолеб

гордухъ квалквадулев Аталасда. – Дунни рокъовего щвечIо…Дуда дандбазе жо букIана…

– Дандбазе жо? – ан гьикъана кьурун гьасухъги валагьун, рахIатхвараб гьаракьалъ Аталас.

– У… «чIегIераб» кагъат…

– Щив? ТIалхIатищ? – ан тIоцебе ракIалде бачIараб яцалъул васасул цIар ахIана Аталас.

– Гуро…МухIамадгIумар… Яцалъул дурц. Долда гьеб бицине дида кIоларо… Духъе вачIана… РугIинув колохъ дандчIвана почалъулав, дихъе кагъат кьезе вачIун…

– ГIайиб гурищ! Сахав гIолохъанчи вукIана! – ян абуна Аталас, бакIго тахидаги кIусулаго. – Дир ХIабибулагьил гьудул вукIана. Бихьулищ кIиясулго къисмат…

Щиб абилебали лъаларого хутIун вукIана ХIафиз-ГIумар. Дагьай цее ясги хун къваридго, янгъизго хутIарай яцалъул ясалда тIадеги бачIараб кIудияб къварилъиялъул бицине жинда бажарунгутIи бичIчIарав гьав Аталавгун цадахъ ун лъазабилаян вукIана.

– Метер бицине тани киндай букIина гьаб хабар? – ан гьикъана гьес къваридал пикрабалъ гордухъа къватIиве валагьун хутIарав Аталав рекIеда ватизавизе гIадин – Рогьалил какда хадур рилълъинаан Асиятихъе…

– У. Гьедин гьабун лъикI. Бадал ГIумарги вачина цадахъ, – ян разилъана Аталав.

Риидалил цудунго, рогьалил какдаса хадуб, гордухъа чIвалеб загIипаб канлъухъе Къуръан цIализе лъугьана ХIафиз-ГIумар. КигIан кIваркьун тIаделъаниги, пикраби цойиде рачIунарого вукIун, данде къан Къуръангун, тIаде вахъана гьев. Нолъ рокъове щведал, жиндиего бигьалъи букIинеян лъади ГIайишада бицана гьас фронталда МухIамадгIумар къанщанин бачIараб ругьелалъул хIакъалъулъ. Гьанже гьав къватIиве къачIадулелъул ГIайишаги лъугьана хIадурлъизе.

– Мунги хIадурун йикIаха Кусуги ПатIиматги рачун Асиятие ракI-макIалъе хьолбохъ рукIине ва рукъ-бакI бакIаризе, – ян абуна гьес гьелда.

Цеве гьавун Аталавгун, ХIафиз-ГIумарги, Бадал ГIумарги, КъурбанмухIамад-дибирги жанире рачIингун, рукъалъул бокIнилъ кIусун агьиялда гIодулей ятана Асият. «Гьалда лъанищ МухIамадгIумарил хабар? ГIайишаца бицун борчIанадай?» – ан пикру гьабуна ХIафиз-ГIумарица.

– Аллагьасул гьадинаб букIун буго хIукму, дир яс… Сабру гьабе… ГIассияб рагъда камиялги, къварилъиги ккечIого хутIлищха… БетIергьанасе щукру буго рагъ нилъеда бихьизе течIелъул, – абун кIалъана Аталав, кIиябго квералъ гьумерги бахчун гIодулей Асиятихъ балагьизе кIоларого, гIодовеги къулун. – Щиб лъалеб лъукъа–къотIунги, дова-гьаниве ккунги ватизе бегьула. «ЧIегIерал» кагътал рачIарал чангиялги чIаго ратарал хIужаби ругелъул…

– ГьечIо чIаго дир МухIамадгIумар… Вуссинаро тIокIалъ дов! МоцIалъ цевего чIвана… Божизе бокьун букIинчIо! – ян магIилъанго кIалъана Асият.

– Сабру гьабе, дир яс. Дуда кин лъалеб дов моцIалъ цевего чIван вукIараблъи? Гьале кагъат, сон бачIана, – янги абулаго ХIафиз-ГIумаридехун виссана Аталав.

– Шамсиятица бицана…хвалда цебе, – ян щурун абуна, гIодулеб

гьаракьалъ Асиятица. – Ахирал рагIаби рукIана долъул гьел: «дада гьечIо… дун гьечIо», – ян. Цинги «ясин» цIализе ГIумарида хадуй йортана дун. Риччалъ йикIун абурал рагIаби ратилин йикIана…

ГIедегIун каранзул чвантиниса босун лъаббокIонаб кагътихъ валагьана ХIафиз-ГIумар. ХIакъикъаталдаги моцIги чамго къо тIадеги ун батана кагъат хъвавалдаса. Бихьинал гIажаиблъи гьабун, щиб абилеб лъаларого, ралагьун хутIана.

– Данде кколел ругоха къоялги. Рагъда эменги росулъ ясги цого къоялъ хун рукIун руго… Бихьулищ Аллагьасул вали гIадай Шамсиятихъе илгьам щун букIун буго… МашаАллагь, – ан такрар гьабуна сукI-сукIараб кагътихъги валагьун КъурбанмухIамад-дибирасги. – ЙикIана дой, мунагьал чурад, цо батIияй инсан…

Гьединаб гIажаибабги къваридабги лъугьа-бахъин ккана захIматал ВатIанияб рагъул соназда магIарул росулъ. КIикъоялда анцIгоцин цIараки гьечIеб росулъа лъеберго гIолохъанчи ана рагъде. Гьездаса анцIила анкьгояв нахъвуссинчIо… АнцIила анкьго рокъоб магIу бахъана дол соназда. АнцIила анкьго рокъобе кIудияб къварилъиялъул бицине хьвадана росдал хараби «чIегIерал» кагътал рачIиндал, рицине рагIаби ратуларого, кIудияб ургъалилъги пашманлъиялдаги, гьезие гIайибиял жалго ругел гIадин.

Бицине гIурус мацIги лъаларел, гьабураб гьунаралъулги кIварцIикIкIарал ишазулги лъазабизе батIияб ресги гьечIел гIолохъабазул чан гьунарги, бахIарчилъиги хутIун батилеб нилъеда рагIичIого, лъачIого…

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**



## ГЬИТIИНАВ ГIАЧИВЕХЬАСУЛ ЩВАНТIИХАЛЪУЛ САРИНАЛ

**– 1 –**

– Бабаца гьарурал цIурачадазул чехьги цIезабуна, гьанже бегьула дун гIорцIизегIан кьижизе.

Баба, баба, дие бокьун буго дуда аскIов, дуда къвалги бан вегизе.

Гьесул гьурмада букIараб гьими циндаго лъугIана.

«Баба, баба!» – ян ахIделев вукIарав гьев ворчIизавуна бесдал эбелалъул жийго гIадаб хъачIаб гьаракьалъ:

– Вахъа тIаде, гIела кьижарав, бабаги баба йикIанин дур гьей, макьилъги гIергIедичIониги гIелин, гIачи некIого ралагьун чIун ругин духъ.

Бабагун цадахъ вукIараб гьуинаб макьидаса вигьине кIоларого вукIана анцIго сон барав ХIосен.

Гьесда бичIчIана гьеб гIицIго макьу букIин. Бабал цIурачадазул бакIалда тIаргьинир ратарал ракъварал панкъил мочIабазда берчIайдал, синкъиялда гIодулев вугев ХIосенил магIил магIна кигIанго лъикI бичIчIулеб букIаниги, гьелъухъ гIинтIамичIо ГIунайзатица. Гьелъ хехлъи гьабун нухарегIана ХIосен рокъоса къватIиве. КъватIулъажойилан абун гурони, къанагIатги цIар ахIулароан гьелъ ХIосениде.

Гьевин абуни, баччун басрияб таргьагун, гIачиги цере къотIун, магIардаса тIаде харунго харун унев вукIана. Гьесдаса гирун рачIунел гьоло-гьоло гIадал гIетIул гаразги, тIаса гъоркье гьелгун цолъизе гIедегIун гирулел тIухьигIан бакIал, рухIарал магIил гаразги хIаракат бахъулеб букIана цолъизе. Гьез цоги нухалда ракIалдещвезаюлаан ХIосенида, киданиги гьесда пикрабазулъа нахъе ячахъизе кIвечIей эбел.

ХIанчIазул чIичIиялъги, мугIрул ахалъудасан чвахулел лъаразул чилиялъги, мугIрузул тIогьазда тIавап гьабулел пахруял цIумазул чIухIараб рорженалъги, роцIараб зодисан цIик-цIикиялда баккун, тIолабго ракьалдаго ханлъи гьабулеб бугеб бакъул чIоразги, чIоразухъе цIаруцIунел ругел роол гIидраялда рижарал кьер-кьерал тIугьдузги, бакъулгицин нур свине хIалалда киса-кибего гвангъун бугеб тIабигIаталъги – гьеб киналъго хIухьбахъизе

гIодов чIарав ХIосенил кодобги, рекIелъги, каранлъги, тIолабго чорхолъги маго-майилан лъолеб букIана эбелалъул сурат.

МагIарда бижараб гIурчиинхарил щибаб сум рикIкIун рогьалилъ гIалахалда рещтIунеб щубилъ басандулеб хIутI-хъумурги – гьеб кинабго цолъулаан, гьитIинав гIачивехьасул щвантIихалъул пашманал сариназухъ гIенеккизе.

ДахIадада АхIмадица кьун букIана гьесие щвантIих. Гьес ругьунги гьавун вукIана ХIосен щвантIихалда бакънал рачинеги. БоцIиги росулъехун нухарегIун, цо-цо сардилъги магIардаго чIолаан гьев. Гьениб гIатIилъун бачIунаан ХIосение дуниял. Гьасухъ рухIдалго балагьун бугеб шагьримоцIалъги аскIорго кенчIолел цIвабзазги ахIулеб бугин кколаан, гIумру лъугIулеб гьечIин, гьеб гьанжего гьанже байбихьулеб бугилан. ЩвантIихалда цадахъго гIодулел ругел гьезул магIу бихьулароан гьитIинав ХIосенида. Гьеб рогьалилъ щубалде сверулаан. Гьале къасиги магIарда чIезе ракIалде ккана гьесда.

Бокьун букIана къасиги макьилъ баба ячIине, гIорцIизегIан квенги босун. Гьасул букIана бабае, цохIо бабае ургъараб бакъанги, цохIо-дойги ХIосенги. Бабал квенчIелтIа бетIерги лъун, цин сихIкъотIун чIезе вуго гьав, цинги бабал квераз гьабураб тIагIамаб кванил хIалбихьизе буго. Цинги бачине буго ХIосеница бабае бакъан, цохIо гьелда гурони рагIизе гьечIеб. ШагьримоцIрол канлъухъе, цIвабзазул сариназухъе, тIугьдузул цIураб авлахъалда гьуинго кьижарав ХIосенил гьурмада рещтIана талихIалъул расеназ угьараб гьими – гIицIго лъабалго – ХIосенги, бабаги, щвантIихалъул бакъанги.

Гьединал сардазухъ урхъун, хекко кьижизе бокьулаан гьесие.

ХIосеница ункъо сон бараб мехалда, хвана гьесул эбел. ГIемераб мехалъ хIехьечIо инсуца къороллъи. Гьес къавулъе цIаралъе ракI-ракIалъ къабуллъичIо ХIосен. ТIоцебесеб къоялъго бичIчIана гьеб гьитIинав васасдаги. Амма къисматалъе мукIурлъичIо рес букIинчIо гьесул.

ХIосение цIакъ рокьула жиндирго гьитIинал яцакабиги.

Къаси свакан рокъове вачIарав гьесие бигъараб дуниял роцIцIун унаан, Асиятги Аминатги вацакойиланги ахIделаго, данде рекерун рачIиндал.

Цинги бицунаанха гьез къоялъ ккара-таралъул, жидерго эбелалдасагицин гьасде гIарзал гьарулаан, кьабгIанин, руханилан…

– 2 –

Цо къоялъ хIалтIудаса кватIун рокъове вачIунев ХIосенида ракIалдеккана кIодоэбелалде ваккизе ине.

ДахIадада хваралдаса нахъе, унтаби гIемерлъана гьей пуланалъул. Гьелда ракIгурхIун вукIунаан ХIосенги. Гьабизе кIолеб кумекги букIинчIо. Гьельги хIаракат бахъулаан цохIо йигей ясги хун хутIарав гьитIинав ХIосенида цебе щибго унтулеб гьечIеб ххвел гьабизе. Амма дахIабабаца кигIан хIаракат бахъаниги, ХIосенил ракI бецIцIулеб букIана, къобахъанагIан тату холеб бугей гьелъухъги валагьун. Гьесда бичIчIулеб букIана, дахIабабаги къанщани, жив тIубанго бесдаллъулевлъи.

МагІил цІурал бералги къапезарулаго, гьев дахІабабаде аскІове вачІана, ва цо лахІзаталъ гІунун хутІана, гьелъул каранде бортизе бетІерги биччан.

Гьесие цІакъ бокьун букІана гьей гъарималъул унти бигьа гьабизе.

Ва ХІосенида ракІалде ккана цо моцІалъ гІачи хьихьун щвараб гІарцуде дахІабабае дараби росизе. Гьев живго ана росулъе, гІарац бакІаризе. Росуцоял хІикмалъана. гІарцуда хадув вачІарав ХІосен вихьидал – гьев цониги нухалда живго унарев вукІиндалха гІарац бакІаризе. Гьесда рихьизецин рихьулароан гІачи хьихьун щварал гъуршал. ГІунайзат жийго унаан гьезда хадуй щивасул рокъое.

Цо-цояз ургъунго, ХІосенихъе кьезе рукІиналъе гІоло, гьечІилан тІасайихьизаюлаан гьей. Амма гьелъ ахІи-хІур бахъинабулааан, цинги рес щибха гьезулги. ГІунайзатил ццидалаб гьаракь гІодобцинародаян, кьун гІарацгун, хехго нухарегІулаан гьей.

Кколеладасаги цІикІкІун кьолеб букІана гІадамаз ХІосение гІарац, цояз – рохун, цояз – гурхІун, цогидаз  – вай аманилан бачунаго.

Гьез ХІосенида малъулебги букІана, гІарац, ГІунайзатихъе щвелалде, дахІабабахъе щвезабейилан. Гьезда лъалеб букІиндалха гьеб гІарцуде талихІкъарав ХІосеница дахІababa сахлъизайизе йикІин.

Амма гьесда лъаларoан дахІабабал унти жиндир дагьа-макъалго гъуршаз сах гьабулареблъи. Цо талихІалъ, гьесул рес ккана, бакІарараб гІарац дахІабабахъе кьезе. Гьей гъарималъ инкар гьабулеб букІана гІарцудаса – гьелда лъалеб букІиндалха ГІунайзатица васасе кьезе бугеб гІакъуба.

Амма хварай эбелалъул цІаралдаса ХІосен гьардедал, гьелъул ракІ хІеккана ва гІеккезе лъугьана. Хабар-кІалалда рукІана дахІабабаги васги. Гьелъ ХІосение рицунел рукІана гьитІинав гьесул гІумруялдаса кепал лъугьа-бахъинал. Эбелги ракІалдещвана гьезда.

Цо заманалдасан бахъанаха сверухълъиго гьаргъазабулеб гІадаб гьаракь – ячІиней йигоха ГІунайзат бика ахІи-хІуралда, ва, къвалакь кІиябго кверги чІван, загІ битІун дахІабабада цее эхетана гьей:

– Йо, дуда яхІгойиш гьечІеб, росулъ лъугьун гІарац гьаризе гьав бесдалавги тІамун. Росуго белъанхъилеб буго, хераб чудук, –  илан гьелъ абун бахъиналде, кІанцІун тІадеги вахъун, ГІунайзатида цеве чІана ХІосен:

– ГІела дуе! Те ниж жалго. Гьай дахІабабаги дир, дунги гьалъул. Дур щибго хъулухъ гьечІо нижеда гьоркьой кІалъазеги. ТІокІалъ рокъове вачІинаро дун. Дида чІалгІана мунги дур бакъназухъе кьурдулев вугев дирго дадаги.

Бокьани чІвай дун. Амма дица хІетІегицин чІеларо дир талихІ бикъараб минаялъубе, – йиланги ахІун, кьабгІизе рукъалъул нуцІаги гьабун, гьев къватІиве тІурун ана.

Рихха-хочарал ГІунайзатги дахІабабаги лъикІ мехалда цоцазда абизе рагІигицин батуларого хутІана.

Заманалдасан йигьарай гІадин лъугьарай ГІунайзат хичана дахІабабаде:

– Гьалеха дур тарбиялъул хІасил. Бихьанищ? Эменгицин рихинавун вуго васасда. ЧІаха цо  балагьилин нужехъ. Къасиго рагІилеб дуда инсулги

васасулги букIине бугеб «кьвагьи» – янги абун, дахIабабаца бицунелъухъ гIинги тIамичIого тIурун ана ГIунайзат.

Гьеб сордоялъ рокъове вачIинчIо ХIосен. ДахIабабахъеги тIадвуссинчIо гьев.

Босун жиндирго щвантIихгун, сардилъ вахъун, гьев ана магIарде. Гьев вачIиналъухъ халккун чIун рукIана зодоб шагьримоцIги гьеб сверун кьурдулел цIвабиги, ракьалдасан гьеб хIикматалъ хIайран гьарурал, сардил хьаравулзаби – мугIрул-щобалги. Гьеб сордоялдаса къваридаб сордо ХIосенил къисматалдаго кIетIон батиларо:

– Гьалеха, баба, дур вас. Лъала зодосан мун ялагьун ятулейлъиги, дуда дун вихьулев вугеблъиги, дир гIодиги дуда рагIулеб букIин. Баба. Кье дие жаваб. Щай лъутарай мун дидаса. Щай дир щибаб къоялъ бадисан бурулеб магIица чурулеб чиякъаб гIумру? Гьеб магIу бацIцIинегицин цохIо дахIабаба гурони гьечIо дир.

– Баба, ячIаха къасиги дихъе макьилъ. КидалгIагидай дун кIудияв гIелев. Гьебгицин бокьун гьечIо дие. Щай дие зазил цIураб сухъмаздасан ине гурони рес гьечIеб гьаб гIумруги.

Гьеб лахIзаталъ зобалаз тIолеб магIу ракьалъ хIалицаго гIадин хIехьолеб букIана.

РечIчIунго речIчIун рачIунел гьел магIил гараз чIурхIулеб букIана ХIосенил щвантIихалъ рачунел бакъназ пана гьабураб, метер радалги гьесул гIачияз квине бугеб гIурччинхер. Гьелдаго цадахъ шапун унел рукIана гIумруги тIабигIатги берцинлъиялъе рижарал кьер-кьерал тIугьдулги. Гьесул пикраби рихха-хочана – нахъасан мугъзада инсуца кьабураб тIилалъ тIанкIан гIодов ккезавуна ХIосен.

КъватIулъажойиланги абун, гIодов ккарав гьесда тIад малалги ралел рукIана гьес.

Шапана ракьалде щвантIихги. КъотIана гьелъул бакъналги…

## – 3 –

ТIокIалъ тIадвуссинчIо ХIосен инсул минаялъуве…

Чан нухалъ эмен хадув вачIаниги, инчIо гьев. ХIалица вачинеян чан нухалъ лъугьаниги, кIвечIо инсуда ХIосен итизавизе.

Унтарай дахIабабада аскIов вукIине кколин живилан, кьварун кIалъана гьев инсуда.

ХIосенида ракIалдецин кколароан, гьедин, гьаракь борхун, кIалъазе кIвелин инсудайилан.

РекIел тIинда бахчун букIана гьес инсуде бугеб рокьи. Амма гьеб къватIибе загьир гьабизе, гьесие квалквал гьабулеб букIана ГIунайзатиде бугеб рокьукълъиялъ.

– Гьардарав Аллагь! ЦохIо чIужугIаданалъе киса гьабгощинаб ццинги, хьачIлъиги, квешлъиги. Диеги бокьун букIанагури, бабагIадин гьейги йокьизе. ХIаркатги бахъулебги букIана. КигIанго берцин вихьизе хьваданиги, вокьичIо дун гьелъие. Гьелъ рикIкIад гьавуна эменги дидаса. Гьабищха доб,

киназего бокьулеб гIумру, жиндаса ратIалъизе гIаламго хIинкъулеб. Диеги бокьун буго гIумруялъ веэдизе, гьеб дие гьимизе, гьелъ кьураб талихIалда къвал базе, – гьединал пикрабазда вукIана, соназ гьитIинав вукIаниги, къваридаб къисматалъул къорикье ккарав ХIосен.

ЧIегIерал накIкIазул цIураб зодисан тохлъукьего баккараб багIарбакъалъун рукIана гьесие кIияйго яц.

Вацакойиланги ахIулаго, данде рекерун гьел рачIиндал, вохиялъ анкьабилеб зобалазде вахунаан гьев.

Цояб рахъалдасан-цояй, цогидаб рахъалдасан – цогияй, кIияйго яц чIолаан, гьасда къвалалги ран, гьасул кIаркьеналда жидерго кIаркьабиги цун.

Гьел гIемер щолаан ХIосенихъе, цо-цо эбелалдасаги лъутунги рачIунаан дахIабабахъе. Гьезиеги дахIабабалъун лъугьун йикIана вацакол кIодо. Гьейги урхъун ялагьун йикIунаан гьел рачIиналъухъ. ДахIабабаца хIаракат бахъулеб букIана, яцалги ХIосенги кIвараль гIагар гьаризе. Гьелда бичIчIулеб букIана жиндирго чорхол хIалги, гIемераб заман жиндие хутIун гьечIолъиги.

Лъалаан гьелда гьесул талихIалда накъишал гьез угьизе рукIинги…

Боржунеб гIумруги букIана, кIудияв гIолев ХIосенги вукIана.

ГIажаибаб жоха бугеб инсанасул гIумру. Жив бищунго талихIав вугилан гьесда ракIалде ккарабго, бачIун хьолбохъ рещтIуна къварилъиги. Цоялъ цояб хисулаго, цоцалъ багъулаго, цояб цоялдаса цебе ккезе къваригIун букIуна гьеб кIиябго.

ЦIалул сон лъугIидал, риидал жиндирго ругьунаб хIалтIуде, боцIуде вахъунаан ХIосен.

Гьесул анищ букIана, гIемераб гIарацги бакIарун, жиндирго мугъчIвалеб бакIлъун йигей дахIабаба сахлъизе гьайизе.

Цо капекцин гIадада хвезабулеб букIинчIо гьес. ХIосен хIадурлъулев вукIана дахIабабада гьаюораб къо баркизе – кIиго анкьидасан гьелъ базе букIана лъабкъого сон.

Гьев ургъулев вукIана киндай дахIабаба хIайран гьайилелилан.

Ва ахир-къадги хIукму гьабуна. Жиндирго анцIила щуго сон тIубайги дахIабабал лъабкъого сон тIубайги гьабизе букIана цо къоялъ, классцоялги, гьудулзабиги, гIагарлъиги ахIун. Гьенир ХIосенил яцалги рукIине рукIана. Гьес кIиго лъел къатIрагIан цоцазда релълъарал Асиятиеги Аминатиеги релълъарал гурдалги росана.

ДахIабаба къачIазеги йикIана гьас. Гьесда лъалаан дахIабабае бищунго гIурччинаб кьер бокьулеблъи. Ва ХIосен ана руччабазе ретIел букъулей Хъатуниде аскIове. Гьелда лъалаан дахIабабае кинаб горде рекъолебали. Гордеялда тIасан чIвазе хъахIаб шалги босана ХIосеница дахIабабае. Цо букIараб берцинаб, черхго бахчараб шалха гьеб! Гьелда угьун рукIарал берцинал накъишалги.

Гьеб къоялъ кьурдизеги яхьинайизе йикIарай гьес дахIабаба.

Гьеле гьеб къоялъ ХIосеница жинцаго бахъизе букIана гьелъул ботIродаса яс хваралдаса бахъичIеб чIегIераб шал.

Ва гьелъул бакIалда – тIох гIанаб хъахIаб шал.

Гьединал хIеренал пикраби-анищазда вукIарав ХIосен гъапуллъун ккана.

Гьалеха гьанжеги гьасухъе ячIана эбел. Амма щаялиго гьей жакъа йоржун ячIуней йикIана.

Вабабайха, гьасул бабал берцинлъи. ГIебеде квералги ритIун, гьелде данде векеризе бокьун букIана гьесие, амма тIаде вахъине кIолеб букIинчIо. Заманалдаса гьесда йихьана бабаде данде йоржун уней дахIабаба. Гьелда тIад ретIун буго ХIосеница сайгъаталъе кьезе бугеб гIурччинаб гордеги, ботIрода чIван букIана хъахIаб шалги.

ДахIабабайилан, бабайилан хадув ахIделев ХIосенги тун, цоцазул квералги ккун, кIиялго цереса тIагIун ана…

Макьидаса вигьине кIоларого вукIана ХIосен. Гьасул тIолабго черх цIунцIрахун унеб букIана. ХIосенида ракIалдещвана дахIабабаца жиндиего бицараб хабар.

Дол рукIана гьасул эбел, дахIабабал цохIо йигей яс хварай къоял.

Киндай ясалъул цохIо вугев дарман гIодовевиччазавилейилан йикIарай дахIабабаца бицана ХIосение гьесул рекIелъ хIикматалъул нур рещтIинабураб недегьаб бицен.

Гьеле гьеб бицен ракIалдещвана ХIосенида:

– ГIодуге, бабал дарман. Дида анкьица цебе макьилъ бихьун букIана хIикматаб маргьа – дур бабахъе ячIун йикIана цIакъ берцинай яс, йоржунха гьей ячIине йикIарайги. Гьелде данде йоржун уней дур бабаца диде ахIулеб букIана жиндир ХIосен цIунейилан. Дур баба ятула алжаналъуй. Мунгиха гьелда кидаго вихьулев. Жиндаго хадуй ячIун йикIарай ясги цадахъ ячун, гьей къойил йоржуна зобалазде. Ва гьелда рихьула дунги мунги. Воре мун киданиги ракIбакъван вукIунге. РакIалда бугищ инсуца мун малаца вухараб къо. Цинги бараб горогун цIад. Гьеб букIана эбелалъул магIу. Гьединлъидал, нилъеца хIаракат бахъизе кккола эбелалъ зобалаздасан нилъее ритIулел тIугьдул речIангутIизе. Доб къоялъ бараб гарица чIварал тIугьдул тIокIалъ чIаголъичIо.

Нилъеца гьел гьоркьоса къотIичIого лъалъазе ккола бабаде бугеб рокьиялъ. Дур бабаца, ай дир ясалъ гIемераб лъикIлъи тана ракьалда. Аби буго, лъикIал гIадамазда хадур берцинал хIурулгIинзаби рачIунилан.

ДахIабабаца доб мехалда бицараб хабар, макьидаса вигьиндал ракIалдещвана ХIосенида.

– Унго-унголъунги баба дахIабабада хадуйдай ячIун йикIарай. Щайха дол цадахъ арал? ХIурулгIиналъул сипаталдацин гуродай баба ячIун йикIарай дахIабабада хадуй?

Жиндагоцин лъачIого, дахIабабайилан ахIун биччана гьес. Гьеб гьаркьихъе цояб рокъоса екерун ячIана дахIабаба.

– Щиб, дару-дарман, дуе? Лъица мун, квешаб макьуйищ бихьараб, дахIабабал рекIел тIегь?!

«Унге, дахIабаба бабада цадахъ!» – ан ахIдезе бокьун букIана гьесие, амма кантIарав кинигин, хабар батIияб рахъалде сверизабуна:

– РачIа, дахIабаба, дир гьудулзабиги рикьа-риххун иналде, нилъеца кIиялго гьарураб къо кIодогьаби цо анкьалъ цебебахъизе, – ян абуна гьес, синкъиялда гIодулаго.

Гьесул ракI хIалакун букIана. Къадги-къасиги рахIат толеб букIинчIо бихьараб макьуялъ. ДахIабабаги разилъана ХIосеница абуралда.

**– 4 –**

Гьалеха тIаде щвана дахIабабалги ХIосенилги цойиде босун гьабулеб байрам. ДахIабабал берцинлъиялъ хагазавун вукIана ХIосен, гьас букъизабураб гIурччинаб гордеги, гьелда тIасан черхго цIун хъахIаб шалги. Гьеб параялъги гьасда ракIалдещвана анкьалъ цебе жиндаго бихьараб макьу. РачIана гьудул–гьалмагъзабиги. Гьезде цебе квен лъолей йикIарай дахIабаба тартадизе лъугьана. БихьичIеб ххвел гьабуна ХIосеница. Байрамалде рачIаразул гьариялдалъун кьурдизеги рахъана дахIабабаги васги. ДахIабабаца хIаллъазе толеб букIинчIо – цохIо гьелда рагIулеб букIана рагьдухъан нуцIида кIетIолеб бугеб хвалил гьаракь.

Ва заманалдаса гьей нахъехун рехун ана…

Бакъанил гIужалда юкъана дахIабаба. ХIосен гIемер гьардон–гIодун, гьелда ретIахъего тана гордеги, чIвавухъе тана шалги.

Нахъойги рачана ХIосенил щватIихалъ пашманал бакънал…

**– 5 –**

Къойил рогьалилъ, боцIуде иналдеги, бакъанида, боцIудаса вуссиндалги, гьев щолаан дахIабабахъеги бабахъеги. Дагьабго добегIан букIана инсул хобги…

Гьале жакъаги инев вуго ХIосен хабзалалъе. ТIоцеве гьев щвана инсухъе. Гьес инсуе бицана жиндирго чиякълъиялъул санагIалъи бахъиялъул. Инсул зонода къвалги бан, гьеб къоялъ тIоцеве гIодана ХIосен. ТIоцебесеб нухалда гьеб къоялъ абуна гьес жив тIасалъугьанилан…

Инсуца угьун биччанилан кколеб букIана. Живго ХIосенил черхалъеги гIажаибго тIадагьлъи бачIана.

Гьалеха дахIабабалгунги къолъикI гьабуна гьес, бабаеги гIодана гьев. Гьесул магIугун жубана, бухIун щвараб бакъул гьумерги чурулаго, чвахунго чвахун базе лъугьараб цIад.

– Гьеб батизе ккола дахIабабалги бабалги магIу, – ян ракIалдеккана ХIосенида.

Гьев зобалазде валагьана – ХIосенида рихьулел рукIана жив цIияб гIумруялде нухарегIизе рачIарал дахIабабаги бабаги.

**– 6 –**

Росдал школаги лъугIизабун, ХIосен ана мединститутталде цIализе. Росдал боцIуда вугониги, цIали рехун течIо гьес. Кидаго цадахъ рукIунаан тIахьал. ГьитIинго берцин бихьана тохтурасул хъахIаб халгIат. Школалдаги анцIила цоябго соналъ лъикIал къиматазда цIалана гьев. Институталдаги цIалул цевехъанлъун вукIана гьев. БагIараб дипломалда лъугIана институт.

Цинги ординатура, аспирантура, чанго соналъ къватIисел улкабазул клиникабазда хIалтIи, махщел камил гьаби…

Гьале жакъаги щвана ХIосен росулъе. ЧIобого ва чиякъго хутIараб дахIабабал минаялъухъе иналде, гьев ана хабзалалъе. Жакъаги цолъана гьасул магIугун зобалаздасан чвахулеб дахIабабалги бабалги магIу. Дагьабго добегIан-гьасухъ балагьун букIана инсул хабада чIвараб чиякъаб зани. АскIоб – гьитIинав ХIосение эбеллъи гьабун бажаричIей чIужугIаданалъул хобги. Росулъе валагьун ана ХIосен. Гьас кавудахъе гали тIамурабго, дандего роргун рачIана гьитIинав вехьасул щвантIихалъул бакънал. Гьаб нухалда гьелъ рачунел рукIана талихIалъул бакъанал. Къасиялдехун гьев яцазухъе гьоболлъухъ ана. Гьел рукIана гьасул талихIалъул хIанчIил хIеренал хIулабилъун. ХIосенилги гIун рачIунел рукIана лъимал – инсул цIар лъурав васги, дахIабабалги бабалги цIарал лъурал ясалги.

ГIажаибаб жо буго инсанасул гIумру. Гьелъ цин инсан жиндирго гIоралъ восизавула, цинги рагIалде рехула, цин карачелалъ вукъизавун, цинги тIаде вахъинавун, гьевгун къеркьолеб букIуна. Гьелъ инсанасул хIалбихьула. Жиндир квекIеназде данде къеркьон бажараразе гьелъ рагьула даимал шагьраби. Гьале гьел шагьрабаздасан сабурго жиндирго къисматалда цадахъ, талихIалъул хIанчIил куркьбаздаги рекIун, воржунев вуго ХIосенги.

Ва цIидасанги рагIулел руго лъимерлъиялъул махIалъ цIурал щвантIихалъул талихIал бакънал.



# Гьалбадерил пикраби

**Александр ПРОХАНОВ**



## ДИР ДАГЪИСТАН

Кинал анищал ругел Дагъистаналъул халкъалъул: магIаруласул, даргинасул, тумасул, Дагъистаналда гIумру гьабун ругел гIурусазул, азербайджаназул, армяназул? Кин дида бичIчIизе кIвелеб гьеб хIикматаб, тамашаяб, гIажаибаб ва захIматаб тарихалъулаб мугIрузулаб улка?..

Дица гьеб халкъалъул анищ балагьулеб буго тIегьарал цIолбол ахазулъги, гъутIбузулъги, гьез кьолеб алжаналъулаб махIалъулъги, къулун балагьулел, тIину бихьуларел, гъваридал кIкIалазулъги, цо дора, цо гьанир, бацIцIадаб ракьулъан рецIцIулел цIороральл иццазулъги, борхараб мегIералъул тIогьив гIодовги вукIун, зодихъ роржанхъулел хъахIал накIкIазулъги. Бокьун буго дие рагIизе гьеб анищ чайханаялда гIодор рукIун чай гьекъолел гIадатиял гIадамаздасаги: гьез, гIодобе биччараб гьаракьалдалъун, бицунеб буго дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъулги, хIалтIи-ишалъулги, хъизан-рукъалъулги. Дица гьеб халкъалъул анищ балагьулеб буго гIелмуялъул кIалгIабахъги, бахIарчиял, террористалгун къеркьарал, рохьаздагун кьурабалъ рагъарал ва ругънал щварал, кирго лъадарарал багьадурзабазулъги. Рорхун квералгун, роржунел хIанчIазул куркьбал гIадин, кьурдулаго лъедон унел, гьайбатаб гьунаралъул, тIадагьал хIатIазул кьурдухъабазулъги.

Дагъистаналъул анищ – щиб гьеб? Рагье дие дурго балъголъи: дур хIеренлъиялдеги гучаб къуваталдеги…

Гьале дун гара-чIварулев Республикаялъул бетIер Васильев Владимир ГIабдугIалиевичгун. Гьев, хъахIаб бетIералъул, офицерасулаб къамартIаб лага-черхалъул, рекIелъ босулеб куц-мухъалъул чияс, гIодове виччан, ургъулаго, бицунеб буго жакъа республикаялда бугеб захIматаб ахIвал-хIалалъул, тIатинарулулел ругел цIогьазулги, хиянатал хIакимзабазулги хIакъалъулъ.

Россия ургъалилъе ккун буго шагьаралъул рагIаллъаби цIун бугеб рищни-къулиялъги, чороклъиялъги, гьез хвезабулеб буго тIабигIатги,

гьелъул берцинлъиги, инжитаб хIалалде ккезарулел руго архитектуриял памятникалги. Гьел суалазда хурхун гьарулел тадбираз жеги тIубанго хIасил кьолеб гьечIо. Гьел промышленниял ва рукIа-рахъиналъулал хутIелазде кIудияб кIвар кьолеб буго гьабсагIат Россиялда. Гьезде данде рагъ гьаби ккола, «Арктика» яги «Дальний восток» проектаздасаги гьитIинаб гьечIеб кIваралъул иш.

Гьаниб Дагъистаналда Васильев бетIерлъуде вачIаралдаса чороклъи биччангутIиялде, рацIцIа-ракъалъи гьабиялде цIакъго кIудияб кIвар кьолеб буго. ТакъсирчагIазде данде къеркьеялъулъ кIудияб хIалбихьи бугев Васильев Дагъистаналде вачIин ккола В.В.Путинил буюрухъ – гьелъул масъалаги букIана Васильевас гьабулеб хIалтIи Дагъистаналдаса байбихьараб тIолабго Россиялдаго гьабизе ккезе букIин – пачалихъалъул буголъи бикъулел цIогьал тIатинари.

Дагъистаналда коррупциялъ кьалбал риччан руго гъварилъуде, гьеб цIакъго щулалъун ва кутаклъун буго. Гьел коррупициялъулал рахчун руго, бекизе кIолареб, канлъи бихьулареб, гьаракь рагIулареб, биццатаб цIорода нахъа. Гьезулгун кинабгIаги бухьен гьечIо гIадатияб, мискинаб халкъалъул. Гьез кваналеб буго халкъалъе къваригIаралъе биччараб гIарацги, бикъулеб буго казнаялъул кинабгIаги буголъиги, махсароде кколеб буго халкъги. Школазеги, ясли-ахазеги, больницабазеги биччараб гIарац буго хIакимзабазул чунтбузухъе. Гьанже, дагь-дагькկун, гьел цIогьал кколел руго ва гьезухъа бахъараб гIарац халкъалъул къваригIелал тIуразаризе биччалеб буго: къачIалел руго нухал, гьарулел руго ремонтал, кумек гьабулеб буго цIакъго ресукъал, мискинал гIадамазе.

Киналго цIогьалги кквела, гьез бикъарабщинаб гIарацги республикаялъул казнаялде буссинабила – цинги хадуб? Щибха гьабизе бугеб хадуб? – ан гьикъулеб буго Васильевас. Гьабила дица дида бажарабщинаб, божила дида гIадатияб халкъ, цинги гьезул божилъиялъеги хьулазегиги ритIухъавлъун вукIине ккеларищ дун? ЦIогьал кквеялдалъун лъугIуларелъул хIалтIи – гьеб батила тIоцебесеб гали, мискинаб халкъалъул гIумру-яшав хисиялъе. Цинги ургъизе ккола кинаб букIине кколеб кIиабилеб гали, щай гурелъул, дихъ ралагьун руго гьел гIадамал, дида божун руго…

Васильевас Дагъистаналда коррупциялде данде гьабулеб рагъ – гьеб кколаро гIадатияб, къойилго гьабизе кколеб хIалтIи – гьеб ккола гIемерал соназ, наслабаз наслабахъе кьун, тIубанго щулалъараб системаялде буссараб такъсирчагIазул, бахъизе захIматаб, щулияб хьала гIадаб жо. Гьездаса республика бацIцIад гьаби, гьезул кьалбал ракъвазари – гьеб бигьаяб иш гуро. БукIарабани гьеб хъахIал квердаххелалги квераздa ххун, лабораториялда гIодор рукIун гьабулеб хIалтIи, йохъ, гьеб буго вахIшияб, тату хвараб, сихIираб ва хIалихьатаб дандечIеялъулаб, рагъ, гьеб унеб буго сверун борхатаб къедги бан, гьезда нахъа ругел чIухIарал бечедазул рукъзабахъги, хIакимзабазул-цIогьазул кабинетаздаги, къаси гъоркьчIел гьабулел нух-рахъаздаги, спецотрядалги.

ТIолабго Россиялъ бетIер къулулеб буго полициялъул лейтенант, гIолохъанчи МухIамад НурбахIандовасул бахIарчилъиялъе. Хъачагъаз гъоркьчIел гьабун, ракIалдаго гьечIого, кверде восана гьев. Гьез, тIаде ярагъ битIизабун, хIинкъизавулев вукIана гIолохъанчи, тIамулев вукIана

офицерасул гьаялдаса инкар гьабизе, жиндаго цадахъ хIалтIулел полициялъулазде хъитIаб гьабизе, вагьабиязде данде чIечIого, ярагъ гIодоб лъеян. Гьеб хиянатлъи гьес гьабуни, гьез рагIи кьун букIана гьев чIаго тезе. Амма квералги бохдулги рухьарав, тIаде автоматалги ритIун чIезавурав гIолохъанчияс ахIана: «ХIалтIе, вацал!» – илан. Гьел рагIаби рукIана гьесул ахирисел рагIабилъун, хIалихьатал, иманалъул ва инсанлъиялъул асар чорхолъ гьечIел хъурумсахъаз речIчIараб гуллица гьесул абадиялъего хIохьел къотIана.

Дун щвана БахIарчиясул ВатIаналде – Сергохъалаялде. МухIамад НурбахIандовасул цIар кьуна буго бищун кIудияб къватIалъеги, гьединго гьесул цIар кьун живго цIалараб ва меседилаб медалалда гьес лъугIизабураб, директорлъунги МухIамадил эмен вугеб школалъеги. Росуцояз гIарацги данде гьабун, бан буго БахIарчиясе памятник. ЦIалдохъабаз сочинениязби хъвалел руго гьесул гьунаралъул бицун. Хвалда цебе бахъараб гьеб видеоролик, гьес абулел, даимго хвел гьечIел рагIабигун: «ХIалтIе, вацал!» Гьелъ тамашалъизабуна цохIо Дагъистан гуребги, Россия гуребги, тIолабго Европаги, Америкагун цадахъ.

Сундуе гIоло кьураб, гIолохъанаб завалада бугеб, тIегьалеб гIумру гIолилас? Сунда ургъулев вукIарав гьев жиндирго гIумруялъул ахирисел минутаз? Гьес гIумру кьуна – гIумруялдасаги къиматаб, бичун босизе щолареб, бищунго хирияб яхI-намусалъе гIоло, офицерасулаб гьаялъе гIоло, инсуца кьураб тарбиялъе гIоло, живго гьавураб ва гIураб росдае гIоло, жинда цIар бугеб «Россиялъе» гIоло.

ГIолохъанав дагъистаниясул хIаракатчилъи релълъуна гIурус солдат Евгений Родионовасул бахIарчилъиялда – гьевги хвана вахIшияб хвелалдалъун, хиянатлъиялъе мутIигIлъичIого.

Нилъер ватIан – жакъасеб Россиялъул руго чанги гIемерал гIунгутIаби: чанги гъалатIалги, мунагьалги, гьеб гьечIо камилаб ва цIубараб. Амма, цо хIужжа буго гьелъул даимго хисулареб – гьеб ккола нилъер рагъухъабазул, нилъер солдатазул, нилъер бахIарзазул яхIги, намусги, къохIехьейги, ватIаналъе ритIухълъиги. «ХIалтIе, вацал» – гьеб васигат тана нилъее хвалда цебе гIолохъанав бахIарчияс, офицерас-дагъистанияс. Нилъер жакъасеб Россиялъе кутакалда хIажат руго бахIарзалги, гьунаралги, МухIамад НурбахIандов гIадал хIинкъи-къай гьечIел васалги.

Къого соналъ цебе Дагъистаналъ хвасар гьабуна Россия. Россия къуна тIоцебесеб чачаназулгун букIараб рагъда: Хасавюрталда гьабуна инжитаб рекъел, гьелъул хIасил букIана гьадинаб: Москва разилъизе ккола Ичкерия абун, жибго жиндаго чIараб хIукумат букIиналда. Террорист Яндарбиев, гъаракул тIагъурги бетIералда лъун, Кремлиялда гIодов чIун вукIана, Россияйин абуни къварилъахъдулеб букIана гьеб ахIвал-хIалалъухъги балагьун. Пашманлъиялъ цIун рукIана гIурусазул ракIал. Шамил Басаевас гIуцIул букIана къуватаб, рагъул хIалбихьи бугел рагъухъабаздаса данде гьабураб, боевиказул къукъа, гьенир рукIана: чачанал, уйгурал, гIарабал. Гьес гьеб къукъа, мугIрул ккун, бачана Дагъистаналде. Басаевасул мурад букIана Дагъистангун цолъизе ва гьелги жидедаго цадахъ рагъ гьабизе тIамизе ва Ичкериягун цолъун, къуватаб, Россиялдаса тIураб гIуцIизе. Амма дагъистаниял Россиялъе хилиплъичIо, гьез Басаев Шамилги гьесул къукъаги

къабул гъабичIо. Гьеле гьелъулъги буго мугIрузулаб Дагъистаналъул кIодолъиги, бахIарчилъиги, ритIухълъиги. Гьелъухъ Россиялъ кьолеб буго Дагъистаналъе даимаб баркалаги ва кидаго хIадурабги буго гьеб бахIарчияб улка цIунизеги. Болъихъ хваралщинал бахIарзал хвана Москваги, Петербургги, Уралги, Сибирги цIунун.

Дол бищун хIалуцарал къоязда Дагъистаналде щвана Путин, доб мехалда гьев жеги президент вукIинчIо, гьеб ракIалдаги букIинчIо. Гьев вукIана гьужумалъ унел рагъухъабазада цадахъги, щвана госпиталалдеги, гIахьаллъана, бахIарчиго хварал хабалъ лъолелъулги, вукIана ополченцазда цадахъ гьезие буюрухъал кьолевги. ХIакъикъаталдаги гьеле гьениб Болъихъ байбихьана гьесул президентлъиялде нухги. Гьаниб хIалуцараб рагъулъ гьесда бичIчIана Россиялъе къваригIун вукIин гIадлуги бугев, гIакълуги бугев, халкъги цебехун бачине лъалев, Россияги цIунизе кIолев цевехъан.

Болъихъ росдада гъоркь щущазаруна Басаевги гьесул чукъбиги. Гьеб дандечIеялъул хIасилалда хвана Хасавюрталъулаб инжитаб къотIи-къайги. Чачан ракь тIадбуссана Россиялда гьоркьобе.

Дагъистаналъул анищ – гьеб буго батIатIей гьечIеб Россиягун цолъи. Цоги гьеб буго рагъул заманаялда тIолел биязулъги, ракълил заманаялда гIуцIулеб магIишаталъулъги, гьединго, киналго цолъун, талихIаб букIинеселде церехун инги.

Дагъисатаналъги, цогидалги гьелго гIадал республикабазги халкъазги гIадин, щулаго ккун буго Россиялъул тIох, къуватаб ва гучаб нилъер гIаммаб улкаялъул тIох.

МахIачхъала шагьар бакьулъ буго жидерго ватIаналда рекъел цIунулаго хварал рагъухъабазе-бахIарзазе бараб памятник. Гьеб памятникалъухъ дун дандчIвана полициялъул бахIарзалгунги, Миллияб гвардиягунги. Гьел киналго: вукIа гьев Болъихъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев яги мина кьвагьун, бох камурав бахIарчи Мурадис ГIалидибиров – гьел киналго руго анищ гьабулел, гьезул анищ буго хьатикь ярагъ ккунги, жидеда тIадаб налъи тIубазаби.

Дунгун цадахъ вукIана – хIикматав шагIир, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул председатель МухIамад АхIмадов. ГIемерал бакIазде щвана ниж. Рахана рорхатал мугIруздеги, ххарана гъваридал, хIетIе тарани, рукьби кодоре щоларел, гъваридал кIкIалабахъанги, гъоба кIкIалахъ бихьулаан гIарцул тIеренаб кун гIадин, чвахун унеб мугIрузул лъарги. Цинги ниж щвана гучаб электростанциялъухъеги, ганчIил бараб сиялъухъе – магIарулаз жалго цIунизе бараб хъаладухъеги. Гьенире гIемерал чагIи рачIунел ругоан зияраталъ. Доб мехалда Ермолаевасул армиялъ Кавказ кодобе босизе къасд гьабидал, гьесул рикIкIен гIемерал аскарал гьанире щведал, гьаб хъалаялда жанирги рахчун, бахIарчиго жидерго ватIан цIунулеб букIана магIарулаз. Гьеб рагъулъ хвана Дагъистанлъул тIоцевесев имамги ва гьениб рагъулъ гIахьаллъана Дагъистаналъул вукIинесев имам – Шамилги. ГIурус солдатасул хеч къан буго Шамилида. Гьеб хочол халалъиялъ кванквал гьабулеб букIун буго гьев багьадурасе, жинда хеч къазабурав солдатасда хвалчен кьабизе. Гьеб мехалда Шамилица жиндаго къараб хеч жеги жанибегIан цIан буго ва гьеб мехалда гьесие рес щун буго дов гIурус солдатасда хвалчен кьабизе. Гьединго гьабуна Куликово рагъулъ вагъулеб

мехалъ Пересвет абулев монахасги, гьес Чулубейил хеч жиндаго къазабуна, тIаде кIанцIулесда жиндирго хеч къазабиялъе гIоло.

Гьаб хъалаялда цевеги чIун дун ургъулев вукIана цо гIажаибаб жоялда тIад: гIурусазул солдаталги офицерзабиги, пачаясул буюрухъалда рекъон, рагъулел рукIана Кавказалда, гьез лъукъулел, чIвалел рукIана магIарулал. Амма гьел гIурус пачаясул рахъухъабазул кинабгIаги рокьукълъи букIинчIо магIарулаздехун, хIатта, гьел гIажаиблъизарулаан магIарулазул къвакIиялъги, хIинкъигьечIолъиялъги, къохIехьеялъги. Гьел, рекIелъ кIудияб хIурматияб тамашалъигун ралагьулаан магIарулаз жидерго ракь цIунулеб куцалъухъ.

Киназго цIаларал гIурусазул хъвадарухъаби-классикал рукIана Кавказалда: Пушкин, Лермонтов, Толстой, Бестужев-Марлинский. Гьез хъвана чанги асарал Кавказалъул халкъалъул хIакъалъулъ. М.Леромонтовасул «Валерик» абураб поэмаялда руго гьадинал рагIаби: «къотIулел рукIана вахIшиго». Гьеб поэмаялда бихьизабулеб буго Кавказалъул берцинаб тIабигIатги, хIикматал гIадамалги. ГIурусазул поэталги, хъвадарухъабиги, Кавказалда рагъулел рукIарал офицерзабиги – гьел киналго тамшалъизарун руго Кавказалъул такрарлъи гьечIеб тIабигIияб берцинлъиялъ: рорхатал мугIрузги, гIасиял кьурабазги, гъваридал кIкIалазги, кирго чвахулел цIорорал иццазги, пихъил ахазги, цогидабщиналъги.

Толстояс хъвараб «ХIажимурад» къиса – гьеб буго кечI гIадаб жо: эркенлъи бокьулел магIарулазул, хвелги буго гьезул бахIарчияб, хIинкъикъай гьечIеб. «ХIажимурадги гьесда цадахъ ругелги сверун ккун рукIана гIурус солдатаз. МагIарулал холел рукIана солдатазул гулби щун, хучдул къан, сверухълъи абуни, тIад босун букIана тIогьол махIалъги, жидерго хIайранал бакъназда кучIдул ахIулел хIанчIазги…» РакIалде ккола, гьениб Толстоясе абизе бокьун батилилан гьеб рагъулъ чIварал солдатазул рухIал сверулел ругин хIанчIазде, ва гьел лъора зодор киналго цадахъ данделъулел ругин: гIурусалги магIарулалги ва ракьалда бугеб тушманлъиги биял гIодоре тIейги кIочон тун, гьел киналго данделъун квана-гьекъолел, пасихIал бакънал рачунел ругин.

Шамил Басаев Дагъистаналде тIаде кIанцIана къого соналъ цеве. Гьесда ккун букIун батила арал тарихиял хIужабиги ракIалде щвезарун, магIарул халкъ жиндие мутIигIлъилилан. Амма гьедин ккечIо. ГIурусалги магIарулалги цолъана, гьезда кIвана, доб араб гIасияб рагъалда бергьенлъиги босун, рекIел унтиги кIудиял камиялги дораго тун, гьанир цолъизе, цадахъ гъункун къеркьезе. Цадахъ рагъизе, цадахъ бергьине, кIиябго халкъалъ цо тарихалъул тIанчал хъвазе, къварилъиги бергьенлъиги гIахьал гьабизе. Дагъистаниязулги гIурусазул вацлъи бергьана.

МахIачхъала – гьеб буго кIудияб тахшагьар: ритIарал къватIазул, ресторinduced, университетазул, культурабазул кIалгIабазул – гьаниб гIумру гьалдолеб буго. Дербент абуни – батIияб буго. Гьеб буго гIодобе биччараб, хIеренаб востокалъул шагьар.

Дербенталда бугеб Нарын-Хъала си – буго кIудияб, щулияб къедалъул. КIиябго рахъалдасан рахъ-рахъалде унел рагIалазул: цояб унеб буго ралъдадехун, цогидабин абуни Кавказалъул КIудияб къедалдехун. Дербент – гьеб буго къваридал къватIазул, кIиго машина цо къотIноб дандчIвани, сверизе санагIат гьечIел нухазул шагьар. Гьенир руго рорхатал гьечIел рукъзал,

гьезул балконаздаса гъоркье дал-далун рихьула гІажаибал накъищазул батІи-батІиял тІансаби. Цо кІудияб асар щивасе гьабула Дербенталъул базаралъ. Гьенир кидаго гІемерал гІадамал рукІуна. Ричарухъабаз дие чІобого кьолеб букІана жидецаго бичулебщинаб: махІ берцинал пихъил нигІматалги, цІам хІалал охцер-капустаги, цогиябги.

Европаялдаго бищун гІемерал сонал рараб Жума-мажгиталда цеве щваравго, дун гІажаиблъун хутІана, гьенир 700 сон барал чинаридул гъутІби рихьидал. Дун хаган гьезухъ валагьун хутІана: чанго гІасрабазул нугІзал ратилин гьелан ракІалдеги ккун. Чанги рагъухъабиги, гІакъилзабиги, тушбабиги, гІасиял рагъалги рихьун ратила гьал гъутІбузда. Щиб лъалеб, дунги ракІалда чІезе бегьула гьазул залимал рохтабазда…

Дербенталда дир экскурсоводлъун вукІана тарихчи Вели МирзамухІамадович Юсуфов. Гьес дие рицана церего ккарал лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ: Чингисханил аскаралъулги, Тимурил рикІкІен лъалареб армиялъулги, Александар Македонскиясул рекІаразул полкалъулги, персиялъул ханзабазул. Персиялъул рагъ бугеб заманалда Петр ТІоцевесевги вукІана гьенив, Ермоловги вукІана жиндирго армиягун – киналго рукІана Дербенталда. Гьез тана гьанир жидерго щивасул рихьуларел лъалкІал. Дербент шагьар къиматаб буго цохІо Дагъистаналъе гуребги, тІолабго Россиялъеги. Гьанир ракълида ва гьудуллъиялда гІумру гьабулел руго батІи-батІиял миллатал: магІарулал, лезгиял, тумал, армянал, азербайджанал. Гьаниб буго гІаммаб халкъалъул цо бакъан. Гьаниб кинабго рекъон ккун буго: гІурусазул килисаги, бусурбабазул мажгитги, жугьутІазул синагогаги, зороастрийцазул капищеги. Цо-цояз Дербенталде Дагъистаналъул Иерусалимилангицин абула.

Дербент ккола Россиялъул шагьар. ГІемергІасрабазулаб цебегосеб тарихалъул шагьаралъулги гьанжесел цІиял Россиялъул шагьаразулги буго щулияб бухьен. Гьеб цІакъго цІакъ бичІчІула ва лъала Дербенталъул къватІал ккун унаго. Цо тамашаяб, бихьулареб, бичІчІулареб, амма гьаналъ бицунеб хІал букІуна гьениб. РакІалде ккола, цо кисаялиго нилъехъ ралагьун чІун ругин церего гьанир лъалкІал ва жидерго рухІал тарал гІадатиял гурел гІадамалилан.

Дербенталда бугеб Нарын-Хъала батани цебего букІараб культураялъулги, рукІа-рахъиналъулги, рагъ-кьалалъулги нугІ ва нилъее цІакъ рекІее гІолеб тарихалъулаб памятник, масала, босизин Каспийск шагьаралда, ралъдал рагІалда бугеб нилъер заманаялъулаб бараб бакІалъул руго щущан хутІарал къадал. Гьаниб ралъдал рагІалда чІун буго экраноплан – залимаб рагъулаб машина, «Каспийский монстр» абун америкаялъ цІар лъураб. Самолет лъалареб, гама лъалареб, жинда жаниб микьго реактивнияб двигательги бугеб, залимал куркьбалги ругеб гІажаибаб жо буго гьеб. Гьеб гІажаибаб «аппарат», кІудияб гьаракьги гьабун, уна ралъдада тІасан бекерун, жиндаго хадуб лъадал накІкІги тун. Бекерун унеб экраноплан релълъуна цо кІудияб хІикматаб кІалкІучІалда. Гьелда тІад буго «Москит» ракета. Гьелда ишан кквезе кІола гьаваялда яги ралъдада вугев тушманасде. Гьелда жанир ругел къотІелазухъ чІезе бакІ букІуна тІубараб ралъдалаб лъелаб армиялъе. Гьединал экранопланазул чангояб букІана цІар рагІараб Каспиялъулаб флотилиялъул. Гьанжеян абуни хутІун буго цохІого-цо жо, я

лъадалъан унареб, яги гьаваялдасан боржунареб. Гьеле гьелъухъ балагьун бичIчIула кинаб техника нилъер бугебали. ГьабсагIат гьаниб «херлъараб» гьеб «Каспиялъул монстр» кватIичIого ине буго Москваялдехун. Ва гьеб лъугьина музейлъун, космическияб гама «Буранго» гIадин. Цойги памятник нахъа хутIила советияб заманаялъе.

Амма гьаниб Каспийск шагьаралда, «Дагъдизель» заводалда квегъулеб цIияб техника. Дие цIакъ рекIее гIуна цIиял цехалги, цехазда лъурал Германиялдасаги Япониялдасаги рачIаралги ва нилъерго Россиялда гьаруралги станокалги. Гьаниб гIуцIулеб буго цIияб гIелалъул торпедо. Гьанир цехазда гIодор лъун руго гьезул цIиял запчастал. Дица, аскIовегIанги ун, хIеренго квер бахъулеб буго гьезда тIад: аккумуляторазда, винтазда, боезарядкабазда. Гьал торпедабаз гIужие босизе буго бокьараб манзилалда, бокьараб мехалда тушманасул «аппарат» – самолет батаниги, авианосец батаниги. Каспийскиялъул завод – гьебги буго Дагъисталалъул анищ, церехун ине, ватIанги улкаги щула гьабизе.

Заводалъул конструкторазулаб централда дир лъай-хъвай ккана, гIажаибго гIакъилав гIалимчи, философ, математик ва констурктор ГIалиев Шамил Гьимбатовичасулгун. Гьал киналго алатазда, графиказда, схемабазда гьоркьоб, дун ургъулев вукIана, бугодай гьаб бакIалда анищалъе бакI абун. Циндаго дида бичIчIана анищ абураб рагIул гIемеррахъазулаб магIна букIин сундулъго ва къокъго абуни, гьеб ккола – церехун ин, рикIкIада бугеб анищ гIагарлъизаби, тIубазаби, халкъалъе щвезаби.

Буго анищ рагIабаздалъун загьир гьабичIебги. Гьеб буго чвахулел мугIрул лъаразулъги, тIогьолъ росарал байдабалъги, берцинаб махIалъулъ росарал тIегьарал гIечул гъутIбузулъги ва гьал къаси-къад чIечIого хIалтIулел, ганчIил кьурабзда минаби ралел, тушманасдаса жидерго ватIанги хъизанги цIунулел, хIикматаб гIамал-хасиялъул мугIрузул гIадамазулъги.

Буго цоги анищ. Гьеб анищ буго шагIирасул кочIолъги, шагIирасул къисматалъулъги, гьесул щибаб рагIулъги. Гьединавлъун вукIана ва вуго Дагъисталалъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатов. Гьесул кучIдузулъ буго Дагъисталалъул берцинлъиги, Дагъисталалъул халкъалъул унтиги, Дагъисталалъул гьариги, Дагъисталалъул мугIрузулаб кьварараб тарбияги, яхIги, намусги. Расул ХIамзатов тIоцеве вукIана росдада лъалев, хадув лъана ва вокьана Дагъисталалъе, цинги вокьана Россиялъе ва Совет Союзалъего. Байбихьана гьесул кучIдул руссинаризе Совет Союзалъул халкъазул батIи–батIиял мацIазде, хадубин абуни, тIолбаго дунялалдаго рагIана гьесул цIар. Кинха гьитIинаб мугIрузул росулъ гIурав вас вахараб додинаб, жеги щивниги вахинчIеб, борхалъиялде? Кин гьев лъугьарав гьединавлъун? Гьелъул хIакъалъулъ дир гара-чIвари ккана МахIачхъалаялда бугеб Расулил рокъоб, гьесул яс СалихIатилгун. Гьелъ вачана дун сихIкъотIарал шагIирасул цояб рокъоса цояб рокъове. Дие бицун хIалкIолареб асар гьабуна кIудияв шагIирас гIумру гьабулеб букIараб рукъалъ. Дица квер хъвалеб букIана Расулил алатазда, ракI гIедегIун кIутIулеб букIана, хIухьел цIазе хIинкъун вукIана. Дида ракIалде щвана гьесулгун Москваялда Литераторазул рокъоб рукIарал дандчIваял… Гьале гьанже МахIачхъалаялда гьесул рокъов вуго дун, гьевги гьечIого. Гьаниб буго гьесул рухIги, кирго руго гьесул лъалкIалги, гьев киназего хутIана нух гвангъизабулеб цIвалъун. Гьес кумек

гьабула нилъее захӀмалъаби къезаризеги, пашманлъиги ракӀбакъвайги рекӀелъа нахъе гъезеги, сундулъго берцинлъи бихьизеги. Расул нилъее хутӀана холареб анищлъун.

Дун щвана Расулил гьитӀинаб ватӀаналде – гьев гьавураб ЦӀада росулъе. Къваридаб, тӀуцаб рукъ, хъахӀаб ганчӀил гьабураб печги бугеб, печалда тӀад лъун ругоан ритӀучӀил лълъурдул – Дагъистаналъул щибаб рукъалъул гӀаламат. ТӀокъода буго чуязул гьоко. ГьитӀинабго рокъоб, тӀаде халичаги рехун, лъун буго кини, гьенир жанир лъола гьарурал лъимал. ЦӀада росу сверун ккун буго рорхатал мугӀруз. Дида бицана гьале гьаниб, гьал мугӀрузда бижанин магӀарул мацӀилан – гьеб мацӀалда хъвадарана цӀар рагӀарал магӀарул хъвадарухъабиги, шагӀирзабиги, Расул ХӀамзатовги.

Буго цо балъголъи кӀудияв шагӀир гьанив вижиялъул: гьеб балъголъи бихьула зодор ругел цӀвабзазулъги, рорхатал мугӀрузул тӀогьиб биинчӀого хутӀараб гӀаздалъги, тӀогьолъ росарал расалъабазулъги. Гьаниб кинабго цоцалъ бухьун буго: хъизаналъул къисмат бухьана халкъалъулгун, ракьулаб – зодилабгун, араб –бачӀинесебгун. МугӀруздаса гӀодоре рачӀун¸ кӀкӀалабахъа тӀаде рачӀун, чвахулел лъараз росун рачӀун, пулеб гьороца росун, балеб цӀадалъ рачун – гьаниб гъадаро цӀуна халкъиял абиязулги, биценазулги, харбазулги, кучӀдузулги, магӀабазулги, исламияб гӀелмуялъги. Гъадаро цӀуна – гьеб кӀудияб гъадароялда жанир рижана халкъияб магӀарул мацӀги, гьелдаго цадахъ магӀна-гӀорхъи бугел, иман-яхӀ бугел, жалго гӀурал мугӀрузе ритӀухъал, лъикӀал гӀадамалги. Гьеб мацӀги лъан, Расулида кӀвана, гъадароялъуре чвахаралщинал асаразда рухӀ лъезе, гьел халкъалъухъе щвезаризе, дунялалдаго тӀиритӀизаризе, дунялалада ругелщинал мацӀазде гьел руссинаризе.

Киналго мугӀрузги гӀалахазги гуро Расулида жидерго балъголъаби рицарал. Гьезул чунтбузухъ руго жеги тӀатинчӀел балъголъаби. Гьел балъголъаби ралагьун чӀун руго вачӀинесев цӀияб гӀелалъул инсанасухъ. Гьеб мехалда, гьел руцӀцӀухӀун чӀарал мугӀрузул ва кӀкӀалазул чунтбузухъан къватӀиве вачӀина цогиги кӀудияв шагӀир – цӀияв Дагъистаналъул анищалъулав.

***Буссинабуна***

***ПатӀимат ГӀАБДУРАХӀИМАНОВАЛЪ***

МухIамад Танкаев гьавуралдаса -100 сон

## ЖИНДИРГО БАЖАРИЯЛЪ БОРХАЛЪУДЕ ВАХАНА

Танкъал МухIамад гьавуна 1919 соналъул 25 абилеб октябралда Авар округалъул ГIурада росулъ Гъобзал Танкъал ва Гъобзал Зайнабил хъизамалда ункъабилеб лъимерлъун. Гьесда хадур гьарун ругоан кIиго вацги цо яцги. Узухъда, гьединаб кIудияб хъизан хьихьизе, борхизе ккани, Танкъ хьвадизе кколаан хIалтIи-иш балагьизе. Гьедин росдал мискинал бихьинал киналго щолаан Бакуялде, Тифлисалде.



Биценалда рекъон, доб заманалда магIарухъ рукIана рилълъанхъарал гIадатал ва кьварарал шартIалги. Эмен гьенив васаздехун кьварун вукIунаан, амма ясаздехун хIеренго.

МухIамадица бицунаан: «Цо нухалъ дица, рокъове жаниве лъугьаравго, вохуца холаго яц Асиятида бицана векерун дун бергьанилан. Гьеб калам рагIарав инсуца, дида аскIовеги вачIун, дир гьумерги тIаде борхизабун, абуна:

– Дир вас, дуца дие рагIи кье, мун жакъа къоялдаса нахъе гогьдаризе гьечIилан!

Дица, гIодобе къулизе бетIерги биччан, кьуна гьесие рагIи. Гьесул рагIаби дида киданиги кIочонароан…»

Цогидал гIолилазего гIадин, МухIамадие рокьулаан батIи-батIиял хIаял: гамачI рехи, рикIкIаде ва борхалъуде кIанцIи, ва гь.ц. Къокъго абуни, гьесул букIана, жиндирго къаркъалаялда барахщи гьечIеб, батIияб гIамал-хасият. Абизе бегьула, гьесул букIанин спортсменасул гIадаб яшавги. Росдал кIудиял чагIаз абун буго: «ЦохIо ччорбаз бессараб къаркъала буго МухIамадил» – илан.

Гьединаб къимат къанагIат гурони кьоларо ГIурада росдал харабаз.

ТIадегIанас кьун бугоан МухIамадие къвакIараб ракI гуребги, бегIераб гIакълуги. Гьес кIиго соналда жаниб лъугIизабуна ункъо классалъулаб байбихьул ГIурада школа. Гьеб школа лъугIун хадуб МухIамад жеги цIализе кколаан. Доб мехалда КъахIиб районалда букIун гьечIо анкьгосонилаб школа, гьединлъидал, гьес хIукму гьабун буго Буйнакскиялда бугеб рабфакалде цIализе лъугьине.

Гьедин 1930 абилеб соналда анцIила цо сон барав МухIамад, лъелго, гъажалда хулжалги ран, уна кIинусго километраялъ Буйнакскиялде рабфакалде цIализе.

Хадубги МухIамадица бицунаан: «ГIурус мацI лъалеб букIинчIо, гьединлъидал цIали захIмалъана. Къаси-къаси тIаде вахъунаан, рекIинабулаан

нартил чирахъ. Одеялалда гъоркь бетIерги бахчун, мадугьаласе квалквал гьабулареб хIалалъ цIалдолаан. ЦIалулеб букIана магIна бичIчIичIониги, амма цо-цо жо ботIролъ хутIулаан».

Рабфак лъугIун хадусала МухIамад нахъвуссуна рокъове ва абула инсуда хадубккунги цIализе бокьун бугилан.

Гъуниб букIараб колхозалъул школалде цIализе МухIамад иналде, васасе цIияб ретIел босизе Танкъаца бичула букIараб боцIиги.

Гьеб школалда цIалулел соналги рукIана МухIамадил цIакъго захIматалги язихъалги.

Гьев щибаб къоялъ лъелго ине кколев вукIун вуго ГIураде, нахъвуссун Гъунивеги, анкьго къоялъе гIураб квенги босун. Гьеб заманалда Гъуниб букIун гьечIо интернатги, лъималазул рукъги. Гьединлъидал, щивав цIалдохъанасул гIумруги букIун буго язихъаб, мукъсанаб. Гъуниб колхозалъул школа лъугIун хадуб МухIамад лъугьун вуго цIализе Дербенталда букIараб росдал магIишаталъул техникумалде, гьеб лъугIун хадуса, гьев цIализе лъугьуна росдал магIишаталъул институталде (гьанже М.Жамбулатовасул цIаралда бугеб академия).

Институталда цадахъ цIалулел лъималаз абун буго МухIамадида, мун армиялда хъулухъ гьабизе вижарав вугилан. Комсомолалъул комитеталъ гьесда абула рагъулаб училищеялде цIализе аян. Хадуб обкомкомсомолалъ кьола гьесие путевка Краснодаралда букIараб рагъулабгун-техническияб училищеялде цIализе ине.

Гьеб заманалда дунялалда букIун буго хIалуцараб хIал. Гьединлъидал, училищеялда цIализеги букIун буго захIматго. Гьелъул хIакъалъул МухIамадица гьадин бицунаан: «Цо сордоялъ кIиго-лъабго нухалда рахъинарулаан тIаде. Цин тIаде рахъинарулаан, цин гIодоруссинарулаан, цинги плацалда цо сагIаталъ чIезарулаан, цинги тIадруссунаан казармаялде. Цо чанго сагIтидасан нахъойги рахъинарулаан. Ниж хIинкъун кIанцIулаан бусадаса гъоркье, гIедегIун ретIел тIад ретIунаан. Гьедин гIедегIун сардилъ тIад ретIел ретIунаго, риххун-къосунги кколаан цо-цо. Цо нухалъ дида кIочана гурде ретIине. Кутакалда гIедегIиналъ, дица гурдеги ретIичIого, гIицIаб черхалда шинел ретIана. Дун валагьун хутIана дида аскIов вукIарав солдатас тIад гурдеги ретIичIого, шинел ретIун бихьидал. Дица гьесда гьикъулеб буго: «Дуца гьабулеб щиб?» Гьес дие жаваб кьуна: «Дуца гьабураб гьабулеб буго» – ян. Гурде гъоркь ретIинчIого тун, цохIо шинелги ретIун рекерун къватIире, ниж бищун цере кколел рукIана – гьеб букIана нижер сихIирлъи. Амма нахъа нижер ракIбухIана гьелдаса».

1941 июналъул 16 июналда лъикIал къиматазда училищеги лъугIизабун, гIолохъанав лейтенант 19 дивизиялъул цо часталде Белая Церковь абулеб районалде витIана. Гьесухъе кьуна пулеметчиказулаб взвод. Рес щвечIо ракI-ракIалъ солдаталгун вукIине, лъай-хъвай гьабизе, байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ.

Риидалил лагералдаса эшелонгун унаго, немцаз тIаде бомбаби рехана, гьенир рукIана чIваралги лъукъаралги.

КватIичIого МухIамадица хъулухъ гьабулеб букIараб часть рехана Смоленскиялъул ракьалде. Гьоркьоса къотIи гьечIого нахъчIвазе кколел рукIана немцазул гьужумал. Гьеб гуребги, чIейгьечIеб рагъ гьабизе кколеб букIана рохьазде рехарал диверсанталгунги.

ХIалуцарал рагъал гьенир унаго, бачIана командованиялъул буюрухъ Смоленск тезе кколеб бугилан.

ГIумруялъго кIочене кIвечIо МухIамадида кин гьез Днепр гIор бахъулеб букIарабали. Фашистаз бомбаби рехулел рукIун руго гьоркьоса къотIичIого, къаси-къад чIечIого.

1941 соналда Танкаев тIамуна ротаялъул командирлъун, хадув Калининский фронталда букIараб минеметазул батальоналъул штабалъул начальникасул кумекчилъун.

1942 соналъул февраль моцIалда, капитанасул чинги щун, гьев тIамула 362 стрелковияб дивизиялъул штабалъул начальникасул кумекчилъун. Гьебго соналъул август моцIалда, нилъеца Москва цIунулеб мехалъ, Танкаев МухIамад витIула Ташкент шагьаралде М.В.Фрунзел цIаралда бугеб Академиялде, командирзаби хIадур гьарулел, хехал курсазда цIализе. Гьел курсал лъугIун хадуса майор Танкаев тIамула 823 стрелковияб полкалъул командирлъун. Гьеб полкалда цебе лъун букIана захIматаб ва кIвар бугеб масъала: полкалъ хIазе кколаан гьеб бакI букIин аслияб рагъул участкалъун. Гьедин Танкаевас гуккизе кколел рукIана немцал. Гьеб масъала Танкаевасул полкалъ тIубазабун буго дивизиялда цебе. Хадув Танкаев гIахьаллъана кIудияб Донбассалъул операциялда, хвасар гьаруна немцаздаса Украиналъул гIемерал росаби ва шагьарал.

Тернополь шагьар немцаз рикIкIунан оборонаялъул аслияб бакIлъун ва Гитлерица буюрухъ кьун букIун буго, щиб гьабунги, Тернополь цIунеян. Гьенир унел рукIун руго, щибаб къватIалъе гIоло, щибаб рукъалъе гIоло цIакъ гIасиял рагъал, къасиги къадги чIечIого. Патронал лъугIидал, солдатал рагъулел рукIун руго квераздалъунги. Гьел рагъазулъ гIахьаллъи гьабуна МухIамадицаги гьесул полкалъги.

1944 соналъул 14 июналда 60 Армиялъул цересел батальонал церехун ана Львовалъул рахъалдасан. Гьенибги гIахьаллъана Танкаевасул полк. Гьелъул хIасил ккана гьадинаб: тушманасул чIван руго 150 солдатги офицерги ва асирлъуде росун руго кIикъогогIан чи.

1945 соналъул 9 маялъ 60 Армия, гьелда гьоркьоб букIана Танкаевасул полкги, Прагаялде лъугьана, чехаз кумек гьаридал.

1945 соналъул 28 маялда Украинаялъул, Польшаялъул, Чехословакиялъул ракьал эркен гьариялъулъ гIахьаллъаралъухъ Танкаев МухIамадие кьун буго Богдан Хмельницкиясул кIиабилеб даражаялъул Орден.

Танкаевасе кьураб цо шапакъаталъул кагътида хъван букIана: «Полкалъул командирлъун вукIаго, рагъда бихьизабуна жиндирго бажари, къвакIи».

КIудияб Бергьенлъиялдаса хадуб Танкаев МухIамадица полкалъулгун къо-лъикI гьабула ва уна Москваялде. Гьениб гьесухъ балагьун батула Академиялда цIали. Гьениб цIалиги лъугIизабуна МухIамадица бищунго лъикIал хIасилазда.

Академия лъугIун хадуб гьев витIула Гьаваялъулгун-десантазул аскаралде, амма медкомиссиялъ гьесие изну кьоларо. Щайгурелъул, гьесул рукIана рагъда щварал гIезегIанго ругьнал. Гьев ункъо соналъ хIалтIула полкалъул командирлъун. Хадуб МухIамадица лъугIизабуна К.Е.Ворошиловасул цIаралда бугеб Академия ва гьев тIамула дивизиялъуд командирлъун.

1968 соналда СССРалъул маршал А.Я.Миликовскияс баркула Танкаевасда генерал-лейтенантасул цIар кьейги ва тIамула гьев Рагъулабгун-гьаваялъулаб аскаралъул начальникасул заместительлъун. Гьеб хъулухъалда МухIамад вукIуна щуго соналъ. Цинги гьев витIула Белоруссиялъул рагъулаб округалъул начальникасул заместительлъун. Хадувги тIамула Одессаялъул округалъул командирасул тIоцевесев заместительлъун. Гьенивги хIалтIана кIиго соналъ.

Нахъеги гьев витIула Варшавалде – Варшавалъул къотIиялъул Севернияб группаялъул командующийлъун.

Танкаев МухIамад хIалтIана Польшаялда, Венгриялда, Чехословакиялда. Кив вугониги, гьес тIадкъарал масъалаби тIуразаруна ракIбацIцIадго, тIадегIанаб даражаялда. Востокалдаги Европаялдаги гьесул букIана къадрияб, кIудияб хIурматалъулаб цIар.

Къокъабго заманалда жаниб гьев рикIкIана гьунар бугев рагъухъанлъун, рагъулаб искусствоялъул хIаракатчилъун.

Цебехун рехсаралдаса бихьула, Дагъистаналъул гIакъилав вас, генерал-полковник Танкаев МухIамадица КIудияб ВатIанияб рагъда нахъа тана, гIадатияв лейтенантасдаса генерал-лейтенантасде щвезегIан кIудияб ва бахIарчияб нух. Халкъалъул рекIелъ Танкаев МухIамадица тана цIакъ лъикIаб пикру – советияв генерал-полковникасулги, цIар рагIарав мугIрузул васасулги.

1972 соналъул 12 апрелалда Польшаялъулгун Советияб гьудуллъи цIуниялъулъ ва щибаб къоялъ гьабураб захIматаб хIалтIухъ МухIамадие кьуна Польша борхиялъул орденги.

1979 соналъул май моцIалда СССРалъул Верховнияб Советалъул указалдалъун МухIамадие кьуна «Рагъулаб цолъи щула гьабиялъул» медаль.

Гьеб гуребги, Советияб пачалихъалда цере гьарурал гIемерал гьунаразе ва хъулухъазе гIоло Танкаев МухIамадие щвана гьадинал шапакъатал:

1) 1944 соналъул 14 маялда – Востокалъул рагъулъ – 1-себ даражаялъул орден;
2) 1945 соналъул 27 апрелалда – Богдан Хмельницкиясул цIаралда бугеб 2-аб. даражаялъул орден,
3) 1945 соналъул 28 маялда – «БагIараб байрахъ» орден;
4) 1949 соналъул 24 октябралда Октябрской Революциялъул орден,
5) 1949 соналда – Ленинил орден,

1973 соналда Танкаев МухIамад тIамуна СССРалъул Оборонаялъул министерствоялъул цIалул учреждениязул ТIадегIанаб Управлениялъул начальниклъун.

1874 соналда гьев витIула ГДРалъул армиялде Варшавалъул къотIиялъул бетIерав командующий Якубовскиясул вакилллъун.

1978-1988 соназда генерал-полковник Танкаев МухIамадица бетIерлъи гьабула СССРалъул Миноборонаялъул институталъе. Гьенир хIадурулел рукIана гIагардисел ва рикIкIадисел пачалихъазе рагъулал махщелчагIи.

Рагъул соназдаги, рагъ лъугIун хадусаги МухIамадил гьунарги бажариги жеги цIикIкIун борхана, тIуранго рагьана гьесул гIуцIарухъанлъиялъул ва цевехъанасул гьунарал.

1989 соналда Москваялда тIобитIун буго Танкаев МухIамадил 70 сон

тIубай, цохIо хъизан-лъималги ракIарун. Гьесие бокьун гьечIо гьеб юбилей гIатIидго кIодо гьабизе.

Танкъал МухIамад пенсиялде витIун вуго 1988 соналъ, жеги хIалтIизе бажарулеб бугониги.

ГIакъилав, цIодорав МухIамадида бихьана Горбачевас биххизабураб улка, гьес Варшавалъул къотIи биххизаби, гьелъул гIахьалал улкаби риччан тей.

Гьединго гьесда рихьана Ельциница гьарурал магIна гьечIел реформаби ва армия хвезаби.

Гьеб мехалда МухIамадица абуна: «Сундуе гIоло дун вагъарав? Сундуе гIоло гIумру кьураб? Биххизе, щущазе гьабуна гучаб улка. Гьезие лъица тамихI гьабилеб?!» Узухъда, гьеб цIигIуцIиялъулал ишаз херлъизавуна МухIамад.

Абизе ккола, 1994 соналъ гьев цIакъ загIиплъана, тIаде жоялъе фронталда щварал ругъналги унтизе лъугьана.

1998 соналъул 28 апрелалда чIана бахIарчияв ва машгьурав нилъер ракьцояв генерал-полковникасул ракI.

Москваялда тIовитIана гьев ахирисеб нухда. Амма хабалъ гьев вукъана жиндирго росулъ ГIурада, эбел-инсудаги гIагараздаги аскIов.

Дагъистаналда гьесие бан буго кIиго памятник. МахIачхъалаялъул цо кIудияб къватIалдаги лъун буго гьесул цIар.

ГIурада росулъ бан буго гьесие памятник. Кьун буго гьесул цIар школалъе, рагьун буго гьесул музей. Юбилей тIобитIизе бана музеялъе минаги гIагарал чагIаз.

Танкаев МухIамадил гIумру лъазабиялъе кIудияб хIалтIи гьабулеб буго ХIасан-ХIусен Жамалудиновас. Гьес рагьун буго ватIан бокьулел гIолилазе тарбия-лъай кьеялъул фонд.

***ГIабдулатIип ХIАЖИЕВ,***
***тарихалъул гIелмабазул кандидат.***

**РАСУЛ ХIАМЗАТОВГИ МУХIАМАД СУЛИМАНОВГИ:**

Расул ХIамзатовги МухIамад Сулимановги цоцазда лъалаан гьитIинаб мехалдаса нахъе. Гьел гьаруна ва гIуна мадугьалихъ ругел росабалъ: ЦIада ва Хунзахъ, хадур цIалана Буйнакскиялъул Авар педучилищеялда. Р. ХIамзатов гьениве лъугьараб соналъ, М. Сулиманов цIалулев вукIана ахирисеб курсалда. Амма гьеб дагьабго заманалъги гIураб асар гьабуна М. Сулимановасе кучIдузде машгъуллъизе. Гьелде щвезегIан гьес кучIдул къанагIат гурони хъвалароан, гьелги басмаялда рахъизесел рукIинчIо. Щайгурелъул, цIалулеб заман «ургъел дагьаб, аваданаб» букIаниги, «кванил рахъалъ мукъсанаб» букIана. БетIербахъиялъул ургъел гьабизе ккеялъ, М. Сулиманов тIамула жиндиего ретIинеги квинеги нухал ратизе. ГьитIинаб мехалдасаго гьесул махщел букIана суратал рахъизе. Буйнакскиялда цIалулеб заманалда гьес гьел гIемер рахъулаан, цо-цо училищеялъул къададаги чIван рукIана, цо-цоял ричизеги ричулаан. Гьелъ хъвадариялъе заман дагьаб гурони хутIулароан. Амма Расул цадахъ ккеялъ гьев поэзиялде тIаделъула, кучIдузда тIад камилго хIалтIизе лъугьуна. Гьел сонал ракIалдещвезарулаго, Р. ХIамзатовасул хIакъалъулъ М. Сулимановас хъвалеб буго: «Расулица доб мехалъго гIадамал тамашалъизарулаан рагIул бегIерлъиялъги кеп хирияв чи вукIиналъги. …Ниж киналго гьакIкIан гьесда кIалдире ралагьулаан, рекIехъе гьес цIалулел кучIдул рагIизе, хасго инсул кучIдул», – ян. Училищеялда гуревги, Хунзахъ ракIарарал гIадамазда цевеги жиндирго инсул кучIдул цIалулев Расул чанги вихьана М. Сулимановасда.

Гьес кидаго рекIелъ цIунун рукIана Р. ХIамзатовасулгун рукIарал дандчIваял. Бищунго рекIелъ хутIараблъун ккана рагъдаса хадуб кIудияб Москваялда цо къотIноб ракIалдаго гьечIого ккараб дандчIвай. Гьелъ гьабураб рохалил кIудияб асар ва хадуб цо кинабалиго столоваялда гIодор чIун квараб манная карщги ситроги гIумруялъго ракIалда чIана М. Сулимановасда. Гьелдаса нахъе гьес жиндирго гьудуласул гьунаралда хадуб халкквезе байбихьана. Гьесда лъалаан «борхалъуде бахунеб» Р. ХIамзатовасул гьунаралъул хIакъалъулъ басмаялда рахъарал тIоцересел макъалаби, гьесул асарал, ракI–ракIалъго ургъел ккун букIана гьев Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул председателлъун кканин рагIараб мехалъги. Гьелъ гьев тIамула гьудуласухъе жиндирго ургъелал загьир гьарураб кагъат хъвазе. Гьениб М. Сулимановас ракIбацIцIадго насихIат кьолеб буго гьеб «зулму» рехун тезе, щайгурелъул, гьесул пикруялда рекъон, гьеб хъулухъ Р. ХIамзатов гIадинав «гIорхъи тун кополав ва махсараби гIемерав чиясул» гурин. М. Сулимановасул хIинкъи букIана гьеб захIматаб, кIвар ва кIудияб жавабчилъи бугеб, рагIалдещун ракIа-рахари, адаб-хъатир, гIадлу ва кIудияб сабру тIалаб гьабулеб хъулухъ тIубазе Расулида бажариларин. Амма гьесул

хIинкъи цодагьаб заманалдасан гIодобцана, ва, сонал ингун, М. Сулиманов ракI разиго мукIурлъана Р. ХIамзатовас гьеб тIадегIанаб хъулухъалда гьарурал пайдаял ишазе, батIи-батIиял, ватIаналдаго гIадин ва дунялалдаги тIоритIарал данделъабазда Дагъистанги гьелъул адабиятги бихьизабизе бугеб гьунаралъе. М. Сулимановас Расулил хIакъалъулъ тарал къокъал ракIалдещвеяз нугIлъи гьабула кIиявго шагIирасда гьоркьоб букIараб гIумруялъго тIечIеб, щулияб гьудуллъиялъе, гьелъул хасал рахъазе, рухIияб бухьеналъе. Аслияб къагIидаялъ гьеб гьудуллъи бижиялъе квербакъи гьабуна гьезул гьитIинго ккараб лъай-хъваялъ. Амма абизе ккола гьезул гьудуллъи бачIинахъего ккечIин, щай гурелъул, цо бугони, М. Сулиманов Расулидаса ункъо сональ кIудияв вукIана, кIиабизе, гьесул лъикIаб гьудуллъи букIана жиндирго гIелалъул Расулил кIудияв вац Ахилчилгун. Байбихьудасанго гьел кIиялго цо партаялда нахъа гIодор чIун цIалана Авар педучилищеялдаги. ГьитIинго бесдал хутIарав М. Сулимановасул жиндирго гIелалъул лъималазда гъорлъ Ахилчи вукIана бищунго жиндехун ракI цIалев, хехго гьудуллъи ккарав гIолилав. Гьез цадахъ гIемер заман тIамулаан тира-сверулаго ва гара-чIварулаго, жиб-жиб базаркъоялъ данделъулаан ЦIада яги Хунзахъ цоязул рокъорги. Амма Расул гьезда гъорлъе жувалароан, гьев «гьоркьан цо-цо берги речIчIизабун, вуцIухIун довегIан чIолаан».

Москваялда ккараб дандчIвай букIана Буйнакскиялда цIалун лъугIун хадуб тIоцебесеб дандчIвай. Гьаб нухалъ гьеб букIана балугъаб дандчIвай, щай гурелъул, гьеб заманалде кIиявго гьудуласул къисматалъулъ ккана батIи-батIиял гIумруялъул ва творчествоялъулал хиса-басиял, рукIана бергьенлъабиги. М. Сулиманов гIахьаллъана КIудияб ВатIанияб рагъда, рихьана ва лъана гьелъул кьогIал гIазабал, бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ щвана медалал ва орденал. Дагьаб хутIана щвараб ругъун сабаблъун бохдул камизеги. Амма, талихIалъ, Москваялъул госпиталалъул хирургасул махщелалдалъун гьеб хIинкъиялдаса цIунана. Расулил гIумруялдаги ккана хиса-басиял: цIализе лъугьана Москваялда М. Горькил цIаралда бугеб машгьураб Литературияб институалде, басмаялда рахьана цIалдолезги критиказги лъикIал къиматал кьурал шигIраби, тIахьал. М. Сулимановасе захIмат буго гьеб дандчIваялъул хIакъалъулъ бицине рекъарал рагIаби ратизегицин: «Нахъасан цояс дир берал рахчана. Дун виххана. Гьедин гьабулаан цохIо дир мугIрузда. Лъида дун лъазе вукIарав, офицер, гьанжего гьанже госпиталалдаса виччарав ва дагьав хутIарав гIагараб росулъ вукъизе. Расул! Абизе кIоларо, мискинаб буго чиясул мацI гьеб дандчIваялъул бицине».

АскIосан унез гIажаибго халгьабулеб букIана гьезул, жидеда бичIчIулареб, борхатаб гьаркьил гаргаралъул ва цоцазда къочиялъул. «Махсаролдецин гуреб, посталъул милиционерасул рахIатги хвезабун, ниж къакъан цоцалъ къочулел рукIана. Цо лахIзаталда нижеда сверухъ ракIарана гIадамазул гури. Амма нижее гьезул ургъел букIинчIо. Гьеб гуребги, нижер щокъролаб кочIолаб гьаракьалъ гьел рихха-хочун рукIана, бичIчIулаан цохIо ниж кIияздаго». ГIемерал соназдасан М. Сулимановас мукIурлъун бицана, гьеб дандчIваялъ жиндир гIумруялда жаниб ккезабураб хиса-басиялъул. «Расулилгун ккараб гьеб дандчIваялъ дир къисмат тIубанго батIияб нухде сверизабуна. Гьев данде ккечIевани, кинаб рахъалдехун

гьеб инеб букIарабали хадув гъезе захIмат буго. Расул сабаблъун дун нахъеги кучIдузде тIаде вуссана». Расулил малъиялда рекъон Сулиманов цIидасан адабияталде машгъуллъула. Гьев МахIачхъалаялде тIадвуссуна, хIалтIизе лъугьуна, Москваялде цIализе инегIан Расул хIалтIулев вукIараб Дагъистаналъул радиокомитеталъул магIарул редакторасул хъулухъалде ва 1949 соналда, Расулил тIадчIеялъ, Москваялде Литературияб институталде цIализе уна. Живго Расул гьеб заманалда ахирисел курсазда вукIана: «Гьале чияс чиясул къисматалъе нух рагьулеб куц! Гьелдаса кIудияб хазина ракьалда киб батулеб!» – ан ракIалде щолаан М. Сулимановасда.

ГьитIинаб мехалдаса нахъе бижараб гьудуллъи, къо бахъанагIан щулалъулеб букIана. Гьелъие квербакъи гьабуна гIемерал соназ Хъвадарухъабазул союзалда хIалтIиялъги, батIи-батIиял байрамазда, данделъабазда цадахъ гIахьаллъиялъги. Гьеб кинабго цадахъаб хIалтIи чIалгIаде инчIо, жив-живасул ракIелъги хъвадарухъанлъиялдаги лъалкI тана. Р. ХIамзатовасги М. Сулимановасги жидеего хасаб куцалъ загьир гьабуна цоцаздехун бугеб бербалагьи. М. Сулиманова Р. ХIамзатовасул гуребги, гьесул инсул ЦIадаса ХIамзатил хIакъалъулъги хъвана ракIалдещвеял. Расулица М. Сулимановасе сайигъат гьабуна чанго кечI: «Балъхъадерил ахакь», «МухIамад Сулиманов», «МухIамад Сулимановасе кьураб тIехьалда гьабураб хъвай-хъвагIай». Гьезулъ Р. ХIамзатовас рецц гьабулеб буго жидерго гьудуллъиялъе, ракIалдещвезарула цIалул сонал, шигIриял къецал ва гь.ц. КIиявго хъвадарухъанасул творчествоялъулаб ва гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъиялъул мухIканаб сипат-сурат цебечIезабизе кумек гьабула М. Сулимановасул хIакъалъулъ Р. ХIамзатовас жиндирго публицистикиял асаразулъ гьесул гьунаралъе кьурал къиматаз. Гьес хасаб куцалъ ратIа рахъулел руго жиндирго гьудуласул прозаялъул машгьурал, жидее республикаялъул премияги щварал асарал: «Огниялда» роман ва «ЧIегIераб нохъо» къиса. Гьелдаго цадахъ «Дир Дагъистан» абураб тIехьалдаги ратула М. Сулимановасулгун ккарал дандчIваязул ва гара-чIвариязул хIакъалъулъ къокъал эпизодал. Р. ХIамзатовас лъикIаб къимат кьолаан М. Сулимановасул таржамаялъе бугеб гьунаралъе. Гьелъие кверчIвай гьабун, гьес магIарул мацIалде руссинарурал албаназул шагIир Лазар Силичил асаразул тIехьалъе цеберагIиги хъван букIана Расулица. Амма бищунго къиматаблъун М. Сулимановасул таржамабазулъ рикIкIине бегьула, гьес магIарул мацIалде буссинабураб А.С. Пушкинил «Евгений Онегин» абураб асар. Гьеб лъугьана Дагъистаналъул адабияталда кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун. Цогидазго гIадин Р. ХIамзатовасги гьеб рохалида къабул гьабуна. Гьеб таржама басмаялда бахъизегIан цебего, М. Сулимановас Расулида бихьана поэмаялъул буссинабураб тIоцебесеб бетIер. Ва чанго сон ингун, Р. ХIамзатовас кодоб ккуна мужалаталда жиндирго гьудуласул цIар хъвараб, «гIурус мацIалдаса буссинабурав МухIамад Сулиманов» абун хъвараб тIехь. Гьелдехун шагIирасул бугеб пикру загьир гьабун буго «Дир Дагъистан» абураб тIехьалдаги: «Дагъистаналъул магIарулаз жидерго гIагараб мацIалъ бахъараб Пушкинил машгьураб асар гьираялда цIалана».

Р. ХIамзатовасул асаразда гьорлъ бищунго лъикI кIиявго шагIирасул цоцаздехун бугеб бербалагьи загьир гьабулеб асарлъун рикIкIине бегьула

«МухIамад Сулиманов» абураб кечI. Гьеб хъван букIана М. Сулиманов хун хадуб чанго сон ингун. Гьеб кечI байбихьула пашманал пикрабазде тIамулеб сураталдалъун:

**Февралалъул байбихьи,**
**Пулеб гьури, балеб цIер,**
**ЦIорораб ракь бухъулел**
**Хундерил гIолохъаби.**
**ГIаздалъ – ганчIал, гипсалъулъ**
**Лъураб лага-черх гIадин...**
**Дида госпиталалда,**
**Солдат, мун цеве чIана.**

Гьелдасан нилъеда бихьула Расул, жиндирго гьудул вукъизе хIадур гьабулеб бугеб хобалда цевеги эхетун, нахъа тараб гIумруялъул хIакъалъулъ пикрабазде машгъуллъун вукIин. Гьесда ракIалдещола М. Сулимановасул гIумруялъулъ ккарал аслиял лъугьа-бахъинал, цоцазулгун рукIарал гIодорчIеял, гара-чIвариял, гьединго Буйнакскалда цIалулел рукIараб заман, цогидав магIарул шагIир Мухтар Абакаровгун цадахъ хIарал шигIриял къецал. Гьанже гьеб кинабго нахъа хутIана, шагIир живго хутIун вуго, гьечIо гIолохъанлъуда гьесда цадахъ рукIарал гьудулзаби: Мухтар Абакаров хвана рагъда ва МухIамад Сулимановасги тана гьанже гьаб дунял. Расулие захIмат буго гьелда божизе. Гьудулгун дандчIвазе бугеб хьулалъ пикрабазулъ гьев ялгъузго сверулев вуго шагьаралъул къватIазда, Каспиялъул рагIалда, хIалхьи толеб гьечIо М. Сулиманов араб улка кинаб ва киб тараб адрес абурал, жавабал ратуларел суалаз. Гьединал къваридал пикрабазда вукIарав шагIирасе жаваб гьабула кочIолъ жиндир образ чIаголъарав живго М. Сулимановас:

**Жиндир веказул адрес**
**Дагъистан гуреб гьечIин,**
**Жиндир даимаб паспорт –**
**Дагъистаналде рокьи;**
**Жиндир рокьиги кечIги –**
**Дагъистаналъул чагIи.**

Амма цинтIаго гьанив шагIир ворчIула пашманал пикрабаздаса ва кьогIаб хIакъикъаталда цевечIола. Гьасда цебе буго добго, байбихьудаго букIараб сурат: квачараб хасалил къо, рукьби цIорозарулеб гьава, живго шагIирги добго къагIидаялда хабада цеве. Авторасул гьединаб къагIидаялъ цIалдолел тIамула тIабигIаталъул гIаламатал, героязул чорхол хIал, гьез гьабулеб ишалъул гуребги, гIумруялъул хехлъиялъулги, нахъбуссин гьечIолъиялъулги философиял пикрабаздеги, гьединго унго-унгояб гьудуллъиялъул хIакъалъулъги ургъел гьабизеги.

Гьудул камуниги, шагIирасда цадахъ хутIана жиндир жавабазулъ М. Сулимановас рихьизарурал гIумруялъулги гьунаралъулги къагIидаби. Гьел Р. ХIамзатовасе руго жиндир къасдал руссунеб гвангъараб нухлъун. Гьел принципал гIаммал рукIана кIиявго шагIирасул хъвадарухъанлъиялъеги. Р. ХIамзатовасги М. Сулимановасги беццана ВатIан, гьелъул халкъ, бахIарзал, хIалтIана кIвараб къуваталда гьеб тIегьаялъе ва цебетIеялъе гIоло.

Р. ХӀамзатовги М. Сулимановги гӀемер цадахъ гӀахьаллъана батӀи-батӀиял данделъабазда, юбилеязда, унаан поэзиялъул мажлисазде, цӀалулаан жидерго кучӀдул, гьарулаан гьезда тӀасан кӀалъаял, кьолаан цоцазе насихӀатал. Р. ХӀамзатов чанго нухалъ гӀахьаллъана М. Сулимановасул батӀи-батӀиял юбилеязда, гьев чӀаго вукӀараб мехалъго гӀадин нилъедаса ватӀалъидалги, гьесулгун букӀараб гьудуллъиялъул налъи тӀубаялъе, гьел рекӀелъ цӀуниялъе мурадгун. Цо гьединаб М. Сулимановасул 50 сон тӀубаялъул юбилеялда (1969с.) кӀалъалаго, юбилярасдехун бугеб лъикӀаб бербалагьиялъул бицунаго, Р. ХӀамзатовас абуна: «ЗахӀматал лъимерлъиялъул соназ, бигъараб талихӀалъул гӀолиллъиялъ, ругъназул цӀураб рагъул соназ хвезе гьабичӀо МухӀамадил хасият. МухӀамад вокьичӀого кин вукӀинев? Гьев вуго чӀагояб цӀа. …ГӀумруялда жанив гьев вуго сунареб цӀадуда тӀад лъураб гьалдолеб хьаг гӀадинав свак лъаларев, бечедал махсарабазул, бегӀераб рагӀиялъул, ракьулъа къватӀибе бурулеб бацӀцӀадаб ицц гӀадинав чи», – ян. Амма бищунго гъваридго гьуинаб, тӀалаб-агъазалъулаб бербалагьи, гьудуласухъ бугеб яхӀ-намус загьир гьабула Р. ХӀамзатовас, цӀияб 1986 сон баркун М. Сулимановасе сайигъат гьабураб открыткаялда хъварал рагӀабазда: «Унел руго, МухӀамад, сонал, саламалъи дур тӀадеялдаса тӀаде камиллъулеб буго. Лидал дуца гьабулеб тӀалабалда рекъараб сахлъи гьелъие бугебани…». Гьаб къокъаб гьариялъулъ буго гьезул гьудуллъиялъул, Р. ХӀамзатовасул бугеб кинабго ургъелалъул къуват, бихьизабулеб буго Расулица М. Сулимановасе бигьаял гурел соназ гьабулеб моралияб кверчӀвай. Гьеб кагъат хъван букӀана М. Сулиманов хвелалде кӀиго соналъ цебе. Гьеб заманалдехун гьев захӀматаб унти чӀван вукӀана. Амма гьелъул хӀакъалъулъ я Расулида, я МухӀамадил лъадуда, цохӀо вас Жамалудинида гурони, лъалеб букӀинчӀо. Гьес жиндир кинабго къуват буссинабуна беразул канлъи тӀагӀарай лъадуе хъулухъалъе. Гьелъие бигьалъиялъе рокъоб чӀезабуна кинабго хӀажатабщинаб. ХӀакъаб жо, Р. ХӀамзатов нугӀлъун вукӀин кинаб рокьигун ва кӀваргун гьесул гьудулас гьабулеб букӀараб лъадуе хъулухъ. Р. ХӀамзатовасул гьаб къокъаб баркиги ккола жиндир гӀагарав гьудуласе кверчӀваялъул, гьудуласул жигар бижизабиялъулаб хӀалбихьи.

Р. ХӀамзатовасул ва М. Сулимановасул гьудуллъи гьоркьоса къотӀичӀо гӀемерал соназ. Гьез жидерго рекӀелъ ва хъвадарухъанлъиялъулъ тана цоцазул хӀакъалъулъ лъикӀал ракӀалдещвеял. Сундул хӀакъалъулъ гьез бицунеб букӀаниги, гьел кидаго тӀадруссунаан жидер гӀумруялъулъ бищунго гвангъараллъун рукӀарал, гӀолиллъуда цадахъ арал соназде. Гьел ккана гьезул ахӀи-хӀуралъулал рагӀабаздаса ва рихьдае гьабулеб гьоркьоблъиялдаса бацӀцӀадаб гьудуллъиялъул щулияб кьучӀлъун. Бищунго лъикӀ гьеб гьудуллъиялъул хасияталъул хӀакъалъулъ абуна живго М. Сулимановас: «Лъиданиги лъаларо кинаб гьоркьоблъи дирги Расулилги бугебали. Гьеб лъала ниж кӀиясдаго. Гьоркьохъан нижее хӀажат гьечӀо». Гьал рагӀабазги бицуна гьезул гъваридаб гьудуллъиялъул магӀнаялъул хӀакъалъулъ.

***Маржанат НАБИГУЛАЕВА, Дагъистаналъул гӀелмияб централъул МацӀалъул, сангӀаталъул ва адабияталъул институталъул гӀелмияй хӀалтӀухъан.***

# Пьесаби

**ГІалибег КЕРИМОВ**



## БОЖИЗЕ ЗАХІМАТАБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

### Цо акталъулаб комедия

**Гьоркьор гІахьаллъула:**

**Амин** – колхоз биххизегІан трактористлъун хІалтІулев вукІарав гьоркьохъеб ригьалъул тІеренхалатав чи.
**Парихан** – гьесул беричай лъади, цееккун овощал гІезарулей КолхозчІужу, гьанже учузго росун, пихъги овощалги шагьаралъул базаралда хираго ричулей даранчІужу.
**Эльдар** – росдал магІишаталъул академиялда заочно цІалулев вугев гьезул вас.
**Эльмира** – росулъ гьоркьохъеб школа лъугІулей йигей гьезул яс.
**Якъуб** – гІиявехьлъун гІумру арав росуцояв.

Лъугьа-бахъин ккола цІигьабун гІуцІиялдаса хадуб магІарул росулъ.

*Пардавалда нахъа вехьас щвантІихалда бачунеб бакъаналда цадахъ гьоркьо-гьоркьоб рагІула сагаялда ругел гІиязул гъадиги, гІачиязул гІергІедиги, хурзабахъ хъудулел тракторазул гьаракьги. Рихьула Советияб заманалъул ахІиялги – «Нилъеца пачалихъияб план тІубаялъе рухІги кьела!», «ЧІахъаги КПСС!»..., ва циндаго «Перестройка, вперед!..» Гьабугьин рагьулеб пардавалда цадахъго гІадин, дагь-дагькκун рикІкІалъулеб гьеб гьаракь, тІубанго, гьеб рагьидал, тІагІун уна.*

**Пролог**

Киназго цадахъ ахІулеб «Цо колхоз бикьараб куц» – абураб кечІ…

*РикІкІаде авансценаялдегІан гІицІаб бакІалдаса добехун тІерхьине*

*къачIараб бакъул чIораз цебе лъола цIигьабун гIуцIиялдаса хадуб рехун тараб росдада цебесеб мегъ… Сценаялда цо дагьабго бецIлъи лъугьун, гьури бахъуна, кьвагь-кьвагьун гъугъала зоб ва базе лъугьуна хехаб чвахунцIад .*

*Авансценаялде вачIуна хIарщул тIирабаз цIурал чакмабигун ва цIалтун биччараб камбинзонгун Амин. Гьес сценаялдасан хIалалъ баччун унеб буго кваранаб гъажалда лъун муцIидул бакIаб гулги, квегIаб квералъ ккун маялъул багIлидул цIураб къвачIаги. БичIчIулеб буго гьев рехун тарав гIадав магIишатияв векьарухъанасе росулъ гIумру гьабизе цIакъ захIмат букIин...*

*Мажгиталъул минаралдаса маркIачIул как ахIизе байбихьула.*

**ТIоцебесеб лъугьа-бахъин**

*Сценаялда канлъи бачIарабго, бихьула росдал цо мина – тIегь хералъ сверун ккураб, азбаралъуб багIлидул гъветI тIад багIли гьечIого, гьелда гъоркь тIогьол бахчаялде гIагарлъухъ халабакI, рукъалда хьолбохъ бокьгун гьор, гьезда нахъехун хер-заз бижараб хур. Жиндирго минаялда цебе бугеб азбаралъуве лъугьуна Амин.*

**Амин** *(живго жиндаго).* Вай, БетIергьан Аллагь, бакъбаккудаса бакътIерхьуде пулеб букIараб гьалагаб гьури! Пири пирхун, гъугъадун, зоб бихъ-бихъун инехъин бугин кколеб букIана. ТIад хьегъарал бецIал накIкIазулъан ракьалде тIупан тIолеб букIараб куц! *(МуцIидул гул гъажалдаса гIодобе рехун,къвачIа скамейкаялда лъола.)* О-о-гь, гьа-й… «Беларусь» трактор кодоб гьечIого, бугеб захIмалъиха. *(Гордуда кIутIула.)* БагIлигIаги кваназе босизе рачIунарел щай?!.. РагIулебищ нужеда гьечIеб? Ва Элдар-р!.. *(Дагьав гIенеккунги чIун, пикру гьабула.)* Гьанжего киналго кьижиларо… *(ЦIидасан гордода кIутIула, цинги заруца нуцIа бухула.)* Йо, лъа-д-ди!.. Ле, лъи-м-мал!.. Нужеда рагIулеб гьечIищ?!..

**Эльмирал гьаракь**. ЯчIуней йиго, ячIуней йиго, дада! Дуца гордо-нуцIа беканиги – рокъор гIаданги гьечIо!

*Бокьоса къватIие лъугьун ячIуна кодоб рахьдал цIураб ведрогун Эльмира. Гьей гIайиб ккарай гIадин, гIедегIун азбаралде ячIуна, ва цIалтун виччарав инсуда ракI гурхIун, гьесие щиб кумек гьабилебали лъаларого хутIула.*

**Амин.** Кив вугев дур вац, дир яс? Бице лъалеб батани, дир хирияй яс, кий йигей нужер «Базар-бабу»?..

**Эльмира**. Маршруткаялда рачIунел ругилан кIалъана эбел.

**Амин** *(щцин бахъун).* Огьо-гьой, дида чIалгIун гIадалъе рахун руго нужер базар-бабул васгун сапарал.

**Эльмира**. Ваба-бай, цIад тIаде ккун, гIемер гIазаб бихьун батила, дада.

**Амин.** Дун бигьаяв чи, дир яс, ракъдаллъиялъ бачIиналъе зарал гьабула, бараб чвахунцIадалъ, магъида лъураб рухI!... *(БагIлидул гъотIоде бер щвезабулаго, гIайиб ккараб гIадин, къвачIа кьола.)* Ма, гьаб хурул мадугьаласул сайгъатги богорокъобе щвезабе… – биччай эбелалда бихьизе. *(Хадувги валагьун.)* Дурго цIалиялъухъ ялагье, дир яс, эбелалъе кумек гьабураб гIела дуе.

**Эльмира** *(рагьун къвачIагун гьениб бугелъул хал гьабидал, тамашалъула).* Вай, маялъул багIли барщизе заман щунищ?.. *(Жидерго багIлидул гъотIоде бер щвезабун, пашманлъула.)*

**Амин** *(ракI-макI гьабун).* ТIасияб соналъ нилъецаги гъветI савуялдаса цIунила. Кванан балагье цо – гьоцIо!

**Эльмира** *(цин багIли кваналалде, гъотIохъ ялагьула, цинги кванала).* Жеги кваначIо гьадигIан гьуинаб… (*Рахьдал ведроги багIлидул къвачIаги босун, рокъое жание уна.)*

**Амин** *(залалдехун).* Умумузул аби буго, чIужуялъукьа рос къуни, бихьинал лъудбузул хьитазул бегIерал угъдузде гъоркье кколин… Хасго гьез бетIер борхана цIигьабун гIуцIудаса хадуб… Огь, гьал руччаби, руччаби – гьечIогоги бегьуларел!.. Вай, гьаби гIадин гьел цоцалъ рагъулел куц, цогидаздаса тIокIаллъун лъугьун. Цоялдаса нахъе ккарай гьечIо дир лъадиги – мадугьалалъул цо гIака бугони, гьелъул кIиго букIине ккола. Гьале мисалалъе босила, гьелда йихьана жидерго рес къотIиялъ даран-базар гьабизе шагьаралде уней мадугьал. Божиларо нуж, гъоб къоялъго гьей хурир рехун нижги тун, базар гьабизе ана. Гьанже гьелъие рукъалъул магIишаталдаса цебесеб бакI гьеб лъугьун буго. *(ХалабакIалда ургъалилъ гIодов чIун, нухда берал лъола.)* Мунагьал чураяв эменги дун вачIиналъухъ валагьун ватулаан. *(Угьун хIухьел биччала.)* Гьанже дунги васасухъ валагьун вукIуна… Унгоха, дуниял гургинаблъидал-ха-а… *(ХалабакIалда вегун ун, кьижун ккола…)*

**Парихан** *(махсара гьабула).* Щай «вегун» мун хьихьарай дихъ валагьулев вугев, гIурусаз абухъе, цIиял кавабазухъ чахъаби гIадин?

**Амин** *(ццин бахъарав гIадин).* БитIун абуни – рекьарухъабазул къиматги хвезабун, чияр овощалгун пихъ росулъе баччулезухъ…

**Эльдар.** ГьедигIан квеш бихьуге, дада, заманаялъул ишин гьаб...

**Парихан.** Щиб гьабилеб? – букIана росулъа шагьаралде рахьги, пихъги, овощалги… раччулеб, цIигьабун гIуцIиялда хадуб бачIана замана ралъад бахун доб рахъалдаса рачIарал гьел росулъе раччулеб.

**Эльдар.** КватIичIого, росабалъа гIадамаца бихьизабила ишалдалъун… *(Рехун тараб хуралъухъ, багIли гьечIеб гъотIохъ балагьун, рекIел хIал лъикI гьечIого гIадин лугьуна. Щиб гьабилеб лъаларого вукIун, белги босун, тIогьол бахчаялъе хъулухъ гьабизе лъугьуна.)* ЧIахъаги кидаго векьарухъанасе ритIухъаб, цогидалъ хисун бажарулареб б-бел-л!!!

**Амин**. Дида ракIалде ккун букIана рекьарухъабазул магIишат гIуцIун…

**Парихан.** Воре, дун базаралде индал… *(хурибе битIун квергун)* рокъосеб хур хIалтIизабун бажаричIого, гьеб зазалде буссине тарав.

**Амин** *(кьварун).* ЧIужу егани… *(кIвар кьун)* гьей базарган лъугьани, рукъ бегулебила.

**Парихан.** Лъил гIайиб, «базар-лъадиялъул» рос? Огь, бухIаяб дуниял… Хвезе кватIани, чанги жо бихьулеб буго… ЛъикIаб гIумруялъ инчIо руччаби базаралде.

**Амин.** Кколаан гьаб тIолабго дуниялалда дун вугин цого-цо гIабдал, бихьулеб буго мун дидасаги гIантай йикIин.

**Парихан** *(квеш букIун).* Дида бичIчIулеб гьечIо дур махсароялъул магIна. Сундасан дуда бихьулеб бугеб дун гIантай йикIин?

**Амин** *(кочIодалъун).*

**Дица къокъго абила,**
**Шагьар нилъер бакI гуро,**
**Ах-хуралъул хIалтIуде**
**Ругьунлъарал кверазе…**

**ГIагараб росулъ буго**
**Нилъехъ балагьун хIалтIи,**
**Нилъедаго лъикI лъалеб,**
**Нилъго гIорцIизарулеб.**

**Парихан** *(кутакалда хъатги чIван, елъанхъулаго).* Дуе гьелдалъун щиб абизе бокьун бугеб? Рукъалъул тIалабалде балагьун, базаралде дармие бахъуге галийиланищ?

**Амин.** Лъаларо... ЧIужугIаданалъул бакI гъанситохъин абула-а-н-ха.

**Парихан**. Ва-гьа-гьа! ГьебгIан лъикIаб жо дуца бицинчIо. ДагIба гьечIо, дир хирияв рос. *(Росасда аскIое ячIуна.)* Базаралде мун ани, дун йохун гьаний рокъой чIела. Ва хъизан хьихьизе тIадаб росасдайинги абула. Метер радалго къокъинев шагьаралде, дармие байбихьизе мун!!!

**Амин** *(ургъел чIван, гъванща хъасула).* Дидасани – базаралде мун ун, хъизан дуца хьихьун лъикI букIина.

**Парихан.** Ле бетIергьанчи, гьанжегIаги дир къимат лъачIебищ?

**Амин.** Гьалгощинал соназ цадахъ руго нилъ, гьанжегIаги заман щвечIищ дуда дир гIамал-хасият бичIчIизе. Дуда лъаларищ дур рос вукIин, дир рекIее рахIат хвей лъугьунеблъи хъизаналъ рукъги росуги рехун тун бугони…

**Парихан**. Гьайгьай, рукъ рехун, базар гьаби – руччабазул гIайиб. Ниж гьелде ккезари лъил гIайибха?

**Амин** *(гIайиб ккарав гIадин).* ХIакъикъат балъго гьабичIого абила, цIигьабун гIуцIиялда, росдал магIишат гьабун хайир гьечIого, жидерго хъизамазул рес къотIиялъ руччаби даран-базар гьабизе шагьаралде хьвадизе лъугьана, бихьинал абуни, кирго маршруткабазда хIалтIизе ана… Гьанже балагьго балагь – чIужу спекулянтка лъугьун, рокъой чIезайизе кIолеб гьечIо.

**Парихан.** Вай, абуге, дир къимат лъаларев рос, гьединаб басралъараб рагIи, дун гьанже коммерсант йиго. ЦIияй магIарулай! Дуца дир хIурмат гьабе, дун хъизамалъе гIоло базаралда йичарулей йикIинги лъан. (*Аминица састун бетIер кIибикIула).*

**Амин.** Гьелъха дир рахIат хвезабулеб бугеб. Дие бокьун гьечIо лъималаз рехун тезе дир инсул росуги хурги.

**Парихан.** БоцIуе квине гьаб муцIидул гул рокъобе босун бачIун, хергIаги босизе лъачIого, ав пакъирасда – «добго хурив довго Мусада» ракIалде кколеб буго жинца гьанже хъизан хьихьун бугеб гIадин, росдал магIишат жиндир мугъзаде ккун бугеб гIадин. Дир базаралъул баракат абуни, гIарцул бицинчIого, гьабсагIат кваназе гьабгиха…*(Пихъилги овощазулги пакетал скамейкаялда лъун, рича-рихxун гьелгун гьениб бугеб бихьизабула, гьадин жинца хъизан хьихьун бугеб магIна кьун гьимгьидула.)* Дир росасул абуни, киб бугеб жакъасеб абиларо… тIубарал ихдалил сардал-къояз гьабураб хIалтIухъ мухь?

**Амин.** Ихдалил къоялъ, лъагӀалица кваназарула. Хасалихъе хӀасилги…

**Парихан.** ХӀасил-ли-ла-я?.. Сезоналдаса хадуб, инфляция… *(КӀутӀбузда кӀиго килищ цула, цинги халатго хӀухьелги биччан, гьороца босун араблъи бичӀчӀулеб ишара гьабула).*

**Амин**. «Аралъул бицунге, бачӀунелъул бице» – абула.

**Парихан.** Гьа, бачӀинеб, бачӀинареб лъалареб хуралда божун, нилъеца лъимал тезе бегьилищ?…

**Амин.** Дуца базаралде баччулеб рахь, нису-хӀан, тӀорахь-нах ва-ва-ва цӀоросаролъалде гӀунтӀунги… хӀисабалде босулареб щай?

**Парихан.** Гьадин бакӀго дир гъуждузде бегун буго хъизамалъулги росдалги тӀолабго бакӀлъи, дир хирияв рос!

**Амин.** РосдалгӀаги кин?..

**Парихан.** Росдаего гӀадин сельхозпродуктаби раччизе ккунха – росдал гӀадамазул заказ тӀубалаго…

**Амин** *(рахӀт хун).* Гьеб буго щивав чиясда жиндирго бакӀалда рекъон магӀишат гьабизе лъачӀолъи. Нилъерго ракь хӀалтӀизабичӀони, чияр нигӀматал раччизе ккола. Гьеб нахъеккей рекьарухъабазе нич.

**Парихан**. Гьанжени бакӀалъулабги бачӀине лъугьун буго.

**Амин**. Ракьалдаса пайда босизе лъалев нилъерго хурул мадугьаласул ахикье щун, жакъа дицаги гӀорцӀизегӀан кванана маялъул багӀли.

**Парихан** *(гӀажаиблъи гьабула).* «Кванана маялъул багӀли…» Йохъ, хъизамалда гьоркьоб гукки рекъеларо, дир хирияв рос.

**Амин.** Ва Эльмира-а-а! Эбелалъул кӀал чӀезе, багӀли бихьизе босея…

*Эльмира пихъ лъолеб вазаялда жаниб багӀли босун ячӀуна.*

**Эльмира**. ГьоцӀо, эбел…

**Амин.** Гьанже кӀалъай мун, дир лъади-базарган. Божизе захӀматаб жо – рекьарухъабазе ракьул бутӀа щваниги, хӀукуматалъ кредит биччаниги, дагъаз гурони гьечӀо гьеб хӀалтӀизе гьабулеб… «ГьабичӀесе гьечӀилан» магъилъ хӀанчӀиги ахӀдола. Гьабурав хурул мадугьаласе гьеб багӀли гӀезабуралъухъ баркала. Гьесул гъасда баракат лъела… Росдае мисал!

**Парихан** *(багӀлиялъул хал гьабулаго).* МашаАллагь-МашаАллагь… Нилъер гьаб хӀорлъараб багӀлидул гъветӀги гьес кьураб букӀараб гурищ?..

**Амин** *(бетӀер гьанкӀезабула).* У. Рукъалъул хьвайи бугеб бакӀалда бугеб гьаб цо тӀогьолъ босараб багӀлигъветӀцин нилъер, савуялдаса цӀунун бажаричӀого, багӀли хвезабуна. ХӀажил бажарана. Гьале, хӀужалъун – кӀвахӀ гьечӀев ахихъан ХӀажил хӀасил…

**Парихан.** ЗахӀматалъул бахӀарчиясе кколеб къимат кьезе ккола, валлагь.

**Эльдар**. «ГьитӀинаб кӀвахӀалъ кӀудияб зарал гьабула» – ян абуна нижеда.

**Амин**. Хасго росдал магӀишаталде букӀинарищха, дир вас. Масала, нилъ гьаб гъотӀода цере гӀайибиял руго.

**Парихан** *(багӀлиялъул тӀагӀам босулаго).* Божуларого йиго...

**Амин**. Мун божичӀого гурищ? – нилъеца гьевгун цадахъ ахги лъечӀеб.

**Парихан.** Ле бетӀергьанчи, ракь хӀалтӀизабизе ккани, гьесул гӀадин, техника букӀине ккола.

**Амин.** БукӀина нилъер гьанибги техника!

**Парихан.** ХӀасил кколареб рагӀи, рагӀалде бахъунареб хӀалтӀи *(ХӀисаб гьабула).* Гьа, гӀакъуба бихьун ах гӀезабичӀониги, скидкаги

гьабун, дица бичизе босани – гъурщииде тӀаде гъурущцин гьабизе бегьула… *(Элдаридехун.)* Къасиго мун багӀлиялда квер чӀвазе ине ккола.

**Эльдар**. БичӀчӀуларо нужеца бицунеб жо. Бегьиларищ баянго абизе, эбел.

**Амин**. Баянгойищ? Цеве чи ккелалде, дур эбелалъе бокьун буго учуз босун, хира бичизе ХӀажил багӀли. *(ГӀодоцараб гьиштӀул бакъналги рачунаго, чӀухӀун чӀужуялъухъги валагьун.)* Дун гьечӀого мун гӀадада хварай гӀаданха, дир хирияй. БагӀли бетӀизе мали къваригӀун вукӀана ХӀажи. Гьеб гуребги, нилъер агрономлъун цӀалулев вас ахихъанасе къиматал сортазул гъутӀбузул хӀакъалъулъ гьикъа-бакъизе къварагӀун вукӀана.

**Парихан** *(йохун)*. Гьединав мун вукӀинчӀевани, дун дуе ячӀинаанищха?

**Эльдар**. Мун цӀадакь виччун вуго, дада?

**Амин.** ГӀетӀуцаги виччун вукӀана, цӀадацаги виччанаха, дир вас, дуда гьеб кин лъараб? Дица гьеб жеги лъиданиги бицун букӀинчӀо гури?

**Эльдар.** Дур гьеб биччараб ратӀлихъ балагьун лъаларищха.

**Амин**. Дунни вукӀана дур эбел бещцайцин йиагодаян?

**Парихан.** Дунни базаралъ бетӀер сверизабун йикӀинин, мунго кинав гӀабдал? *(ЦӀехолеб балагьигун.)* Цогидаз гӀадин, жиндирго «Беларусь» тӀалаб гьабичӀев, живго гӀайибияв вуго.

**Амин** (*цо батӀияб магӀна кьун).* «Беларусь». «Беларусь»!!! Аллагьас хъван батани… Гьеб гьанже дир кисиниб буго. Кин бугебали, ретӀел хисун вачӀиндал бицина… *(Рокъове жаниве уна.)*

**Парихан** *(росасда хадуб, рагӀизелъун).* Гьале, дагьаб цебецин росулъ ккараб щиб? ЦӀигьабун гӀуцӀиялдаса хадуб росдада чӀунтараб кьер чӀвазабураб клуб цӀилъизабизе минараялдаса будунас субботникалде ахӀун, гьенибе бачӀунеб халкъ нахъ чӀвана, чӀегӀерал ишаз къокъидго бечелъарав, колхозалда жаниб цохӀо къо букӀинчӀев «Черныяс», гьаб территориялъул бетӀергьан «дун-н-н», – илан, ракӀчӀун чӀикӀарулеб килищ мегӀералда кӀутӀ-кӀутӀун. Чияр жо чияе тун руцӀцӀун рукӀайин, гьел гӀад гьарун, цӀакъго божичӀев чиясда берда цере документалги ккун, гьелъул азбаралдецин гӀадан къазе виччачӀо.

**Эльмира**. Школалда тӀаде балагьун, паркалда букӀараб херал чагӀи гӀодор чӀолеб чӀало машинаялъ нахъе цӀан, росдал годекӀан биххизабуна.

**Эльдар.** Нужеца буго гьеб бицунеб… Шагьаралда ругел «захватал»…

*Амин цоги ретӀел ретӀун вачӀуна.*

**Амин**. В-вахӀ-вахӀ-хӀ…

**Парихан.** «В-вахӀ-вахӀ-хӀ» – ан малъ къосараб росдал жамагӀат, жидерго цӀияв росуцоясе закон гьечӀолъиялъ ракӀги къварилъун, гьабизе жо тӀагӀун, тӀад буссана рокъобе. *(Ццин бахъарай гӀадин.)* Мун абуни, «хӀалал – хӀарам» – абун вукӀуна.

**Амин**. Къокъидго бечелъаразул нич тӀагӀин бихьуларищ.

**Эльмира**. «Нич тӀагӀини – кӀиабилеб талихӀ»…

**Эльдар.** «Беларусалъул» щиб ккараб бицеха, эмен.

**Амин**. Гьеб эбелалъищ гьикъейин абураб, дир вас?

**Парихан.** Хъизан махсароде кквечӀого, нижер хирияв, рагьун бицине ккола хӀакъикъат. Амма нужер инсуца бицинегӀан чӀани, хӀама гьотӀоде

бахине буго, дир лъимал. *(Гъезде кверalъ ишара гьабун.)* Клиентал рачIинегIан, гьал пакетал квачараб нахъарукъоре щвезаре, хириял.

*Эльдарги Эльмираги чIахIиял пакетал росун уна. Эркенлъараб халабакIалда рос-лъади гIодор чIола.*

**Парихан** *(чияр бералдаса бахчун гIадин, росасул гьурмада цебе гIезегIан кагътил гIарац хьвагIезабулаго.)* Заманалда рекъон хIалтIизе лъалез гьадин гьабула гIарац. Гьа, гьаб гIелищ хIужаялъе дун хъизан хьихьарайги гIарац гьабулейги йикIиналъе, дир рос, цогиги, дун йитIарайги гIабдалги гурейлъи лъазе?

**Амин.** Йо, лъади, лъалеб жо, х-хас-го руччабазе, тIох борлъун баниги гIарац гIолареблъи.

**Парихан.** Валлагь, гIарац дагьаб бугониги гIола, гIемерлъанищ, гьелъие гIей гьечIо.

**Амин.** ГIарац жо гуро, живго чи вукIине ккола. Цо къадараб гIамал гьечIого, чи бечелъизе ресги гьечIо.

**Парихан** *(бахчараб мурадгун).* Гьанжесала дуе гьаб нилъерго хур хIалтIизабизе «Мотолок» босизе гIарац бакIаризе буго.

**Амин** *(вохула).* Гьелъухъ кьураб гIарац гIадада кколаро,валллагь.

**Парихан.** Дие дур ургъел букIуна, дуе дир букIинчIониги.

**Амин**. Баркала, гьанжегIаги гьеб ракIалде щвеялъухъ.

**Парихан**. ГIайиб гьабуге, дир хирияв, жеги кухнялде инеги рес рекъечIо дир. Дудаса хадуйлъидал дун базаралдаса щварай. ГьабсагIат нилъ ясалъ кваназе ахIизе ратизе руго.

**Амин**. Дуда лъалищ дуца рос базаралъухъ хисун вукIин? Амма гьеб гьелъул гIаксалда букIине кколебха!

**Парихан.** Базар гьабунаниги, дица гъоркь течIого чIужуялда тIадал ишал тIуразарулел гьечIищ?

**Амин** *(гьей ялъаргъун).* Базаралдайищ?..

**Парихан**. Аставфируллагь! Кидаго дида бизарлъараб базар цебе рехизе къачIан вукIуна мун. *(Елъанхъулаго.)* Дур гьел берал бецлъун гьечIел ратани, дуда бихьизе ккеларищ кигIанасеб хайирги щун дун базаралдаса юссараяли.

**Амин.** Сордо-къо цIехечIого, дун тракторалда хIалтIулеб заман кIочонищ?

**Парихан.** Мун хIалтIани щиб? Колхоз–миллионер банкрот ккун, лъагIалил харж кьечIого, гьелъул буголъи бикьулаго цо щибниги щвечIого мун гурони хутIун ватиларо. Ургьиб бугеб лъимадецин бутIа щолеб колхозалъул кинабго магIишат щущазабурав гьелъул председателасдаса дуца тIалаб гьабулеб букIана дуе кколеб буголъиялъул бутIа хIисабалда трактор дуе тейин. Амма гьебги дуе кьечIо.

**Амин.** Дица СПКялъул нухмалъулесда бичIчIизабуна дун гьеб суалалъ вуцIцIун чIечIого, прокурорасухъе ине вукIин. ХIасил, дирго «Беларусь» диего кьун тIубазе рагIи кьуна.

**Парихан.** «Бералда бихьараб – битIараб, гIиналда рагIараб – гьереси».

**Амин.** Дуда ракIалда бугищ, цебе лъарал рагIалда нилъер кIиязулго эбел-эмен хIалтIулел рукIараб цIолбол кIудияб ах. Ай, нилъ цоцалъ къец ахIун хIалтIулаго, рокьи ккараб…

**Парихан**. Огь, цо гьениб дихъ рокьи ккун, мун холев вукIараб куцха.

**Амин.** «Тракторилан, культивацияйилан» – бицун пайда щиб, щиб-щиб жо багьана батун мун дихье ячIунеей йикIарай кIочонищ?

**Парихан**. Лъалеб жо буго, дуда гурхIичIого, дица инкар гьабун букIарабани, мун жакъаги дида хадув холев вукIинаан.

**Амин.** Дуда лъала, «Беларусалда» хIалтIизе дир цIакъ гьира бугеблъи.

**Парихан.** Унго ле дир магIишатияв рос, боцIи цIикIкIинабичIони, бокьалъул хайир щиб? Ракь хIалтIизабичIони, ракьулги пайда щиб?

**Амин**. Гьанже гьеб «Беларусалда» бараб иш бугоха.

**Парихан.** Огь, лазат! Валлагь, гьеб кигIан лъикIха букIинеб, кинабго гьеб нилъерго хуриб гIезабуни. Гьанже нилъерго пихъ–овощал базаралде рачI-рачIине лъугьунги руго.

**Амин.** Нижеца дуе гьеб прицепалдацин баччизе чIезабила.

**Парихан.** Прицепал-да-йи-ла-я?

**Амин.** Уха.

**Парихан.** Лъалищ дуда дир рекIелъе лъугьун бугеб пикру.

**Амин.** ГIажаибай гIадан йиго Парихан мун. Дур рекIелъ бугеб дида щиб лъалеб, дун шайихги гурелъул? Лъала, чIужугIаданалъул ракI пикрабаз буччун букIуна, бецщал накIкIаз зоб гIадин. Бице дурго.

**Парихан.** ЛъикI буго, дир хирияв. Гьедин батани, гIенекке дихъги. Дица пикру гьабуна мун шагьаразде яги цо районалъул централде витIун лъикIилан.

**Амин** *(хIикмалъун)*. Щай шагьаразде яги районазде дун ине кколев? Щиб гьениб дихъ балагьун чIун бугеб? *(Хадув гIунтIарав гIадин.)* БичIчIана – сельхозпродукция учузаб балагьизе?..

**Парихан**. Гьелъие гIоло вас цIализе лъун вуго…

**Амин** *(ургъел чIван)*. ХадувгIунтIуларо дуца абулеб жоялда. Махсаро жахIабго тун, бичIчIуледухъ абуни щибан?

**Парихан.** БичIчIуледухъищ?.. Дица васасда малъулеб буго батIи-батIиял бакIалъа цадахъ цIалулелгун хурхен гьабеян. Хадуб гьезул бакIалдасан сельхозпродукция учуз баччун, гьеб хира бичун гIарац гьабизе.

**Амин** *(бетIер кIобокIула)*. Йо, ракьалдаса тIезавизе бегьуларо, гьелда рухI лъезе академиялда цIалулев вас.

**Парихан.** Дур вас цIалулеб факультеталда цIар лъалищ? – агро-биз-нес-с!

**Амин** *(бичIчIаниги)*. БукIани щиб?..

**Парихан**. Мунги васгиги дица ритIила автотранспорталъул базаралде... *(кIвар кьун)* биз-нес-с гьабизе. Гьениб нужеца нилъерго «Беларусь» трактор гьанибалдаса гIемер хираго бичизе яги «Газелалъухъ» хисизе бегьила.

**Амин** *(тIуркIун тIаде вахъун)*. Бичизе-йи-ла-я-я!..

**Парихан**. Дие дурги букIуна ургъел…

**Амин**. ВахI гьединищха иш бугеб? Й-о-о-хъ, хирияй лъади! Гьелде нуцIа къай. Дир гьира буго, тракторалда хIалтIун, нилъерго магIишат цебетIезабизе... *(Таваккалго.)* Йохъ, «Беларусь» бичиларо! Бичиларо! Бичизе ракIалдеги ккеларо.

**Парихан**. Гьанже гIаммаб трактор хисун, щивасул гIадин «Мотолок» буго, дир хирияв рос.

**Амин**. «Мотолокги» «Беларусьги» – «хIамаги» «чуги» гIадал жал.

**Парихан** *(тIаде яхъун, рахIат хун, йилълъанхъизе лъугьуна)*. Заманалдаса нахъа хутIун вугев рос хIехьезе захIмалъулеб бугеб куцха!

**Амин.** Мунго тракторалъул рулалда нахъа гIодой чIани?..

**Парихан**. Цинги хъизаналъул «руль» лъихъдай букIина – дихъдай яги росасухъдай?.. Огь, цо бачIун бугеб заман? ДагьабгIаги рес ккарас, гьанже шагьаралда мина босулеб буго. Нилъги шагьаралда мина босичIого рорчIуларо. «Нахърател лъимал гIисин рукIаго гьабе» – янги рагIун батила. Дуего бихьараб гIакъуба гьезиеги бихьизе бокьунищ? Гьезул гIелалъулал гьанже тIадагьал автомобилаздаги рекIун, дунялалъул кеп босулел руго!

**Амин** *(гъуждул рукIкIинарун)*. Намусалъул къатIра гьечIо дур чорхолъ. Диеги дир лъималазе хIажат гьечIо гьел хириял «Мерседесал». Дие лъималазул махщалил кверал руго сундасаго къадруяллъун! *(Гордода кIутIула.)* Ле, лъимал-л-л!..

### КIиабилеб лъугьа-бахъин

*Добго азбар. Амин хъизан-лъималгун столалда нахъа гIодор чIун гарачIварулел.*

**Амин.** Дихъ гIенекке, *(чIухIун)* дир вас – агроном, инсул ирс босун тракторалда хIалтIизеги бокьиларебищ?

**Эльдар**. Трактор бачине праваби кьурабго…

**Парихан**. Ле, дир вас, бичизе унеб тракторалъе праваби щай, *(кIвар кьун)* дипломалъулав биз-нес-мен-н? Гьеб дие бокьун буго дуца бачIунеб базар къоялде бичизе хIадуризе.

**Амин.** Щиб жойила-я-я? Дида рагIулеб жо щиб, дир чIужу? Кин гьеб «бачIунеб базар къоялде бичизе хIадуризе»?..

**Парихан**. БитIун буго. *(Пикру гьабула.)* Гьебги бичун, камураб гIарац тIадги лъун, шагьаралда мина босани – гьелъул багьа бахунеб букIинарищ? Дагьабниги ботIрода жаниб нах бугев росдал чияс, гьанже бигьаго магIишат гьабизе гьенибе нух бахъулеб буго. Дудаго гурхIичIониги, лъималаздагIаги гурхIа.

**Амин** *(сабурго)*. Гьединан батани, лъималазеги къваригIун батани, мунго гьелги рачун аха…*(ХIисаб гьабула.)* Басрияб трактор учузго бичизегIан, гьелдаса нилъерго магIишаталъе пайда боси гIемерго лъикI!

**Парихан.** Росулъ чи бечелъуларо…

**Амин** *(гьелъул кIалдиса бахъун)*. Вакъунги хутIуларо.

**Парихан.** Шагьаралде аразул гьанже гIумру лъикI буго, кибго рукIарахъин рекъезе гьабун.

**Амин.** Щиб дуе гьелдалъун абизе бокьараб – инсул росуги тун, чияр бакIалда лъикI букIина абунищ? Киданиги!

**Эльдар.** Дуе бокьухъе гьабила, дада.

**Амин.** БичичIого – нилъеего тезе! Уйищ, дир вас?

**Эльдар.** Дуца абухъе, дада.

**Парихан** *(Эльдарихъего)*. «Дуца абухъе, дада…». Уяб рагIийищ дур гьеб?

**Эльдар**. Дуца абухъеги гьабила, дир хирияй баба.

**Парихан**. Дир кIиго рагIи букIунаро. Бичизе ккола!

**Амин.** Чара гьечIого бичизейищха кколеб? Дица нужеда ракIчIун абулеб буго трактор нилъеего течIолъиялдаса нужер ракI бухIизе бугилан.

**Эльдар**. Дуца абухъе гьабила, дада.

**Парихан** *(Элдарихъего).* Кин гьеб, дир вас? Дир пикруялда бизнесмен-васас гIумру шагьаралда гьабизе ккола…

**Амин**. ТIубан росу тунищ, гьарин?

**Парихан**. У!

**Амин.** Ниж гьанир тун, мунго ани лъикI гурищ?..

**Эльмира** *(кагътидеги къулун).* Ле, Эрик… *(Кверги кIалалда чIван, инсухъ хIинкъун балагьула.)* Ва Эльдар-р!..Тракторалъул бугеб хIал хъвалеб кин?..

**Эльдар** *(рагIун.)* «СССРалъул знак качество» гIаламат тIад бугеб…

**Эльмира**. Реклама гьабулеб куцалъул хал гьабея, Эльдарчик.

*Эльмираца кагъат вацасухъе кьолаго,инсуца бахъун, бихъ-бихъун бала…*

**Парихан**. Гьадингояб жо сабаблъун рахIат холев эменгун течIого, цIалуларел къоязда мунги ячине йиго базаралде йичаризе…

**Амин**. Йо, гьанже гьелдейищ ирга щвараб?.., – гьелъ ЕГЭ кьезе кколаребищ?.. Йо-о-хъ, базаралдаса ЕГЭ цебесеб…

**Парихан**. Мун, дир яс ятани, эбелгун чIая!..

*Гьеб заманалда, гьениб бугеб ахIи-хIур рагIун, вехьасул тIилги кодоб ккун, гьезул азбаралъуве къотIносан вихха-хичун векерун вачIуна Якъуб.*

**Якъу**б. Щиб гьаб росу тIад босараб хъуй.

**Амин** (*гIайиб ккараб гIадин*). ИяхI! Мун кин ккаравчи гьав нижехъе?

**Якъуб**. Дун тIаде ккун, вохун вукIа – полиция ккун букIарабани?..

**Амин**. Аллагьасго тIаде рехун вачIана мун – маслигIаталъе…

**Якъуб**. Гьая, бицея цо дидаги, щиб гIилла-сабаблъунгIаги?..

**Парихан.** ГIилла гьечIого расги букIунаро. Гьав дир россин вугев чиясе бокьун гьечIо «Беларусь» трактор бичизе. Гьесие бокьун буго росдада цеве живго «баркалаялъухъ» хIалтIун, нижер хъизан-рукъ нахъккезабун биххизабизе, ва лъималги рачун, тIилгун гьардохъ дун ине ккезайизе.

**Амин**. Йо-о, дир хирияй, гьанжеги чIанда бицине байбихьана – рекьарухъабаз жидерго рес рекъовухъе, кватIун бугониги бецIичIого течIо нилъее тракторалъ гьабураб хIалтIи, гIарац кьечIониги, жидерго гIи–боцIул нигIматал росун рачIунги.

**Парихан.** Дуца абухъе, бецIанин телин. Кида бецIараб? Сезоналдаса хадуб, инфляция хIисабалде босичIого, цебесеб гъурщил бакIалъ кепказул къадарги кьун. Жакъа къоялде бецIичIого хутIарабги гIезегIан гьечIищ, дир бетIергьанчи? БитIухъе бице!

**Амин.** Дуца абулеб буго гъурущ учузлъидал… Нилъее гьеб бецIун садакъаде кьураб рахь, нисо, хIан, нах рикIкIунаребищ?

**Якъуб.** Росу буго киналго гIахьалаб цо кIудияб хъизан гIадинаб жо.

**Парихан.** ЛъикI буго. Гьеб комписациялъун тела. Кибе ккарабха доб дур, хозяйстволда хIалтIизабизе течIого, аманат кассаялда цIунизе лъураб, ракIбацIцIадго хIалтIун щвараб, хIалалаб гIарац!

**Якъуб.** Дирги херллъизегIан гьениб лъураб  гьоркьобе араб. Дир-дур щиб? – росдал-го-ги?..

*Париханги Эльмираги  рокъоре жанире уна.*

**Амин.** Дуца гьай дир лъадул рагIабазде кIвар кьоге, Якъуб. Жакъа гьей бетIер сверарай гIадин лъугьун йигин…

**Якъуб** *(шагьар бугеб рахъалдехун вехьасул тIилги битIизабун).* Амин, мун гьедин рахIат хун лъугьунге. Доб базаралъ буго Париханил нерваби хвезарулел. ХIукумат хисаралдаса гIолохъанаб гIелги шагьаралде лъутизе гIедегIулел руго. Цере нилъер гьанир рукIана лъикIал гIухьби. Гьанже кир гьел ругел? «Газелазда», минаби ралел бакIазда… гьел камураб бакI Россиялдаго гьечIо. Гьаб ракь нилъеца бесдаллъизе тани, гIабдалзаби гIадин, кваназе квен хиралъун хутIизе руго гьел. Бице, дир гьудул, дур «Белорусь» киб бугеб? *(Хуривехун валагьула гьеб бихьулищали.)*  Гьанжесала цIад балалде, диеги бокьун буго, цебеккун гIадин, дур трактоналъ харибакIалдаса хер гIиял къайи бугеб бакIалде баччизе.

**Амин.** Иш гьедин дуда ракIалде кковухъе гуро бугеб, дир росуцояв. Жеги «Беларусь» нилъер гьанже гьечIеб колхозалъул гаражалъуб буго.

**Якъуб**. Гьанибе азбаралде – дурго берда цебе бачеха гьеб – кIварас кIвараб гьабун колхоз щущазабураб гIадин,  доба бокьа-бокьарас жидеего запчастал рахъун, толохIочиналде.

**Эльдар**. Дир эбелалъ ургъараб дуда жеги лъаларо. Гьелъие бокьун буго трактор бичизе.

**Якъуб.** Дун тракторист вугевани, дица бичилароан. Трактор бугелъулха росулъ къваригIунеб ва къанагIатаб транспорт!

**Эльдар**. Дир инсуеги бокьун гьечIо гьеб бичизе…

**Якъуб**. Дида лъала трактор бугев магIишаталъул рахъалъ киназдасаго бергьуневлъи.

**Амин.** ГIемераб заманаялъ халатбахъараб дагIба-рагIиялдаса хадуб, жакъа ахирги прокурорасухъе унеб ххвел гьабидал, СПКялъул нухмалъулев мукIур гьавизе кIвана дирги хъизаналъулги колхозалда ругел захIматкъоязухъ балагьун, гIечIел гIага-божаразул тIаде журан, дица цебеккун хIалтIизабулеб букIараб «Беларусь» трактор дие тезе.

**Якъуб**. Валагьиги биллагьиги, дун гIемер божулев гьечIо СПКялъул нухмалъулез трактор нужее щвезе телилан. Дир гIумру колхозалъул гIияда хадуб, гьаб тIилги… (*бихьизабула)* кодоб ккун аниги, Советияб заманалда дир сурат «ХIурматалъул хъарщиялдаса» камичIониги. «Коммунистияб захIматалъул ударник» абураб хIурматияб цIар кьуниги, ракI бацIцIадаб хIалтIухъ чанги тIадегIанаб шапакъаталъе мустахIикълъаниги, колхоз бикьулб мехалъ дие бутIаялъе цо рекъаб чахъуцин щвечIо…

**Амин**. Щун батиларо… Божизе захIматаб жо… *(Ургъел ккун).* Цингини…

**Якъуб** *(угьун хIухьел биччала).* Дуда  кинха, дир вас, гьеб лъалеб, мун гьитIинав чи вугелъул, дие цIар кьурав, мунагьал чураяв дир кIудияв эмен вукIана росулъ бищунго гIи-боцIул рахъалъ бечедав чи. Кулакилан цIарги лъун, хурзалги, харибакIалги, гIи-боцIиги, рукъзалгицин кодосаги рахъун, Хъазахъистаналде  витIана, тIадги вуссинчIо. ГIагараб Дагъистаналъухъ урхъун, инагьдилаго чияр ракьалда хвана гьевги гьединалго гIемерал

чагIиги. Аллагьасе рецц! – ахир–къадги ритIухълъи бергьун, гьанже нилъее рес щвана гьезул иш кодобе босун, – гьезул рухIал рохизаризе.

**Амин** (*воха-хинлъун Якъубидехун).* Гьав дир васас росу рехун тезе гьечIеблъи лъала, агрономлъун цIализе иналдаса вохунги вуго. Дица гьав ругьун гьавила тракторалда хIалтIизеги, гьелдаса пайда босун бечедаб гIумруги букIина дир ирсиласул! Гьебмехалъ лъарахъа муцIидул гулал раччизе ккеларо.

**Эльдар**. Дада, дирги анищ буго, агрономлъиялда цадахъ, дуца гIадин, трактор хIалтIизабун рекьарухъабазул магIишат гьабизе.

*Эльдарил гьел рагIабаз Аминги Якъубги цIакъ рохизаруна.*

**Амин**. Мун цIалун вахъаравго, чIужуги ячун, дирго ракьги, трактор «Беларусги» дуе сайгъат гьабила.

**Якъуб** (*муцIидул гулалде тIаде валагьун, пикру гьабула.)* Валлагь-биллагь мун яги вас тракторалда хIалтIулев вукIаравани – нужер гуреб дирги гьороб рагIи-хер гьарзаго букIинаан... (*нахъе инехъан).* Гьанже мунги а, Амин, дурго лъадулгун рекъел гьабизе. *(Аминил гъажалда кверги кIутIун.)* Дуда кици рагIичIищ? – «Росугун дагIбадани – чиякълъула, чIужугун дагIбадани – кваникълъула».

**Амин**. КIиялго цадахъ кваназе рилълъун лъикI гурищ? Гьоболасе сурпа бечедго, берцинго гIуцIула дир Париханица.

**Якъуб** (са*гIтихъ балагьула*). Баркала. Дун гIияхъе ине ккола. Дагьаб цебегIанги бацIица чахъу чIван батана. Сордо лъикI.

**Амин** *(цеве кIанцун).* ЧIа-чIа, вац Якъуб. Дун вачIун, гIодоб тIамун, куй хъолев вехь, дица кваназавичIого, яги кодобе квен кьечIого, нухда регIани, дуцаго гIайиб чIваларищ? *(Гордода кIутIула.)* Йо, лъади, кваназе вилълъинчIого, Якъуб унев вуго.

*Жинда жанир пихъги овощалги ругеб пакетгун, гIедегIун*
*рокъоса къватIие ячIуна Парихан.*

**Парихан** *(цIакъ хIурматалда).* ХинкIал кваназе вилълъаравани, Якъуб?

**Амин.** Вехь гIабдал вугевин, дур «Супермаркеталъул» хинкIал кванан, унтабазде кодове ине.

**Якъуб.** *(жиндирго бетIералда квер кIутI-кIутIун.)* Дунго гIиял къайиялде унаго, Парихание заказ гьабураб нигIмат босизе вуссарав чи – гьебги кIочон унев вукIун вуго. *(ГIарац цебе бахъулаго.)*

**Парихан.** Как маслихIатчи, как постоянный покупатель – чIобого!..

**Якъуб**. Садакъалъун батаги… Дицаги данде гьанал гьабила... *(Рос-лъадухъги валагьун.)* «Дир – дуралъул бицани, рос-лъадул дагIба кколебила»… Дун арав гIадин, нужер «проблема» нахъе аги. Хабар лъикIаб рагIаги. *(Уна.)*

**Амин** *(гъосда хадув).* ГIиял къайиялде хер босиялъул ургъел гьабуге, «Беларусь» бетIергьнлъарабго, вачIина баччизе.

**Парихан**. Сахлъилъиялда таги... Нух битIаги!

*Вехьасда* хадур *балагьун рукIаго, росдадаса рикIкIадаб*
*бакIалъ – шагьаралъул кунчIи бихьула.*

**Амин** *(ургъел чIван).*

**Дида, вас кIудияв гIолев вукIиналъ,**
**РекIелъе васвасал лъугьунел руго:**
**Гьев шагьаралъ ахIун вилизе гурин,**
**Хурул махI кIочон тун тагIине гурин…**

*Париханица рос гIодов виччазе, шагьаралъул кунчIиялда цевеса нахъе вачун, къасисеб росдахъ балагьун кеп босизе тIамула. КIиялго халабакIалда гIодор чIун, хъизамалъул иш дандбазе лъугьуна.*

**Якъуб** (*авансценаялде вачIун).* ЦIакъ гIажаибал хиса-басиял лъугьунел руго, гIадамал, нилъер гIумруялъулъ. *(Угьун хIухьел биччала).* Дун гIолохъанаб мехалъ коммунизм гIуцIулеб букIана. Цинги Совет Союз бихxана, гьелдаго цадахъ гIамаб магIишатги щущан ана, чIунтана хурзал, фермаялъул хIалтIи тIатIала ккана, гараж буго – техника гьечIо… Колхоз хисун ккараб агрофирмаялъул, хадуб СПКаялъул хIалтIул цебетIей лъугьине гьабизе кIолебги гьечIо. Кинан лъугьинеб, хIалтIул кверал, къуват хIажат бугелъул?.. *(Кверги хьвагIун.)* Колхозалъул магIишат бихxизе тун рукIинчIел «коммунистазулги» иш нухда ккечIо… Гьанже гьелъул буголъи бикьулаго лъугьунеб буго бицун бажарулареб къеркьей. Гьаб мисалияб къавулъ рос-лъадул питна ккеялъеги гIилла гьеб буго.

*Киналго гIахьалчагIи цере рачIун, «Дир росуцоял» абураб кечI ахIула:*

**Гьаб цIи гьабун гIуцIи – бачараб балагь –**
**БачIинегIан росу лъикIго букIана.**
**ГIадамазе балагь-гIазаб букIинчIо,**
**Берцинаб, гьарзаяб гIумру букIана.**

**Росуго чIухIараб бечедаб колхоз**
**ГьечIо, кибе араб – лъалебги гьечIо.**
**Суалал гурони, жавабал гьечIо, –**
**ЛъикIлъиялъухъ хисун квешлъи рещтIана…**

**Росулъа бащдалги нахъе ун руго;**
**Даран-базаралде машгьурлъун руго.**
**Хасго гIолохъанал, росу рехун тун,**
**ГIурус шагьаразда – гIарцуда хадур!**

**Гьел Москваялдагун Камчаткаялда**
**ХIалтIи балагьизе сверулел руго.**
**БухIараб риидал, хасалил гIаздакь**
**ТалихI балагьизе тирулел руго.**

**Амма росулъ чIарав ярагьунев чи,**
**ЖамагIаталъулго тIалабчи ккола,**
**Росдадехун рекIелъ рокьи бугелъул,**
**Гьелъул пикрабазда – къасиги къадги.**

**Шагьаразде ракI цIан, гьенире арал,**
**Ахирги руссина инсул росулъе.**
**ГIагараб гъанситохъ цIаялъул гIадаб**
**Хинлъи чIвалеб бокIон гьечIо ракьалда.**

***Пардав къала.***

# ГIакълуялъул дандерижи

## ЗОДОВЕ ВОРЖИНААН

ВачIанила гIумруго как-диналда арав херав чиясухъе ханасул вазир. Гъес кIудияв чиясде гIарз бахъанила, къаси-къадлъи гьечIого дица ханасе хъулухъ гьабулин, амма гьев рази гьавизе дихъа кинго бажаруларин, кидаго диде вагъулев, семулев вукIунин. Жив гьесдаса цIакъ хIинкъулин. Гьабизесеб жо лъаларин.

Гьев чиясул гьеб калам рагIарабго херав чвахун магIуги бачIун гIоданила.

Вазирасда ракIалде кканила жинда ракIгурхIун гIодулев вугин гьевилан. Амма кIудияв чияс абунила:

– Гьабщинаб мехалъ дидаса бажарухъе Аллагьасде вуссун, Гьесие тIагIат-гIибадаталдаги вуго дун. БукIаниги, гьев ханасдаса дур гIадаб хIинкъи, дун вижарав БетIергьанасдаса дир гьечIин ракIкъварилъана. Гьединаб хIинкъи дилъ щулалъулебани, ахираталъул рокъов витIун ккаравлъунги вукIине бегьулаан дун.

Мунин абуни, ханасдаса гIадин Аллагьасдаса хIинкъулев вукIаравани, малаиклъунги вахъун, куркьбалги рижун зодове воржинаан.

## ЩИБХА, ДИР ЯС, ДИЦАГИ ГЬАБИЛЕБ

ЙикIанила лъабго яц.

Гьезул цояй йикIанила кIохIалай, щибго хIалтIи-пиша бокьуларей. КIиабилей – кидаго гIадамазулгун дагIба-рагIиялда йикIуней, ццидалай. Лъабабилейин абуни, щибго чIвазе багьана гьечIей, унго-унголъунги хIурулгIин гIадай яс.

Цо къоялъ гьезул рукъалъул кIалтIа лъалхъанила чуялги рараб гьоко. Щибдай-киндайин абун балагьизе къватIире рахъанила яцал. Гьеб гьакида тIад йиго анила ригь арай чIужугIадан.

– Мун щий? Шиб мурадгун нижехъе ячIарай? – илан гьикъанила яцаз.

– Дун йиго гIадамазе къисматал рикьулей гIадан, – ян абунила гьелъ. – Нужееги заман щвана нуже–нужее насибаб къисмат босизе. РекIа гьакида.

РекIанила яцал гьакида.

Гьедин рекIун унаго-толаго гьал щванила цо росдал рагIалде. Вугила гьенив хур бекьулев цIакъ куц-рахъ бугев гIолохъанчи. Гьев хIалтIулеб куцалъухъ балагьун хIайранлъанила гьал.

– Гьале дур къисмат, – абун гьесда аскIой танила кIудияй яц дой гIаданалъ.

Хадур гьел щванила цоги росулъе.

Гьенив къебелъухъ ватанила гIезегIан ярагьунев, цIакъ гIамал берцинав, гIадамасул адаб-хIурмат бугев гIолохъанчи. Къебелъухъ гьес гьарун лъурал тIагIелаз хIайран гьарунила гьал.

– Гьале дурги къисмат, – илан гьесда аскIой танила дой гIаданалъ хадусей яц.

Цо хутӀарай гьитӀинай яцгун гьокоги чӀужугӀаданги щванила цоги росулъе.

КӀутӀанила чӀужугӀаданалъ цо рукъалъул нуцӀида – кьоларила лъицаго жаваб. Рагьанила гьелъ нуцӀа. Гьакълилги хъалияналъулги махӀалъ хӀухьел цӀазецин бажарулеб хӀал гьечӀила гьениб. Рокъоб, бакӀ-бакӀалда щущахъ бан, гӀадлу биххун къайи-къоноги бугила, цо бокӀнилъ гӀебеде рехун сурараб куцалъул мехтарав гӀолохъанчиги вугила.

– Гьаб буго дурги къисмат, – илан абунила чӀужугӀаданалъ ясалда.

– Дие гьав щай? Кин дица гьасда цадахъ гӀумру гьабилеб? – илан гӀодайорчӀун лъугьанила яс. – Дир яцалги гьезул гӀамал-хасиятги дуда лъалаан. Дозие гьададинал сахал гӀолохъаби кьурай дуца, дие щай гьав гьекъолдухъан тӀаса вищарав?

– Щибха, дир яс, дицаги гьабилеб, дур къисмат гьединаб буго, – ян ясалдаги абун, гьений гьейги тун, жиндирго гьакидаги рекӀун чӀужугӀадан нахъе анила.

## ДУНГОЦИН ЛЪАЛЕВ ГЬЕЧӀО

Хванила цо улка-ракьалъул хан. ЦӀияв хан теялъул суал дандбазе данделъун рукӀанила гьеб улкаялъул гӀадамал. Гьезул гӀадат букӀанила, цевесев хведал, можоро тӀамун, хан вищулеб. Можоро бергьун ханлъун кканила, мискиназулъги мискинав инсул жеги мискинав вас.

Цо къоялъ цӀияв ханасухъе вачӀанила гьесул эмен. Хан гьесухъ валагьун хутӀанила. Инсуца васасда гьикъанила:

– Щиб, дуда дун лъачӀогойищ? – илан.

– Мун кин дида лъалев, дунгоцин лъалев гьечӀо гьанже дида, – илан абунила цӀияв ханас.

## ЯСГИ НУСГИ

Церегоялдаса рихьичӀел, лъимерлъудасанго гьудул-гьалмагълъиялда рукӀарал кӀиго чӀужугӀадан дандчӀванила цо къоялъ базаралда. Рокъоб-къватӀиб бугелъул, лъимал-хъизаназул хабар кканила гьезул.

– Яс кин йигей, рос-рукъалда рекъа-решон йигищ? – абун гьикъанила цоялъ.

– Ясали дир битӀахъе алжаналда йиго. Росги гьелъул рос гуро – месед вуго. Гьелъие бокьанщинаб, тӀадкӀалъай гьечӀого гьабула. Босун буго гьелъие машина. РетӀел-тӀехалъеги, месед-гӀарацалъул тӀагӀел-гӀучӀалъеги кьолеб жоялда барахщуларо. Бищун хирияб, цӀар бугеб бихьун босула. Рукъ-бакӀ бакӀаризеги, квен-тӀех гьабизеги ккун йиго рокъой хӀалтӀизе гӀадан. КъалъезегӀен егун йикӀаниги, гьелъие щибго ургъел букӀунаро, росас жинцаго бусаде босун бачӀуна гьелъие квен-тӀехги.

– ЛъикӀин, яц, лъикӀин. Васги квеш ватиларогури.

– Васасул бицинего бицунге, яц, – илан жиндирго накалда хъат кьабанила гьей гӀаданалъ. – ТалихӀ къана гьев пакъирасул. Нусилан цо нижеде тӀаде ккун йигей жо йихьизе лъикӀан дуда. КъалъизегӀан бусадаса тӀаде яхъунаро. Квенгицин бусаде кьола гьелъие дир васас. Гьес гьелъие гьабизе нахъе жо тун гьечӀо. Босун буго машина. Босула хирияб, цӀар бугеб бихьун ретӀел-хьит,

месед-гIарацалъул къай-къоно. Квен-тIех гьабизеги рукъ-бакI бакIаризеги ккун йиго рокъой хIалтIизе гIадан. Алжан бакьулъ нусги йиго дир, жужахI бакьулъ васги вуго. Вабабай, нижеде рещтIараб балагь. Щиб мунагьгIагидай букIараб дирги дир васасулги гьадай жо тIаде ккезе…

## РОКЬИ АНИЛА

Цо ясалъул гIорхъолъа араб, унго-унголъунги гьалагаб рокьи кканила гIолохъанчиясухъ. Гьей гьесие гIоло хвезеги хIадур йикIанила. Амма гIолохъанчиясе гьей яс йокьуляроанила. Ясалда гьеб бичIчIулаанила. Гьелъ чара хвезабун букIанила ясалъул. Гьелъул макьу тарал сардал, кидаго гьесухъ чIалгIун, гIодулаго унаанила.

Цо сордоялъ ясалъ пикру гьабунила, гьаб хIалалъ дун гIодизе тIамулев, дунги йокьуларев чи щай дие къваригIаравилан. Гьеб пикруялда тIад ургъулаго, ургъулаго, рокьиги араб бакI лъачIого тIагIанила, дов гIолохъанчиги вукIинего вукIинчIев гIадин, гьелъул рекIедаса рикIкIалъанила. Гьелъ хIисаб гьабунила, кида букIаниги, жийги йокьулев, жий гIодизеги тIамуларев чи дандчIвалев ватилин жиндаян. Гьеле гьесие гIоло бегьилин, ккани, гIумруги кьезеян.

## ГIАРЦУЛЪ ТАЛИХI ГЬЕЧIЕБИЛА

– ГIарцулъ талихI гьечIинги абула, амма гIарцуда хадур лъугьунги рукIуна киналго, – ян абунила гIолохъанчияс цо гIакъиласда. – Дида гьеб гIарцулъ талихI гьечIин абураб жоялъул магIна бичIчIуларо. Дуда бичIчIулеб батани, диеги рагье гьеб кициялъул балъголъи.

– Гьединха, дир гьитIинав вац, хIакъикъаталдаги гьеб бугеб, – илан жаваб кьунила гIакъилав чияс. – Балагье мунго: гIарцухъ бусен-къайи босизе бегьула, амма макьу босун бажаруларо. Квен-тIех босизе бегьула – кванде гъира базабун бажаруларо. Дараби росун бажарула – сахлъи бичун босизе бажаруларо. Мина-мирк босун бажарула – рокъоб парахалъи, рахIатаб ахIвал-хIал босун бажаруларо. РекIелгъей гьабизе бегьула – рохел бичун босизе щоларо… Гьединал мисалал кигIан бокьаниги рачине бегьула. ХIасал-калам, гIарцухъ талихI бичун босун бажаруларо, гьеб жибго бачIине ккола.

## ТIУТIАЗДА ТIАДЦИН ИХТИЯР ГЬЕЧIЕВ ХАН

БухIараб бакъукь, гIицIаб авлахъалда, тIад тIагъур, гурде, яги хьитал гьечIого гIодов чIун вукIанила гIетIуда вецIцIулев язихъав, унтарав цо чи. ТIадежоялъеги, тIад рещтIун тIутIазги цIакъ лазатбахъи гьабулеб букIанила гьесие.

Жиндирго чукъа-ракъангун тира-сверизе вахъарав гьеб улка-ракьалъул хан щванила гьесде тIаде.

– Дур мурад бице, лъикIав чи, – ян абунила ханас гьесда. – Щиб абуниги тIубазе буго дица. Гьаб дунялалда дида гьабизе кIолареб жо щибго гьечIо. Дидаса хIинкъулареб жоги цониги гьечIо.

– Дун гIадав пакъирасул кIудияв ханасда гьаризе гIемер жоги щиб букIинеб. Аллагьасе гIоло, гьал тIутIал дида аскIоре къалареб хIал гьабе. БитIахъе чIвалев вуго дун гьаз, – илан гьаранила гьес.

Хан балагьанила гьесухъ, цинги абунила:

– Гьеб гьари тIубазе дида кIоларо. ТIутIазда тIад ихтияр дир гьечIо. Гьел дудаса рачахъизе дида кIоларо.

– ТIутIазда тIадцин ихтияр гьечIев дуда дунялалда бокьараб жо гьабизе кинха кIолеб? – илан бачIинчIониги гьиманила гьев чи.

Гьесул рагIаби рагIичIеб ххвелги гьабун, ханас гьеб бакIалдаса хехго нух босанила.

## ХIАЛТIИ ТIАГIУН ГУРЕБХА

Хванила цо мискинчи. Гьесие хоб бухъизеги, хабалалъе гьев восизеги гьевго гIадав лъабго мискинчи гурони ватичIила. Хварасул малиги босун унел гьезда жиндирго ахикь хIалтIулев ватанила цо чи. Гьез гьев чиясда гьаранила хабалалъе мали босизе жидее кумек гьабеян.

– Дир цIакъ гIемераб хIалтIи буго, заман гьечIо, – ян абунила ахихъанас.

– Гьав чиги гьабизе хIалтIи тIагIун вукIун гуревха дове унев вугев, – илан мали босун унезги абунила.

## ИНСУЛ ВАСИЯТ

Ресалда вугев цо чиясул вукIанила цого цо вас. Хвалда цебе гьес васасе гьабунила гьадинаб васият:

– Дица дуе кьолеб буго тIубараб гIумруялъ  дуда кIочене бегьулареб, тIубазабизеги кколеб лъабго гIакълу, – ян абунила инсуца. – Дуца киданиги цогиязе тIоцебе салам кьоге. Гьеб цо. КIиабизеги – къаси рокъове щведал кидаго дуца кванай гьуинаб квен. Лъабабизеги – радал къватIиве вахъунаго, щибаб къоялъ дуца ретIе цIи-цIиял хьитал.

КватIичIого хванила эмен. Васасги гьес малъухъе, лъиениги тIоцебе саламги кьолароанила, къаси гьуинаб гурони квенги кваналароанила, щибаб къоялъ росун цIи-цIиял хьиталги ретIунаанила.

КватIичIого, пахруяв жо вугилан росулъ гьеседа кIалъалев чиги хутIичIила. Гьуинаб кванихъги хьитазухъги кьун инсуца нахъе тараб буголъиги лъугIанила.

Гьабизе жо лъалареб бакIалде ккарав васас цо къоялъ эбелалда абунила:

– Эбел, дуца битIахъе бице, цого цо вугев дун инсуе гьадигIан цIакъ рихаравищ вукIарав? Гуреб батани, гьадаб магIна гьечIеб гIакълу щай дие гьес кьураб?

– Инсуца васият гьабун букIана дуцаго гьикъизегIан гьеб лъабабго гIакълуялда жаниб бугеб балъголъи дуе рагьугеян. Гьанже дуца гьикъулеб бугелъул, бицине бегьула, – илан абунила эбелалъ. – Киданиги цогиязе тIоцебе салам кьогеян абурал рагIабазул магIна буго, мун радал цудунго, цогидаздаса цеве вахъун хуриве хIалтIизе аян абураб. Гьеб мехалда дуе кьола аскIосан унез салам. Къаси гьуинаб гурони квен кванагеян абураб гIакълуялъулги магIна буго, къоялъ хIалтIулевги вукIун свакарав дуе къаси кинаб квен кваниги гьуинлъулин абураб. Щибаб къоялъ цIи-цIиял хьитал

ретIинги ккола, радал ретIине ругел хьитал рацIцIа–ракун, къасго дуца къачIа-кIатIан тей.

Хадусеб къоялдасанго васас эбелалъ малъухъе гьабунила кинабго.

Заманалдаса гьев васасул лъалаго магIишатги цебетIунила, росдал гIадамазда гьоркьоб гьесул къадру-къиматги борханила.

## «ЦIУНЕ ДИР БЕРАЛ»

ЙикIанила кIиябго бералда щибниги канлъи бихьуларей яс. Гьелда жийго цIакъ рихун йикIанила гьединай беццай йигелъул. Цого цо жиндиего вокьулев цо вас хутIизегIан, цогиял гIадамалги рихарал рукIанила гьелъие. Гьес кидаго ясалъе ракI-макI гьабулаанила, гьелъие хIажатабщиналъув ватулаанила. Ясалъ абулаанила, канлъи бихьулеб букIарабани, жий гьев васасе росасе инаанилан.

Циндаго цо лъицаялиго гьей ясалъе жиндирго кIиябго бер кьолеб бугин абунила. Гьабун операциягун гьел берал лъедал, ясалда канлъи бихьанила. Вихьанила гьелда жиндирги жиндихъги рокьи ккарав дов васги. Гьес ясалда гьикъанила:

– Гьанже дуда канлъиги бихьараб мехалда, дие лъадилъун ячIинарищ мун? – илан.

Ялагьанила гьесухъ яс. Вугилаха гьев тIубанго беццав вас. Ясалъ инкар гьабунила. Васги щибго рагIиги гьелда абичIого нахъе анила. КватIичIого ясалъухъе гьесухъан щванила гьадинаб кагъат:

«Аллагьасе гIоло, хирияй, цIуне дир берал. Духъ ккараб рокьул бацIцIалъиялъ дица гьел кьуна дур мурад тIубазе, дуда канлъи бихьизе».

## ГЬУДУЛЛЪИГИ, РОКЬИГИ, БЕЧЕЛЪИГИ

ВукIанила рохьил рацIцIалъуда гIумру гьабулев цо херав чи. Лъимал–хъизан, гIага-божаралги гьесул рукIинчIила.

Цо пуланаб сордоялъ рагIанила гьесда нуцIида кIутIулеб.

– Щив? – илан гьикъанила херас.

– Дун буго дур Бечелъи, – абун кьунила къватIисан жаваб.

– Кидаялиго дун цIакъ бечедав чи вукIана, – ян абунила херас, – амма гьеб бечелъиялъ дие кинабгIаги талихI кьечIо.

РагьичIила гьес бечелъиялъе нуцIа.

Хадусеб сордоялъги кIутIанила нуцIида.

– Щив? – илан гьикъанила херас.

– Дун буго дур Рокьи, – абун кьунила къватIисан жаваб.

– Дирги ккана рокьи, дихъги ккана рокьи, – ян абунила херас, – амма рокьуца дие талихI кьечIо.

РичIичIила гьес Рокьиялъеги нуцIа.

Лъабабилеб сордоялъги кIутIанила херасул нуцIида.

– Щив? – илан гьадабго суал кьунила гьес.

– Дун буго дур Гьудуллъи, – абун букIанила къватIисан жаваб.

Херав гьиманила ва рагьанила нуцIа.

– Гьудулзаби рачIине дие кидаго бокьула, – ян разилъанила гьев.

Амма Гъудуллъигун цадахъ жанире рачIанила Бечелъиги Рокьиги.

– Дица цохIо Гъудуллъи гурони къабул гьабизе гьечIо, – илан абунила херас.

Цадахъго лъабазго кьунила гьесие жаваб:

– Гьелщинал соназ гIумру гьабулеб буго дуца дунялалда. Амма мун жеги цо цIакъ гIадатияб жоялде кантIун гьечIо: Гъудуллъи бугелъур рукIуна Рокьиги Бечелъиги.

## ДИЦА ГIАЗУ БУХХУЛАРО

ВукIанила кIиго мадугьал.

Щванила гьезухъе гьаб соналъги хасел. Цо къоялъ радалалде батанила бан гIазу. Вахъанила къватIиве цояв мадугьал рахханги босун, жиндиего гIазудаса нух-бакI бацIцIад гьабезеян. Гьедин гIазу бuххулаго, балагьанила мадугьаласул мухъалде, бугила гьесухъе унеб нухда гIазу бокъинабун.

Хадусеб къоялъги радалиде бан батанила гIазу. Вахъанила гьев раххангун къватIиве. Мадугьаласухъе унеб нух гьадабго къагIидаялъ бокъинабун бугила.

Бугилаха лъабабилеб къоялъ дагьабги кIудияб гIазу бан. Гьанжеги радал цудунго вахъун жиндиего нух-бакI гIазудаса бацIцIад гьабулев вукIарав гьев чи, балагьанила мадугьаласул рахъалде. Гьесухъе унеб нухдаса гIазу тIубанго бацIцIун бугила…

Хадусеб къо роцIараб бачIанила.

КъватIиве вахъарав гьев чиясда мадугьал дандчIванила.

– Дица лъабабго къоялъ радал цудунго вахъун диего нух-бакI бацIцIад гьабизе гIазу бuххана, – ян абунила гьес мадугьаласда. – Лъабабгоги къоялъ духъе унеб нухда гIазу гьечIоан. КигIан хехгогIаги мун гьеб бuххизе вахъунев?

– Дица гIазу киданиги бuххуларо, – илан жаваб кьунила мадугьалас. – Дихъе рачIунелъул гьудулзабаз бокъинабун, гьеб нухда хутIуларо.

**Мирза ДАВЫДОВ**



*Тумазул шагІир, хъвадарухъан ва драматург Мирза Давыдов гьавуралдаса тІубана 80 сон.*

*М.Давыдов гьавуна 1939 соналда Лак районалъул Сундарали росулъ. МахІачхъалаялъул музыкалияб училищеялдаса хадуб лъугІизабуна Москваялъул М.Горькил цІалада бугеб Литературияб институт. ХІалтІана Дагърадиоялъул тумазул редакциялда, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул тумазул секциялъул нухмалъулевлъун, Хъвадарухъабазул союзалъул председателасул заместительлъун. ГьабсагІат хІалтІулев вуго тумазул мацІалда бахъулеб «Лачен» журналалъул редакторлъун.*

*М.Давыдовасул «Сайгъат» абураб тІоцебесеб кучІдузул тІехь къватІибе биччана 1965 соналда. Хадубккун, тумазул ва гІурус мацІазда рахъана гьесул къогоялдасаги цІикІкІун кучІдузулгун поэмабазул ва харбазалгун къисабазул тІахьал.*

*Мирза Давыдовасе кьун руго ДРялъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан ва Дагъистаналъул хаклъияв поэт абурал хІурматиял цІарал.*

*80 сонилаб юбилейги баркулаго, тІадеги творчествоялъул рорхалъабиги гьарулаго, нижеца кьолел руго Мирзал цо-цо кучІдул*

## ДИР ИНСУЛ РУКЪ

**Дир мугІрузул улка,**
**Дун гІураб росу,**
**Инсул басрияб рукъ**
**Бокьула дие.**

**Рагъда лъадарараб,**
**Ва бахІарчияб**
**Дур цІадул хІенехІгун**
**Вахъана нухда.**

АскIосан унаго
Щулиял къадахъ
СихIкъотIун гIенеккун
ЧIола мех-мехалъ.
Гьез дида бицуна
Араб-таралъул
Гьенир умумуца
Тарал лъалкIазул.

Сапаралъ унаго,
Радалго вахъун,
Къварилъула дир ракI
Къо-мех лъикIилан.
РагIула ганчIазул
Гьаркьал гIундузда:
«Нух битIаги, гьудул!
Хехго тIадвусса!»

Дида годекIабахъ
Херал рихьула,
Гьезда цеве гIодов
ЧIезе бокьула.
ГIодоре къуларал
Херал руччабаз
Дир беразда магIу
Хулизабула.

Щибаб нухалъ
Рокъов тIадвуссунаго,
Анищаз цIола дир
ЧIобгояб ракI.
Дида цее чIола
ХIеренай эбел
ХIасратаб рокьигун
Ялагьун чIарай.

* * *

Дагь-дагьккун бецIлъулеб буго дуниял
Зодихъ цIваби руго тIаде цIикIкIунел.
Йокьулелъул гIадаб хIеренаб гьаракь
БагIлидал гъутIбузул рагIула сардилъ.

Дица гIиял рехъен, данде бакIарун,
Цебехун, рокъобе буго бачунеб
Гьорол сасалъ тIанхал шуршулел руго,
ГIедегIугейилан абулеб гIадин.

ГIурччинаб харилъан хIатIал лъолаго,
ГIолохъанаб дир ракI гьалдолеб буго.
Гьале дур гIумруйин, гьале дур ракьин
ЧIухIараб асаралъ керен цIун буго.

## ГЬАБ САРДИДА

ТIоцебесеб гIазу дир хIатIазда гьоркь
Къиркго-къиркийилан ахIдолеб буго.
ЦIорораб гьуриялъ цевехун тункун,
БецIлъиялде гьорлъе тункулев вуго.

Дун дур азбаралде аскIов щун вуго,
Гордухъ яхъун чIарай мунги йихьула.
ЧIегIерал беразулъ пашманлъи бахчун,
Цо киеялиго ялагьун йиго.

Самоваралъуб лъим гьалулеб буго
Гьелда аскIоб рокъоб хинлъи чIун буго.
Юргъанги тIаде цIан, лъоба зодихъан
Нур нилъей бикьулеб моцIги бихьула.

Дир гьурмада чIолел гIазул хIулаби
ГIемер мех бачIого риунел руго.
Гьаб сордоялъ нилъги гьаруна ратIа
Гьединлъидал вуго квачалев дунги.

### БИГЬАРОДУЛ ГЪВЕТI

Дир бигьародул гъветI, бигьародул гъветI,
Росдал рагIалда мун хъаравул гIадин.
Жегиги гьитIинаб кьоялдасанго
Дида мун батана зодобе араб.

Сапаралъ унелги, тIадруссунелги
Даим унел руго дуда аскIосан.
Цоял гьел пашманал, цоял разиял –
Дуда гьезул гьурмал рихьаралщинал.

Дир бигьародул гъветI, гIумруялъул нугI,
Дие бокьулеб куц мунгун кIалъазе.
Дун духъе вуссуна киве аниги,
РекIей бигьалъула – дуда берчIвани.

ГIодов вукIуна дун дуда мугъги чIван,
Дуца кьола дие къуват, яхI, намус.
Цингиги цIидасан сапаралъ ине
Гьира букIуна дир – духъе вуссине.

Дир бигьародул гъветI, мун – дир лъимерлъи
ЛъачIого араб куц, унго, гьеб хехго.
Дун кIудияв гIуна, гIумру бичIчIана,
ГIадамалги лъана, гIакълуги щвана.

Мун додинго буго, хисулеб гьечIо,
Дур каралъ кидаго цо жо бицуна,
ТIанхал шуршудула, черх беэдула
Дир бигьародул гъветI, мун дий бокьула.

## ДИДА ЩИБНИГИ ЖО БИХЬУЛЕБ ГЬЕЧIО

**Мун кий йигей, хирияй,**
**Кинаб рахъалда йигей?**
**Мун гьечIеб бакIалда дий**
**Сундулго рохел гьечIо.**

**Гьале их буго бачIун**
**Кьер-кьерал тIугьдуз цIураб,**
**Хурзал-ахал – киналъго**
**ГIурччинаб юргъан бана.**

**ХIанчIаз рачунел бакъназ**
**Дир ракI бохулеб гьечIо,**
**БухIараб бакъул хинлъи**
**Дида хвалебго гьечIо.**

**Беццав гIадинан вуго,**
**Дун гIинкъав гIадин вуго,**
**Каранда ракI сунцаго**
**Бохизабулеб гьечIо.**

**Пикрабаз цIураб бетIер**
**ТIокIкIине кIолеб гьечIо,**
**Мун ялагьулел берал**
**Церего свакан руго.**

**Нилъер лъимадул кини,**
**Канлъиго гьечIеб гьаб рукъ,**
**Къо бакъаниде щведал**
**Щущалеб буго дир ракI.**

**Мадугьалихъ цо лъимер**
**Нилъералда бащадаб,**
**Гьелда берчIвараб лахIзат –**
**Дун холеб лахIзат буго.**

**РагIулел гьечIо дида**
**Дур хIеренал рагIаби**
**Рихьулел гьечIо дида**
**ЛахIчIегIерал дур берал.**

**Гьарула, дир хирияй,**
**ТIадюсса мун рокъое.**
**Даимаб бецIлъиялъукь**
**ВукIине кIолеб гьечIин…**

***Руссинаруна***
***ПатIимат ГIАБДУРАХIМАНОВАЛЪ***

ГІадамал, гІумру, къисмат

## ГІАБДУРАХІИМ-ДИБИР

153 сон тІубана кІудияв гІалим, къородисезул ва хьергебдерил дибир ГІабдурахІим гьавуралдаса. ГІабдурахІим-дибир гьавуна 1866 соналъ Гъуниб округалъул Кудали росулъ МухІамад-хІажиясул ва Паридал хъизаналда. ГІабдурахІимил бициналде, гьесул инсул ва умумузул хІакъалъулъ кьезин къокъабго баян.

Алжаналъул ракьилан къимат кьураб нилъер Дагъистаналда VII абилеб гІасруялда, Халифат гІатІид гьабулеб заманалда, ХІиджаз-Шамалдаса ислам тІибитІизабизе рачІарал Абул-Муслим шайихасул рагъухъабазул цоясул наслу-тухумалдаса ккола КІудияв ГІабдурахІим. Гьесул рукІун руго лъабго вас, МухІамадги АхІмадги шагьидлъун руго имам Шамилил заманалда. Лъабабилев вас ккола Сайид МухІамад-Апанди-хІажи, ГІабдурахІимил эмен. Гьеб кинабго лъарав имам Шамилица хъван буго гьадинаб кагъат:

«Муъминзабазул гІамир Шамилил рахъалдасан. Жиндир киналниги наибзабазде, нусил бутІрузде, диналъул вацазде ва мугьажирзабазде, ахиралде щал хутІун ратаниги. Нужеда Аллагьасул салам лъеги. ГІадилал чагІазул нугІлъиялдалъун, хІакълъунго, дида аскІор чІана гьав кІиявго гІалимчи – МухІамадги АхІмадги. КІудияв ГІабдурахІимил васал, МухІамадил васал, Халилил васал, Будайил васал, гъумукъиял, маккиял, аслу кьурайщиял, саййидал. Гьединлъидал, нужеца гьел кІиялго нахъчІваге хъумусалдаса (къурайщиязе щолеб бутІа). Нужеца хІурмат гьабе гьезул ва цогидал лъималазулги хІурмат цІуне. Гьездаса лъикІал, гьездаса варагІ бугел (Аллагьасукьа хІинкъулел) чагІи нилъеда сверухъ гьечІо. Нужеда Аллагьасул салам лъеги.

Имам Шамилил гьаб кагъат гІарабалдаса гІурусалде буссинабун буго Гъуниб округалъул, гІандалазул участкаялъул кагътал хъвалев чи МухІамад Наврузовас 1904 соналъул 15 маялда. Гьеб ритІухъ гьабун, мугьруги чІван, гъулбасун буго Гъуниб щулалъиялда вукІарав гІандалазул участкаялъул начальник, капитан Золотухиница.

Хъвартадерил ракьалда бугеб «Врангелил кули» абулеб бакІалда гьеб кагъат кьолелъул, имам Шамилица цадахъго сайгъаталъе кьун руго чІумалги. Гьел нахъе цІунун ругилан абула ГьаракІуниса гІалим НурмухІамадил МухІамадил васас.

ГІабдурахІим-дибирил эмен МухІамад-хІажияв вукІун вуго дугІа къабулав, Аллагьасда цеве ритІухъав гІалим. Сапаралъ унев МухІамад-хІажиясда Гъуниб кьода дандчІван руго гІурусал. Гьел лъугьун руго гьев хІакъир гьавизе, малъкъосарав гьев Аллагьасда гьардон вуго:

– Я БетІергьан, гьазие дидаса къваригІараб щиб? – абун. Гьелдаса хадуб, цо къуваталъ восун нухлул рагІалде щвезавун вуго гьев. Гьеб бакІалда щукрудул какги бан, гьевги ун вуго жиндирго нухалъ. Аслияб куцалда МухІамад-хІажи рикІкІунаан мугІалимлъун. Гьес Кудалиб росулъ жинцаго гІуцІараб мадрасаялда цІализарун руго гІемерал мутагІилзаби. Амма, жиндирго васазе живго чІаго вугебгІан мехалъ лъай кьезе къотІи букІун гьечІо.

Цо нухалда Инхоса ГІали-хІажиявгун цадахъ МухІамад-хІажи къватІиве вахъун вуго хІеж борхизе ниятгун. ГІаймаки къварилъухъан унаго, гьезда

гьоркьоб ккола гьадинаб кӀалъай: «ГӀали-хӀажияв, – ян абула гьес, – анлъго нухалда щвана дун хирияб ракьалде хӀеж борхизе, гьанжесала гьеб ракь дие насибаб букӀин дида дир ракӀалъ бицунеб буго. Нагагьлъун гьеб тӀубани, дица васал дуде аманат гьарун толел руго. Лъабго сон барав ГӀабдурахӀимилан васги вуго, лъабго моцӀ бараб лъимер хъизаналъул ургьибги тана. Гьев гьавидал, Сайид ГӀубайдат абун Алжаналъул рохел бицарав, асхӀабасул цӀарги ахӀе дуца гьесде ва гӀейгун, дуцаго гӀелмуги малъе. Гьес цояб кверанъ дин, цогидалъ дунял ккела. ГӀабдурахӀимица абуни, кӀиябго кверанъ дин ккела, дунял гьабиларо».

Жиндаса гӀадамазе, гӀадамаздаса жиндие баракат щвезелъун, жиндаго хадуб лъалкӀ тун лъикӀилан абун МухӀамад-хӀажияс, хӀарщулъ гӀадин, кьурулъ квер кьабун буго. Гьеб гӀаламат бихьизе чанго нухалъ ячанила жий эбелалъин бицана ГӀабдурахӀим-дибирил ясалъул яс ГӀумарил ХӀусейнил ПатӀиматица. Цебе заманалдасаго гьесул рухӀалдаса цӀалун жо кьолеб кьуруги бугила гьеб ишараялда аскӀобго.

ХӀакъикъаталдаги, хӀеж борхизе арав, гьев хун вуго ХӀиджазалъул ракьалда, вукъун вугилан абула Мадинаялда, БакъигӀалъул хабалалъ. Эмен цеве гьечӀониги, ГӀабдурахӀимица гӀелмуялде рокьи гӀодоб тун гьечӀо. ГьитӀинаб къоялдасаго гьев гӀун вуго гӀелмуялъул гуреб батӀияб мацӀ цӀехечӀого, дунял гьабичӀого. ЦӀалун вуго Кудалиса ХӀасан ва Муртаза гӀадал гӀалимзабазда цеве. ЦӀакъ хехго малъараб жо босулев, пагьму бугев вукӀиналъ, цадахъ цӀалулезда дандеккун цӀакъ гъваридаб, щвалде щвараб букӀун буго гьесул лъай. Жеги гьитӀинавго чи ГӀабдурахӀим, щвараб лъаялъул халгьабизе Инхоса ГӀали-хӀажияс ахӀулаанила зама–заманалдасан жиндихъего. ГӀабдурахӀимил вац Сайид АбугӀубайдатица, хӀакъикъаталдаги цояб кверанъ дин, цогидаб кверанъ дунял ккун буго. Жиндиего гӀураб гӀелму тӀалаб гьабун хадуб, пачаясул заманалда гьев хӀалтӀун вуго Гъуниб округалъул батӀи-батӀиял хъулухъазда.

Бергьараб лъай бугев гӀалимчи хӀисабалда, ГӀабдурахӀим ахӀула Къороде дибирлъи гьабизе. Гьениб гьес хӀаракат бахъула халкъ Аллагьасул хӀакъаб нухде, яхӀ-намусалде ахӀизе. Гьединго, гьениб гӀадамазе загьирлъизе байбихьула гьесул тӀоцересел мугӀжизатал. Дихъе щвана ГӀабдурахӀимица Кудалиса наиб ХӀажи ЖахӀбарихъе насихӀат гьабун, гӀараб мацӀалъ хъвараб кагъат. Гьелъ бихьизабулеб буго гьев бергьарав гӀалим вукӀин. Хьаргаби росулъ тӀобитӀараб бусурбабазул иргадулаб мажлисалда данделъун рукӀун руго Дагъисаналъул батӀи-батӀиял росабалъа гӀалимзаби. Гьениб гӀахьаллъи гьабула Къорода росдал дибир ГӀабдурахӀимицаги. Инсан кверде восулеб, мунапикъ хӀинкъизавизе кӀолеб, рекӀелъе бортулеб ГӀабдурахӀимил каламалъ кутакалда асар гьабула гӀенеккаразе. Мажлисалдаса хадуб, Хьаргаби росдал жамагӀаталъул гьариялда рекъон, ГӀабдурахӀим-дибир вачӀуна Хьаргаби росдае дибирлъи гьабизе.

ГӀабдурахӀим-дибирасул инсул яцги йикӀун йиго Каримат-хӀажийин абун, Инхоса-ГӀали-хӀажиясул рокьи ккарай гӀадан. Гьесиеги инчӀого, лъимерги гьабичӀого хун йиго гьей Мадина шагьаралда. Юкъун гьенийго йигилан абула.

ХӀежалде вачӀунев СалтӀаса Узун-хӀажи, Каримат-хӀажияй йихьизелъун, рещтӀун вуго Мадинаялда, гьелъул бакӀалда. Узун-хӀажица садакъаде гьелъие щуго меседил гъурщги кьун буго. Гьелъги гьеб дагъистаниял кваназе рещтӀараб къоялъ ашбазалде кьун буго гьел кванаралъухъ. ГӀабдурахӀим-дибирасул йикӀун йиго кӀиго чӀужу, цояй Хъвартихьуниса. Гьесул вас Дибирасул МухӀамадил яс кколаан гӀемерал соназ батӀи-батӀиял тӀадегӀанал хъулухъаздаги хӀалтӀарай МухӀамадова ГӀайшат (гьелда «министр ГӀайшатиланги» абулаан).

2005 соналда дун щвана МахӀачхъалаялда гьелъул бакӀалде. НуцӀида кӀутӀидал гӀолохъанай гӀаданалъул гьаракьалъ ахӀана гьей кьижун йигилан.

– Дун Хьаргаби районалъул «Церехун» газеталъул редактор вугин, гьарула нуцӀа ричӀеян абидал, гьелъ нуцӀа ричӀана. Нижер гара-чӀвариялъухъе йорчӀарай

лъаларо, хъата-масан ячIана нуцIихъе. ГIайшат, тIоцеве вихьулев вугев дида, ячIинахъего къочана, ва кверги ккун дун жиндирго рокъовехун вачана. Гъадай яс жиндир васасул чIужу йигиланги бицана дида гьелъ. Гьеб къоялъ йихьана дида 1950 соназ Хьаргаби КПССалъул райкомалъул тIоцеесей секретарьлъун, хадусел соназ Сахлъи цIуниялъул ва Соцобеспечениялъул министрлъун гIемерал соназ хIалтIарай, жиндир цIар рагIарай ГIайшат МухIамадова. Гьей херлъунги къулунги йигоан, амма ракIцIодорго бугоан. ГIемераб жо цIехана гьелъ дида. Жинцагоги бицана. Дир эмен ГIумарил МухIамадги лъалев ватана гьелда. (Лъаларищха, 1950 соназ Сочи шагьаралда курорталда йикIарай гьелда лъан буго, гьениб аскIобго рагъулаб часть букIин. Цо къоялъ гьей ун йиго гьение Дагъистаналдаса васаз хъулухъ гьабулеб бугищали цIехезе полкалъул командирасухъе. Гьеле гьедин ратана гьелда Могьохъа дир эменги, Идрисов ПатахIги, Хьаргабиса Мусал ГIумарил МухIамадги, Гъазиев МухIамад-ХIажиявги, Вицатав ИсмагIилги, Къудукьа Сайгидул Шарипги. Рестораналдеги рачун, кваназеги гьарун руго гьелъ солдатал).

ЛъикIаланго мех бана дицаги гьелъги гара-чIварулаго. Гьанже дун эхеде, Хьаргабиве ине замана щванин абидал, цIакъ рекIее гIечIо ГIайшатие, цодагьалъги чIаян, нахъойги вачIинарищан букIана гьарулеб. Гьединаб хIалалда тана дица гьей, хадуй ялагьун. ГIадамал хирияй йикIана гьей. Ахирал соназ Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул музеялъул директорлъун хIалтIулей йикIана, хадусел соназ хванилан рагIана.

ГIабдурахIимил кIиабилей чIужу йикIана Хьаргабиса. Лъимал – МухIамадшарип, Написат, СагIидат, УмахIайибат.

Жиндир баракатги шапагIатги нилъее щваяв гIалим ГIабдурахIим-дибирас гьаб дунял тана 1912 соналъ. Вукъун вуго Хьаргаби росдал хабалалъ, буго зияратги. Хьаргаби аслияб къотIноб ирсилаз цIунун буго гьесул мина.

P.S. Хасаб баркалаялъе мустахIикъал руго, гьав гIалимасул цIех-рех гьабулаго дие кумек гьабурал, гьесул наслабилъун кколел Хьаргабиса Абакар Абакаров, ХIалимат Шахназарова ва ГIумарил ХIусейнил ПатIимат. ГIемерисел лъугьа-бахъинал арал гIасрабаздаса ругелъул, кIудияб гьари буго гIиси-бикъинал гъалатIаздаса тIасалъугьаян. НугIзал гьечIел мехалъ хIакъикъиябги маргьуялде сверулин абулелъул.

***ГIумар АВАРСКИЙ.***

# КучIдулги бакъналги

Нилъеца гIемер бицуна ахIулел кучIдузул рагIабазул загIиплъиялъулги бакънал хиса-свериазун ахIулел рукIиналъулги. КигIан биcаниги, гъеб рукIалиде ккезабунги бажарулеб гъечIо, хасго гIемерисел кочIохъабазул ахIун биччалел рукIин гурони, жидецаго гъабулеб-толелдехун жавабчилъи гъечIолъиялъ. Гъединлъидал, нижеда лъикIаблъун бихьана нилъер кочIохъабаз пайда босизе, поэтазул ахIизесел кучIдулги, гъезие данде колел композиторазул бакъназул нотабиги мех-мехалда журналалда кьезе. Гъаб нухалда бахъулеб буго Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасул кIиго кечIги, магIарулазул машгъурав композитор Ибрагьим Ибрагьимовас гъезие хъвараб кIиябго бакъанги.

**МАГIАРУЛАЛ**

**РагIаби М. АхIмадовасул** **Бакъан И.Ибрагьимовасул**



**МагIарулал руго Дагъистаналда,**
**Гъуниб мегIер бугел, АхIулгохI бугел.**
**АхIула гьезул цIар яхIалъ варухIалъ,**
**ЧIухIула дун вугин, магIарулавин.**

**Рокьула, рокьула дий магIарулал,**
**МагIарулал гьечIищ – гьечIо Дагъистан.**

**МагIарулал руго Дагъистаналда,**
**МагIарул мацI бугел, цIар тIадегIанав.**
**ТIадегIанав Аллагь, цIуне Дагъистан,**
**Арал къарнабазул къадру босарал.**

**Рокьула, рокьула дий магIарулал,**
**МугIруллъун руго гьел Дагъистаналда.**

**МагIарулал руго Дагъистаналда,**
**Рагъал гьаруна гьез, шагьал сорорал.**
**Шамилил халченги, Расулил кечIги,**
**ГьечIо кIочон тезе Дуниялалда.**

**Рокьула, рокьула дий магIарулал,**
**МагIналъул руго гьел Дагъистаналъул.**

**МагIарулал руго Дагъистаналда,**
**Даци рекIелъ бугел, рецц бокьуларел.**
**Бокьарал тушбаби щущазарулел,**
**Щулияб гьудуллъи, рухI кьун цIунулел.**

**Рокьула, рокьула, дий магIарулал,**
**МагIарулал гьечIищ – гьечIо Дагъистан.**

**ЛЪИХЪЕ ГIАРЗАЛЪ ИНЕВ**

**РагIаби М.АхIмадовасул** **Бакъан И.Ибрагьимовасул**




**Лъихъе гIарзалъ инеев, гIазу бан буго,**
**ГIаздада гIодоб ккун чIвараб чан буго.**
**ГIаздада чIвараб чан – гьеб дир ракI буго,**
**РекIелъ гIунун тIолго пикраби руго.**

**Чан нухалъ, чан гIадин, гIужие гъурав,**
**Гъурун руго рукьби рокьул кечIалъул,**
**Бидул щуб рещтIарал кочIол мухъазда**
**КунчIи чIвазабизе дида кIоларо.**

**Лъихъе гIарзалъ инев, гIалхул чаница**
**Я нух балагьула, я хвел босула.**
**Лъихъе гIарзалъ инев, гIазу бан буго,**
**ГIаздада чIвараб чан – дир къисмат буго.**

**ГӀалибег ГӀУСМАНОВ**

### РАКӀАЛДЕ ЩОЛА

**Цебе годекӀанир тӀингъалги ретӀун,
РукӀунаан херал хабар-кӀалалда.
Ракъи бихьаразул, рагъ бихьаразул –
РагӀизе бокьулеб букӀана хабар.**

**Рукъ балев чиясе кумек гьабизе,
Унаан киналго гвай базе цадахъ.
Бертин гьабулелъул, ахӀичӀониги,
РачӀунаан цӀигьул, хьвагӀун квералгун.**

**Пандур хъван ахӀулел ГӀусманил кучӀдул
Киданиги дида кӀочон толаро.
Жергъада квер къабун, рачунел бакънал
Бокьилаан жакъа рагӀизе дие.**

**Дом культураялъул оркестралдаса
Бигьдаца ахӀулеб кечӀ анищ гьанже.
Росуго данделъун, театр лъолеб
ИзахӀатил кулуб щола ракӀалде.**

**ТӀолабго жамагӀат данде гьабулел
Абакарил кучӀдул кире дол арал?**

### ЦАДАХЪ ГЬОКО ЦӀАЗЕ ЗАМАН ЩУН БУГО

**Цадахъ босулареб боцӀи сабаблъун,
ДагӀба-рагӀи гьаби рекъараб гьечӀо.
Росдал жамагӀаталъ хӀукмуги къотӀун,
БитӀараб, тӀекъаб жо рекъезабун лъикӀ.**

**ГӀиси-бикъиналда тӀасаги лъугьун,
Цадахъ гьоко цӀазе заман щун буго.
Нилъерго росдада баракат лъезе,
ЦӀияб мажгит базе къваригӀун буго.**

### ИНСУДЕ

**Дуе къадар ккараб ансадерил кьо,
Хунзахъе унелъул нухтӀа батула.**

Сапаралде-нахъе, аскIове щведал,
Дуе дугIа-алхIам гьабула дица.

Мун росулъ вукъизе кодове щвечIин,
Аллагьас дуй ралъад хоблъун гьабеги.
Мунагьал кигIанал ккун ратаниги,
ХIалкIолев БетIергьан, мун тIасалъугьа.

## ИЛБИСГУН РЕКЪАРАЛ

Цебе коммунистаз колхозал гьарун,
Бахъана магIишат дир тухумалъул.
Хурзалги, гIиялги, гIака-бечеги –
ГьоцIабазтIе гIунтIун гьезухъе щвана.

Гьанже демократаз, колхозал риххун,
Бахъана магIишат дир тухумалъул.
Хурзалги, гIиялги, гIака-бечеги,
ТIадбуссун нахъеги дозухъе щвана.

Гьанже цо гьитIинаб ракьалъул кесек
Васасе кьейилан дица гьаридал,
Дун инжит гьавизе жигар бахъана,
ДитIа релъанхъизе ракIалде ккана.

Умумузул боцIи къваригIун гуро,
Жакъа дица хабар бицунеб бугеб.
ШаргIалъул нухалда хадур унарел,
Илбисгун рекъарал рекIелъ къан руго.

## БАЧIАРАБ ЗАМАНА ЩИБ

Херал гIадамазул адаб таразул,
Умумузул занал кIочон таразул,
Эбел-инсул рокъой нух къосаразул,
Бечедазда цере хIелхIедулезул,
Гьудулзаби какун гаргадулезул,
РагIуца чи чIвалел мацIихъабазул,
Магьари лъоларел зиначагIазул,
Заман бачIун бугин, гьабилеб жо щиб!

## ИНСУЛ РУКЪ

**Нус-нус соназ цебе умумуз бараб,**
**Нижер тухумалъе байбихьи лъураб,**
**Кьурулъа бахъараб ганчIил гьабураб,**
**Росу бакьулъ буго дир инсул мина.**

**Дой инсул яцалъул тIехги мохмохги**
**ГьитIинав чиясда кIочон тун гьечIо.**
**Гьелъул гъанситогун гьитIинаб рукъги**
**РакIалде щвеялъе цIунила дица.**

*** * ***

**Унтарав чиясе кумек гьабизе**
**Заман гIолеб гьечIо гIагарлъиялъул.**
**Мискин-пакъирасе закагIат кьезе**
**КIочон толеб буго ал гIадамазда.**

**Заман хисанилан харбалги рицун,**
**Халкъалъул магIишат кIутIулеб буго.**
**Мискинзаби гуккун чед кванаразда**
**Хадуб магIарзухъа бачIине буго.**

**Доб лъикIаб замана тIадбуссинаро,**
**ТIогьол авлахъазда къвали кваналеб.**
**Дун гьезул боцIуда бахиллъиларо,**
**КигIан квананиги, чехь гIорцIулареб.**

## НИЛЪЕР ТIАЛЪИ КIОЧОН ТАРАЗЕ

**Лъарахъа баччараб лъетIа гьарурал**
**Эбелалъул хинкIал кIочонищ тарал?**
**ГIакаро магIарда гIиял хьихьараб,**
**Инсул тIилида щай тIад малал ралел?**

**Ракуца цIа бакун, квен тIад гьабулеб**
**Нужеда гъансито ракIалда гьечIищ?**
**ХIедул чирахъ бакун, канлъи гьабулеб,**
**Киналго разияб заман букIана.**

***Хунзахъ район,***
***ЦIада росу.***

# Гьабги, добги, додцоябги

## ХЪАЗ - РАГЪУХЪАН

Щуго сон барав Халид, кодоб ккун жеги бухIулаго бугеб мичIчIил цIурачедалъул кIудияб мочIугун, рокъоса къватIиве векерун вачIун, росдал къотIнове щвана. ГIицIал хIатIазда тIадагъал резиналъул, цересаги рагьарал хьиталги, цIахIилаб гурдеги, къокъаб, накалде щолеб тIажуги букIана гьесда тIад ретIун. Гьев, тамашаго берцинаб куц-мухъалъул ва цо лахIзаталъги цо бакIалда вукIунарев вас эбел-инсул чIухIилъун вукIана. Халидил эбел-инсул рукъалдаса гIемер рикIкIад букIинчIо, кутакалда гьесие хириял кIодолги кIудадалги рукъги, гьев къойилго щолаан гьезухъеги.



ЦIурачедни бегьилаан рокъобго кваназеги, амма азбаралда расандулел ругел лъималазул ахIи-хIур рагIарабго, Халидида кIвечIо цо лахIзаталъги рокъов чIезе. КъватIиб букIана бакъги щвараб хинаб къо, кинха гьединаб къоялъ васасда кIолеб цо лахIзаталъги рокъов вукIине!

Азбаралдаса къватIиве Халид ваккаравго, васасухъ балагьун чIун букIараб кинигин, гьасде данде бекерун бачIана хъазазул къукъа. МичIил цIурачедалъул махIгIаги чIван батилаха гьезда, гьел, церехун гьункьизарун жидер халатал гарбалгун, васасде цIаруцIана. Цебе-цебе бачIунеб букIана гьезул бетIер, бакIго росулаго хIатIалгун, гьебги къабукъана Халидиде тIаде. Халид виххана. Хъаз васасда тIаде кIанцIана ва цIурачедалъул мочIу, хъапан, гьесухъа кодоса бахъун ана. ТIаде кIанцIичIониги кьелаан гурищ букIараб васас гьелъие цIурачед. Гьениб хъазазул бахъана ахIи-хIур, киназего бокьун букIана цIурачедалъул хIалбихьизе, амма гьеб киназего гIураб букIинчIо.

Халидида бичIчIана киналго хъазал жинде тIаделъизеги бегьулеблъи, щай гурелъул, дагъаб цебегIан хъазазул къукъа тIаделъун букIиндалха гьасул гьудул ГIусманидеги. КIиабилеб къо букIана гьудул къватIиве вахъунарого, гьев нечон вукIана хъазаз хIанчI-хIанчIараб жиндирго мегIер гIадамазда бихьизе гурилан. Халидие бокьун букIана азбаралъуве жанивегоги кIанцIун гьенив вахчизе, амма заман гIечIо, хъазал гьесде тIаделъана. Халид хIинкъана ва гIод-гIодун виччан тана. Хъазазул кIудиялъ гьесда цIо тун хIанчIулеб букIана: мегIер, кIаркьаби бидуца цIуна, Халидида тIад букIараб цIияб ретIелги бидуца белъана. Би бихьарабго Халид цIакъго хIинкъана, гьев ахIдезе ва гIадамазда кумек гьаризе лъугьана. ГIагардегIан щивниги чи вукIинчIо. Цо лъиданиги гьеб параялъ гьев вихьани, ракIалде ккелаан хъазица вас гьанже гурев-гьанже чIвалилан.

Халидица бугеб рухIалъ тIажу ккун букIана, гьев хIинкъун вукIана хъазица тIажу тIаса бахъизе гурилан. Гьев, хIал дагьлъун, кавуялъул кIалтIа гIодов речIчIана. ГIодов кканиги хъазал нахъе унел рукIинчIо, гьез васасул хIатIал, махIаби хIанчIулел рукIана. Халид ракьалда гевегахъдулев вукIана. ТIолабго тIад ретIараб ретIел бидуца белъун букIана. Гьумерги букIана, кигIан хъазаздаса бахчаниги, бидул цIун. Циндаго бачIана Халидил кето Мансур. Амма катида гьев лъачIо, гьеб аскIосан бекерун, азбаралдехун ана. БукIарабани гьабсагIат аскIоб Халидил гьве ЧIегIераб бетIер, гьелъ васасе кумек гьабилаан, гьелдаса хIинкъун хъазалги рахъ-рахъалде тIурун инаан. Гьве ахил хъаравуллъун вукIарав кIудадада аскIоб букIана.

Лъаларо щиб гьелъул ккезе букIарабали, циндаго росдал почтальон, рекъав ва кополав ГIабид-даци тIаде щвечIевани. ГIабидица кодоб букIараб тIил эхеде борхана ва хъазазул бетIералде тIаде къавукъана. Хъаз гьеб параялъ почтальонасдехун буссана ва гьесда тIад речIчIизе къачIана. Хъазил бетIералда къабизеян гьесараб тIил, гьелъул гарбилъ щвана. Гьев ахIдолев вукIана:

– Гьаб щиб вахIщияб жанавар! ГьитIинав вас кваназе бокьунищха мун бугеб?! Нажас! Дица бихьизабила дуда гьабсагIат! Ма, дуе! Босе! – ГIабидица хъазида тIатIалго

щвезабуна тIил. Хадуб гьес гьеб ккуна. Хъвезейилан чвантиниб нус балагьизе лъугьана, амма нус батичIо.

– ТалихI гьаб хIалихьатил лълъурдулгIаги гьечIого – тIутIун валаан гьалъ дун! Пайда щибха, дир хIелеко Чубайс букIарабани гьабсагIат гьаниб, гьелъ тIутIун базе букIана мун!

Гьеб ахIи-хIуралъухъе рекерун рачIана торгIо хIалел рукIарал лъимал. Гьез гьаракь борхун, кибего рагIуледухъ бицунеб букIана гьениб кколеб-толелъул, амма аскIорегIан къалел рукIинчIо, хIинкъун рукIана хъазал жидеда тIадги речIчIизе гурилан. ДорегIанги чIун, гьез ГIабид-дацида абулеб букIана щиб ва кин гьабизе кколебали. Гьезда вихьулев вукIана бидул цIураб ретIелгун, гьумер-кIалгун Халид, гьезул гьесда кутакалда ракIгурхIунги букIана, амма кинго гьесие кумек гьабизе рес букIинчIо.

– Дида кодоб цIурачед букIана. Хъазазда гьелъул махI чIван батилаха, – ян бетIер гIодобе къулизе биччана Халидица.

ГIабид-даци лъималаз сверун ккуна. Гьезул цо-цояз хъазил куркьбал ккуна. ХIулаби тIун рачIун, рахъ-рахъалде роржана. Ахир-къадги, киналго тIаделъун, гьез хъазил бетIер къаркъалаялдаса батIа гьабуна. Рекъав ГIабид-даци, кодоб хъазил бетIерги ккун, тIад релъанхъулел лъималазухъги валагьун, гьалгъан хутIана. Цинги гьев гьимана ва хадув кидаго гIадин велъанхъана.

Киса ячIарай лъачIого, гьезда аскIое щвана хъазазул бетIергьанчIужу Бахтика. Кьарияб черхалъул, цIудул гIадаб гьумералъул, ццидал цIурал беразул, гьей, цин абизе рагIи батичIого йиххун хутIана, цинги ГIабидида кодоб ккун жиндирго хъазалъул бетIер бихьарабго, ахIдезе жуяна:

– Огь дур кверал ракъваяв, рекъав почтальон! Щиб дуца гьабун тараб жо?! Мун ГитлергIаги гуревищ, гьедигIан вахIшияв! Щай дуца чIвараб дир хъаз?! Дуца гьедин хвезаризейищ дица гьел хьихьун ругел?! Дица туснахъалда тIамизавила мун! – гьелъ дорехун-гьанирехун рикь-рикьизаруна ГIабидида сверун ракIарал лъимал, хапун ккуна ГIабидил квер ва гьесухъа хъазил бетIер бахъизе лъугьана.

ГIабидица гьелъухъе щвечIого букIине хъазил бетIер рикIкIадегIан рехун ана. Гьеб мехалда Бахтикал ццим гьалаглъана. Гьей гьесда тIад речIчIана. КIиялго гIодор ккана ва ракьалда герегахъдана. Лъималазе цIакъго кеп щвана. ГьебсагIат, гьеб ахIи-хIур рагIун, рекерун рачIана годекIанир гIодор чIун хабар-кIалалда рукIарал чанго херав.

Бахтика тIаде яхъана. Цинги ахIдана:

– Мун аздагьоялде сверун вихьула дида, хIалихьат! БецIе гьанже дие гьелъухъ кколеб багьа! БецIичIони дица дур цояб хIетIеги рекълъизабила! Дица гьабсагIат гъанкъила мун! – ан жиндирго чIахIиял кверались хьвагIезарулаго, гьей почтальонасда кьабгIизе гьесана. Гьелъул кIалдисан цIа парулеб букIана, цаби къиршулеб гьаракь рикIкIаде рагIулаан, мацIалтIе рачIунелщинал чорокал рагIаби лъугIулел рукIинчIо. КIудиял чагIаз гIемер релъанхъун, квербацIцIалъ берал рацIцIунел рукIана, цо-цояз чахьал ккун рукIана. Гьезда жеги йихьун йикIинчIо гьедигIанго цIакъ ццидахарай Бахтика.

ГIабид гIодове виччан кIалъана гьелда:

– Бице, кигIан кколеб гьалъул багьа, дуца рокъобе босизехъин батичIони, дицаго босила гьаб рокъобе.

– Гьанже капурго хвараб хъазил гьан рокъобе босулей йикIинарищха дун?! Мун тIубан бетIер сверунищ лъугьарав? Дица гьаб хъаз куйдухъги кьелароан, гьединлъидал, куйдул багьаяб гIарацги кьезе ккола дуца дие! – ян ахIдана гьей.

– ГIодое йиччай мун, Аллагьасе гIоло, дица диего босила гьаб, багьа абе!

– Дие къваригIун гьечIо дур гIарац! Лъабго лъагIел бараб куй бачун щвезабе дир рагьде!..

Ахир-къадги дагIба рагIалде щвана. Гьенире ракIарарал рокъо-рокъорехун ралагьун ине лъугьана. Гьеб мехалда, харил гулги мугъалде рехун, свакан хуриса юссун ячIуней Халидил эбел Аймесейида рихьана жидерго кавуялъул кIалтIе ракIарарал гIадамал. Гьелъул рахIат хвана ва гIедегIун цебехун гали босана.

– Щиб гьаниб лъугьараб? – ан гьикъана гьелъ дандчIварав цо васасда.

– Чехь кIудияй Бахтикаги почтальон ГIабидги дагIбадулел руго, – ян хехго жаваб кьуна васас.

– Щай гьел дагIбадулел ругел?

– Почтальонас гьелъул хъаз чIван буго.

– Кин?!

– Кин–кин? Гьес хъазил бетIер тIуна.

– Гьесул бетIер сверунцин гурищ? Гьеб «рекъаб шайтIаналъ» гьабулареб жого гьечIо! – ян абуна рази гьечIого Аймесейица.

– ГIабидил бетIер сверун гьечIо, Бахтика йиго бетIер сверарай. Хъаз нужер Халидида

тIад речIчIун букIана. ХIалица хвасарлъана. Гьев лъукъ-лъукъун, бида вецIцIулев вуго, – ян абуна васас.

– ЩибгIаги Бахтикал хъазие дир васасдаса къваригIун букIараб жогIаги?!

– Дида щиб лъалеб? Гьикъе хъазалда…Амма хъазни хвана…

– Дир вас Халид! КингIаги гъов вугев? Щай дица дирго вас цадахъ вачинчIев?.. ЧIаго вугевищ дир вас?

– ЧIаго вуго, амма тохтурасухъе вачине ккараб хIал буго.

– Вуя! Дуца бицунеб щиб?! – анги ахIулаго, кодоб букIараб харил гулги нухда рехун тун, гьей рокъое екерун ана.

– Гьанже букIина кеп, – ан абуна васас гьелда хадувги валагьун гьимулаго, – гьеб бихьизе ккола дида.

Росу рагIалда букIана лъадал цIолеб къулгIа. Гьенире ракIарун рукIана лъималги Халидги. Лъималаз гьесул гьумер, ретIел-хьит бидаса бацIцIад гьабулеб букIана. Аймисейица къвал бана васасда.

– НагIана батаяй Бахтикаги гьелъул хъазалги! Гьей жийго тIутIун язе кколаан жиндирго хъазаз! Щай гьалаглъараб хъаз дир васасда тIад речIчIараб? БитIун чIван буго гьеб ГIабидица!

– ГIабид-дацица бетIер тIуна дида тIад речIчIараб хъазил, – ан бицунеб букIана эбелалъул кверги ккун рокъове унаго Халидица.

– Хъазил тIечIого бетIер Бахтикал тIезе кколаан ГIабид-дацица.

Гьел къоролалъул рукъ бугеб рахъалдлехун ралагьун ана.

– Гьанже нилъ ралагьила гьаб киноялъул лъабабилеб сериялъухъ, – ан велъанхъана, лъималаздехунги вуссун, довго вас. Киналго лъималги рилълъана эбелалдаги васасдаги хадур.

Ццидахарай Аймесейица малги бан рагьана Бахтикал каву. Бахтика азбаралда хъазазе квен кьолей йикIана. Узухъда, гьелда рихьун рукIана жанире лъугьунел Аймесейги Халидги, амма кин хабар байбихьилебали лъаларого, рихьичIеб ххвелги гьабун чIун йикIана.

– Щиб нужее къваригIун букIараб гьитIинав васасдаса, – ян хъазазде семулеб ххвел гьабулеб букIана Бахтикаца, Аймесейидаги васасдаги рагIизелъун, – лъикI букIинаан нуж доб «рекъаб шайтIаналде» тIаделъаралани, доб цоябги бохги бакъвазе лъикIан досул! ГIабидица кьураб куйги хъвела, кинабго мадугьаллъиги ахIила кваназе, гьеб мехалдагIаги тIасалъугьинел ратила гьал гIадамал дидаса.

– Бахтика, дуца гьел аздагьабазе квен кьолеб щай! Жанавараздасаги вахIшиял руго гури дур гьел! Гьале дир вас чIвазе гьитIинаб жо хутIун буго, – ян, кIванагIан гIодое йиччан байбихьана Аймесейица.

– Квен кьечIони, аз дун кванала гури! Гьал нажасал сабаблъун дун росдалго тушманлъун ккезехъин йиго! ТIагIинарила дица гьал…

– Дун духъе ячIун йикIана дуде семизе, амма семизе лъугьинаро, бокьун буго дудаса тIаса лъугьине. Мун ялагьун йихье дир васасухъ, лъукъ-лъукъун вуго, метер райцентралде больницаялде вачине ккела. Машина дуца балагье. Ришват кьечIого гьенир ругел тохтурзаби дир васасухъ ралагьизе гьечIо. Дур хъазазул иш бугилан дица абуни, гьез милиция ахIизе бегьула. Милиция ахIани, дуе жеги хираго чIела гьеб. Васасул бидуца белъараб ретIел гьезда бихьизего тезе бегьиларо, лъаралъе рехизе ккела.

Аймесихъги гIенеккун щиб абилебали лъаларого юцIцIухIун чIун йикIана Бахтика. Гьелъ цин пикру гьабуна, хъаз Халидида тIад речIчIараб гIадин, жийги Аймесейида тIад речIчIизе кколей йикIанилан, цинги хехго гьеб пикру ботIролъа нахъе гъуна, щай гурелъул, гьеб мехалда Аймесейица милиция ахIизе букIана…

– Аймисей, дица чIван-кванан гьечIоха дур вас, – ан рикIкIадасанго байбихьана сихIирай Бахтикаца.

– Дур хъаз речIчIун буго дир васасда!

– Киналъулго гIайибияв вуго «рекъаб шайтIан», гьеб дудаги цIакъ лъикI лъалеб батила.

– Дуца бицунеб щиб, Бахтика, ГIабидица кумек гьабичIебани гьалаглъараб хъазица чIван рехилаан гури дир вас!

– ТIасалъугьа, яц, дидаса мун, хъазалги тIагIинарила, амма гьадав почтальонасдаса дица къисас босилебха! Дун рихарай йиго досие! БихьичIищ дуда дос гьабураб жо, кин дун гьанже гIадамазда цее яккулей?

– Кин мун гIадамазда цее яккилеяли гьеб дур иш буго, амма дир къваригIелалги дуца тIуразе ккела, Бахтика, тIурачIони дица милициялда лъазабила, бидул цIураб ретIелги бихьила гьезда.

– «Рекъаб шайтIаналъ» къаси дие куй кьезе ккола, дица гьеб куй дуе кьела, – ан сихIирго тIадеги жубана Бахтикаца.

КIудиязул кIалъаялъухъ гIенеккун вукIарав Халидица эбелалъул квер цIалеб букIана гьениса нахъе ине бокьун, гьесул берал рукIана азбаралда ругел хъазазда тIад, бихьулеб букIана гьев гьездаса хIинкъун вукIин.

– Балагье мун гьанжеги дир васасухъ, – ян абуна Аймесейица, – хIинкъун холев вуго дур хъазал рихьидал. Дуца щай почтальонасда гIайибал чIвалел, гьес гурищ дир вас хвасар гьавурав! ГIабидица кьураб куй дие къваригIун гьечIо, нижерги руго гIиял.

– Дур васасдаги бугебха гIайиб, – ан нахъойги сихIирго гьезухъ ялагьун чIана Бахтика.

– Щиб гIайиб дир васасда бугеб?

– Щайгурелъул, гьесухъ кодоб цIурачедалъул мочIу букIинчIебани, дир хъазал гьесде тIаделъизе рукIинчIо.

– Дир васасда тIадги речIчIун, хъазица кванан буго гьеб мочIу.

– Лъида гьеб бихьараб? НугIзал ругищ?

– ГьабсагIат дида лъаларо лъида бихьарабали, амма дица гьел нугIзал ралагьила, – ян кутакалда ццидахана Аймисей.

– Дуда ракIалде ккараб милициялъ ришват босулариланищ?

– Уха, уха, – ян дагьалъ гIодое йиччана Аймисей, – дораги ругелъул хIалихьатал чагIи.

– Дие ГIабидица кьолеб куй метерго дур азбаралда букIине буго. Вассалам-вакалам!

Гьеб лахIзаталда азбаралде лъугьун ячIана Халидил кIодо ХIажи-Бика. Гьей Халидида къвалги бан гIодана.

– Дир хирад, – ан абуна гьелъ Халидида, – нижер рокъоб магIида бан буго бегIераб ханжар, дие бокьун гьечIо рагIизе дир Халид цо кинабалиго лъалареб хъазалдаса хIинкъун вугилан, метерго кьела дица дуе доб ханжар, нахъойги хъаз аскIобе къани, къотIун рехе гьелъул бетIер!

– КIудабаба, мун кватIана, ГIабид-дацица къотIун рехана хъазил бетIер, – ян абуна рази-ракиго Халидица.

– Дица цояб хIатIида тIад дирго хIетIеги чIун, тIун рехила хIалихьатав ГIабидил цояб хIетIе! – ан ахIдана Бахтица.

– Дуца дурго гьал баракат гьечIел хъазал тIагIинаре! – ян хичана гьелде данде кIодо, – росдалго жамагIат рази гьечIого буго дуда.

Нахъисеб къоялъ Халидил рокъоб байрам букIана. ГIабидица Бахтикае кьураб ва Бахтикаца Халидие кьураб куй хъун букIана. Гьенир рукIана рекъав ГIабидги Бахтикаги. Гьел кIиялго рекъезаризе маслихIаталъе вачIун вукIана росдал бетIер михъич ГIусманги мадугьалзабиги. Гьениб Халидил кIодоца кочIодалъун ахIана:

**Росдал лъимал хIинкъараб,**
**Хъачагълъун жиб букIараб,**
**Бахтикал хъаз хун буго,**
**Алжан щваги гьелъие.**
**Гьанире ракIарарал**
**Киназего баркала,**
**Хасго почтальонасул**
**ГIи-боцIи гIемерлъаги!**

Бахтикаца хъазал тIагIинаруралго, нижер росдал гIадамалги лъималги гIодоре риччана, рагIулеб букIинчIо дагIба-хабараги, ахIи-хIур, хьандейги. Зодихъ бакъцин батIаго кенчIана.

*Буссинабуна*
***ПатIимат ГIАБДУРАХIМАНОВАЛЪ.***

---

# “Эркенаб годекIан” магIарулазул хъвахъдарухъабазул дандеруссин







Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацІцІадаб магІарул мацІ,*
*МагІнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гІадат, гІамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

